Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

N. ISMATOVA, O. KARIMOVA

# MÁMLEKET HÁM HUQÍQ TIYKARLARÍ

*Orta ulıwma bilim beriw mekteplerinin̍ 11-klasları hám orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw mákemeleri ushın sabaqlıq*

*1-basılım*

*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan*

Tashkent
«Yangiyul Poligraph Service»
2018

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UOK: 340.12(575.1)(075.3)
KBK: 67.0(5O‘)
D 14 Ismatova Nargiza.
Mámleket hám huqıq tiykarları: Orta ulıwma bilim beriw mekteplerinıń 11-klasları hám orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw mákemeleri ushın sabaqlıq / N. Ismatova, O. Karimova – Birinshi basılım. – Yangiyul Poligraph Service, 2018. – 144 b.

**UOK: 340.12(575.1)(075.3)**
**ISBN 978-9943-5245-9-0** **KBK: 67.0(5O‘)ya72**

**Juwaplı redaktorlar:**
M. Baratov — A. Avloniy atındaǵı XTTRMXQTMOI professorı, yuridika ilimleriniń doktorı;
B. Malikova — yuridika ilimleriniń doktorı, professor

**Pikir bildiriwshiler:**
B. Axrorov — TMYU professorı, yuridika ilimleriniń doktorı;
H. Tojiboyev — Tashkent qalası Yakkasaray rayonındaǵı 144-mekteptiń «Mámleket hám huqıq» páni muǵallimi;
H. Tuychiyeva — TIU «Ruwxıylıq hám huqıq» kafedrası baslıǵı, yuridika ilimleri kandidatı, docent.

**Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.**

© N. Ismatova, O. Karimova, 2018.
© «Yangiyul Poligraph Service», 2018.
Qaraqalpaqshaǵa awdarma
© «Bilim» baspası, 2018

ISBN 978-9943-5245-9-0

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# Kirisiw

Huqıqıy sana hám mádeniyattı jánede kóteriw boyınsha bilimlendiriw sistemasında áhmiyetli wazıypalar ámelge asırılmaqta. Olardan biri usı tarawǵa tiyisli sabaqlıqlardıń jańa áwladın jaratıwda bilimlendiriw texnologiyalarınıń nátiyjeli usıllarınan paydalanıw máselesi bolıp tabıladı. Sabaqlıqta berilgen soraw hám tapsırmalar, qosımsha maǵlıwmatlar, huqıqıy másele(kazus)ler, atamalardıń túsindirmesi, tariyxtan kórinisler mine usı huqıqıy bilimlendiriw tarawındaǵı bilimlerińizdi jánede bayıtıwǵa, huqıqıy sana-sezimińizdi keńeytiwge xızmet etiwge qaratılǵan. Bul taraw sonday taraw, jámiyet rawajlanǵan sayın nızamlar da jetilisip baradı. Sonlıqtan da Siz tek sabaqlıqta berilgen maǵlıwmatlar menen sheklenip qalmastan www.lex.uz saytı arqalı nızamshılıqtaǵı ózgerislerdi baqlap barsańız, dúnyaqarasıńız jánede keńeyedi, bul tarawda jánede kóbirek bilimlerge iye bolasız.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 24 jıllıǵına arnalǵan bayram ilajında Prezidentimiz Shavkat Mirziyoev bul máselege ayrıqsha dıqqat qaratıp, nızam ústemligin támiyinlewde huqıqıy mádeniyattı arttırıw puqaralardı nızamǵa húrmet ruwxında tárbiyalaw ayrıqsha áhmiyetke iye ekenligin aytıp ótti.

Aziz oqıwshı!

Qolıńızdaǵı sabaqlıq tómengi klasslarda alǵan bilimlerińizdi dawam ettiredi hám tolıqtıradı, huqıqıy bilimlerińizdi keńeytedi. Mádeniyatqa iye bolıw bolsa ózińizdiń qolıńızda.

Nızamlardı bilmegen adam búgingi kúnde óz huqıq hám minnetlemelerin bilmeydi. Ol turmısta qandayda bir qıyın jaǵdayǵa túsip qalǵanda, jaǵdaydan qalay shıǵıp ketiwdi, mashqalanı qalay sheshiwdi bilmey, qorǵawsız bolıp qalıwı múmkin. Bir danıshpan «Eń jaqsı erkinlik — bul nızamlarǵa ǵárezli bolıw», degen eken. Sebebi, nızam ústemligi mámlekette tınıshlıq-turaqlılıq, erkinlik hám demokratiyalıq principler húkim súriwiniń kepili bolıp tabıladı.

Bul tarawdaǵı bilimlerińizdi bekkemlewde, hám joqarı ádep-ikramlılıq qádiriyatlar menen birge huqıqıy mádeniyatqa iye bolıwda sizlerge tabıslar tileymiz.

*Avtorlar.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KIRISIW

## 1-§ Ózbekstan Respublikası Konstituciyası mámlekettiń huqıqıy negizi

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**



- Ózbekstan Respublikası Konstituciyası mámlekettiń huqıqıy negizi.
- Ózbekstan Respublikası Konstituciyası insan huqıqların ámelge asırıwdıń huqıqıy negizi.

### Ózbekstan Respublikası Konstituciyası mámlekettiń huqıqıy negizi

Mámleketlerdiń ishki basqarıwı erkinligi, suvereniteti onıń konstituciyası menen tártiplestiriledi. Bul bolsa mámleket hákimiyatınıń konstituciya menen sheklengenligin, tártipke salınıwın da ańlatadı.

Huqıqıy demokratiyalıq mámleket hám puqaralıq jámiyetinde konstituciya mámleketlik hákimiyat penen insan arasındağı óz ara qatnaslardıń nızamlı kriteriyasın, huqıqıy qatnasın ornatıwshı tiykarğı qural bolıp tabıladı.

Konstituciyada insan, onıń ómiri, erkinligi, abırayı, qádir-qımbatı hám basqa qol qatılmas huqıqları joqarı qadiriyat dep tán alınadı. Demorkatiyalıq huqıq hám erkinlikler konstituciya hám nızamlar menen qorğaladı. Óz náwbetinde mámleketlik organlar hám lawazımlı shaxslar puqaralar aldında juwapkerli boladı. Bunday konstituciyalıq qağıydalar mazmunına insan hám puqaralar huqıqları hám de erkinlikleriniń ústinligi principi kelip shığadı. Demek, Ózbekstan Respublikası

**Dóretiwshilik jumıs**



*Mámleket hákimiyatı mekemeleriniń tolıq huqıqlığı, háreket sheńberi insan hám puqaralardıń huqıq hám erkinlikleri kólemi menen sheklenedi.* Bul pikirdi Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 2,13 hám 14-statyalarında bayan etilgen qağıydalardı óz ara baylanıstırıp analizlew arqalı dálillewge háreket etiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Konstituciyası kirisiw bóliminiń tiykarǵı teması insan huqıqları bolıp, xalqımız hám mámleketimiz mine usı máselede óziniń insan huqıqlarına sadıqlıǵın bildiredi.

Konstituciya puqara, jámiyet hám mámleketlik hákimiyat arasındaǵı qatnaslardı belgilewshi ózine tán jámiyetlik shártnamalar bolıp tabıladı. Konstituciya puqaralardıń ulıwma teń huqıqlıǵı, puqara hám mámleket arasındaǵı qatnaslarda óz ara juwapkerli ideyasına tiykarlanadı. Konstituciyalıq qaǵıydalar shaxs hám mámlekettiń óz ara qatnasları qalay qáliplesiwi kerekligi hám bul insan ómirinde qanday áhmiyetke iye ekenligin túsinip alıwǵa járdem beredi. Ózbekstan Respublikası

Konstituciyası shaxs hám mámleket arasındaǵı óz ara qatnaslardıń huqıqıy tártibin belgilep beredi. Usıǵan qaray xalıq, jámiyet, shaxs huqıqı hám mápi birinshi orınǵa qoyıladı. Eger shaxs hám mámleket qatnasıǵında mámleket ornına itibar berilse, mámleket mápiniń mánisi negizinde de insan huqıqı hám erkin qorǵaw jatadı. Biz qurıp atırǵan mámlekettiń insanıylıq hám xalıqshılıq mánisi sonda sáwlelenedi, yaǵnıy mámleket iskerliginiń tiykarǵı maqseti insanǵa xızmet etiw ekenligi tolıq moyınlanadı.

Hárbir mámleket óz aymaǵında ámel etiletuǵın nızamların ózi jaratadı. Demek, nızamlar jámiyettegi belgili bir jámiyetlik qatnasıqlardı tártipke saladı hám xalıqtıń erk-ıqrarın ańlatadı, túrli siyasiy kúshler, jámiyetlik qatlamlar, toparlar mápleriniń óz ara kelisimin támiyinleydi.

Ózbekstan Respublikasında Ózbekstan Respublikası Konstituciyası hám nızamlarınıń ústinligi sózsiz tán alınadı. Mámleket, onıń organları, lawazımlı shaxslar, jámiyetlik birlespeler, puqaralar Konstituciya hám nızamlarǵa muwapıq háreket etedi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 15-statya**

**Dóretiwshilik jumıs**

Tómendegi súwretlerde ańlatılǵan shaxslar hám mámleket arasında qanday qatnaslar bar?








*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Ózbekstan – suverenli demokratiyalıq respublika. Mámlekettiń «Ózbekstan Respublikası» hám «Ózbekstan» degen atamaları teń mánili.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 1-statya**



Ashıwıń kelgende sózlerińe dıqqat et... Úlkenlerden aldın júrme. Birew sóylep atırǵanda qosılıp sóyleme.

**Luqmoni Hakim**

## Ózbekstan Respublikası Konstituciyası insan huqıqların ámelge asırıwdıń huqıqıy negizi

Kostituciyalıq mámleket degende mámleketlik hákimiyat uyımları konstituciyada belgilengen tártip hám principler tiykarında qáliplestiriletuǵın hám konstituciyalıq normalarǵa qatań boysınǵan halda óz xızmetin ámelge asıratuǵın mámleketlik apparat túsiniledi. Konstituciyalıq mámleket — eldiń pútkil aymaǵında hám mámleket iskerliginiń barlıq tarawlarında konstituciyanıń hám onıń negizinde qabıl etilgen nızamlardıń ústinligi támiyinlengen hám oǵan kepillik beretuǵın mámleket. Xalıq suvereniteti óz aldına hákimiyat, yaǵnıy eldiń ishki hám sırtqı siyasatın xalıq atınan mámleket ámelge asırıwın ańlatadı. Mámleketlik hákimiyat xalıqtıń ıqrarınıń jemisi, onı ámelge asırıwshılar xalıq tárepinen, xalıqtıń isenimi arqalı hákimiyat basına keledi hám xızmet júrgizedi.

Konstituciyalıq mámlekette nızam ústinligi principiniń logikalıq dawamı sıpatında jáne eki princip: «Nızam menen qadaǵan etilmegen barlıq nársege ruqsat etiledi» (puqaralar ushın) hám de «Tek nızam menen bekkemlengen nársege ǵana ruqsat etiledi» (mámleketlik organlar hám lawazımlı shaxslar ushın) ámel etedi.

**Birinshi princip** puqaralardıń háreket etiw erkinligi hám imkaniyatların keńeytedi. Nızamda qadaǵan etilmegen hárqanday is-háreketlerdi islew múmkin boladı hám buniń ushın yuridikalıq juwapkershilik kelip shıqpaydı.

**Ekinshi princip**tiń mánisi sonda, bunda mámleketlik organlar hám lawazımlı shaxslar ózleriniń nızamda belgilengen tolıq huqıqlıǵı sheńberinde, olarǵa anıq sáykes túrde háreket etiwi tiyis boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Konstituciyalıq mámlekette hákimiyattıń dúziliwi hám xızmet júrgiziwi konstituciyada bekkemlep qoyıladı. Konstituciyada názerde tutılmaǵan hákimiyat organların dúziw múmkin emes. Konstituciyalıq mámleket, eń dáslep, mámlekettiń huqıq penen bekkem baylanıslıǵı bolıp tabıladı.

Konstituciya insan hám puqaranıń sol hákimiyat tárepinen kepillik berilgen huqıqların bekkemlewdi hám mine usı huqıqlarǵa múnásip túrde mámleketlik hákimiyattı shekleydi. Basqasha aytqanda, Konstituciya — mámleketlik hákimiyattı dúziw hám xızmet júrgiziwshi huqıqıy rásmiylestiriliwi bolıp, bul hákimiyattıń puqaralıq jámiyeti basqa subyektleri menen qatnasın tártipke saladı.

## Soraw hám tapsırmalar

1. «Shaxs — jámiyet — mámleket» qatnasıqlarına mısal keltiriń.
2. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında mámleket ǵárezsizligi, mámleketlik basqarıw, mámlekettiń dúzilis forması hám siyasiy tártip qalay ańlatılǵan? Pikirińizdi dálilleń.
3. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 7-statyasın oqıń. Xalıq hákimiyatshılıǵı degende neni túsinesiz?
4. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında bekkemlengen huqıqlarıńızdı bilesizbe?
5. Olardı tolıq ámelge asırıwda siziń qanday qatnasıǵıńız bar?
6. Insan huqıqları hám wazıypaları arasında qanday qatnas bar bolıwı múmkin?

### Huqıq tariyxınan

Kóplegen ellerde, sonnan Ózbekstanda nızamnıń ústinligi demokratiyalıq konstituciyalıq mámlekettiń tiykarǵı principi bolıp esaplanadı. Bul jerde usı princip, dáslep, konstituciyanıń ústinligin názerde tutadı. Eger nızamdı qollawshı atqarıwshı hákimiyat organı (lawazımlı shaxs) yamasa sud usı nızam konstituciyaǵa qayshı ekenligin anıqlasa, máseleni usı nızam tiykarında emes, al konstituciya tiykarında sheshiwi tiyis.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# I bólim. SHAŃARAQ HUQÍQÍ

## 2-§ Shańaraq jámiyettiń tiykarǵı buwını

**15 may — Xalıq aralıq shańaraq kúni**

Elimizde 1998-jıl «Shańaraq jılı», 2012-jıl bolsa «Bekkem shańaraq jılı» dep járiyalandı.



Shańaraq jámiyettiń tiykarǵı buwını bolıp tabıladı hám de jámiyet hám mámleket tárepinen qorǵaladı.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, 63-statya**



**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Shańaraq huqıqınıń konstituciyalıq negizi.
- Ózbekstan Respublikası. Shańaraq kodeksi.
- Shańaraq haqqındaǵı nızam hújjetleri menen tártipke salınatuǵın qatnasıqlar.
- Shańaraq huqıqınıń subyektleri. Shańaraqlıq qatnasıqlarda puqaralardıń teń huqıqları.

### Shańaraq huqıqınıń konstituciyalıq negizi

Shańaraq — huqıqıy qatnasıqlardıń tiykarǵı deregi Ózbekstan Respublikası Konstituciyası bolıp esaplanadı. Jámiyet hám mámlekettiń shańaraqqa ǵamxorlıǵı jámiyetlik siyasatımızdıń áhmiyetli baǵdarına aylanǵan.

Shańaraq salamat eken — jámiyet bekkem, jámiyet bekkem eken — mámleket turaqlı boladı.

Sonlıqtan da shańaraq jámiyettiń tiykarǵı buwını sıpatında tán alınıp balanıń shaxs sıpatında qáliplesiwi, aldaǵı waqıtta jámiyette óz ornın tabıwı hám de ruwxıy jaqtan jetik insan bolıp jetilisiwinde tiykarǵı fundament bolıp tabıladı.

Xalqımız tariyxına názer taslasaq, eń qádirli dástúrler: hadallıq, ras sóylew, ar-namıs, mehir-múriwbet, miynet súygishlik sıyaqlı barlıq insanıy pazıyletler eń dáslep shańaraqta qáliplesken. Ádepli, bilimli hám aqıllı, miynet súygish, iyman-isenimli perzent tek ata-ananıń emes, al



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

pútkil jámiyettiń de eń úlken baylıǵı bolıp esaplanadı.

Shańaraq qatnasıqlarınıń Ózbekstan Respublikası nızamlarında sáwleleniwi shańaraqtı joqarı ádep-ikramlı-ruwxıy normalar tiykarında bekkemlewdiń ayqın úlgisi bolıp tabıladı.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında Ózbekstan puqaraları balalardı er jetkenge shekem baǵıw hám tárbiyalawǵa májbúrligi, perzentler ata-anaları haqqında ǵamxorlıq etiwi hám olarǵa járdem beriwi shárt ekenligi kórsetip ótilgen.

Perzentler, ata-analarınıń shıǵısı hám puqaralıq halatına qaramastan, nızam aldında teń, analıq hám balalıq mámleket tárepinen qorǵaladı.

## Ózbekstan Respublikası Shańaraq kodeksi

Shańaraqtıń jámiyettegi rolin támiyinlewde onıń huqıqıy qorǵalıwın hám jámiyetlik dárejesin bekkemlewde shańaraq kodeksiniń roli úlken. Ózbekstannıń Shańaraq kodeksi dúnya jámiyetshiliginde ulıwma tán alınǵan huqıqıy normalarǵa tolıq sáykes túrde dúzilgen halda, «shańaraq — jámiyettiń tayanısh strukturası», degen ideyaǵa tiykarlanǵan.

Shańaraq haqqındaǵı nızam hújjetleriniń wazıypası shańaraqtı bekkemlewden, shańaraqlıq qatnasıqlardı óz ara muhabbat, isenim hám húrmet doslıq, bir-birine járdem beriw, shańaraq aldında onıń barlıq aǵzalarınıń juwapkershilik sezimi tiykarında qurıwdan, qandayda bir shaxstıń shańaraq máselelerine óz basımshalıq penen aralasıwına jol qoymawınan, shańaraq aǵzaları óz huqıqların tosqınlıqsız ámelge asırıwın, bul huqıqlardıń qorǵalıwın támiyinlewden ibarat. Shańaraqlıq qatnasıqlardı tártipke salıw er hám hayaldıń qálewi menen neke qurıwı, er hám hayaldıń jeke hám de múlkli teń huqıqlarına tiykarlanadı.

«Eger bir mámleket xalqı ádepsizlik hám ashıw menen shańaraq qatnasıqların ázzillendirip jiberse hám intizamsızlıqqa jol qoysa, sonda bul millettiń baxtı hám jasawı gúman astında qaladı».

**Fitrat**

**Dóretiwshilik jumıs**

1. Tekstti dıqqat penen oqıń hám múnásibetińizdi bildiriń. 2. Teksttegi «Shańaraq qatnasıqların ázzilendirip jiberse» degende neni túsinesiz?
3. Shańaraqtıń bekkemliginde milliy qadiriyatlardıń ornı nede?
4. Shańaraqtaǵı mashqalalardıń jámiyettiń rawajlanıwına tásiri qanday bolıwı múmkin?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Huqıq tariyxınan

Tariyxıy qadiriyatımız bolǵan «Avesto»da hayal adam jeke múlkke iye bolıwınıń huqıqıy tiykarları bar. Hayal adam óz múlkinen qayırqomlıq maqsetlerinde erkin paydalanıwı; sonday-aq, erkin túrde dawager bolıwı hám gúwa sıpatında kórsetpeler beriwi múmkin bolǵan. Neke zorastrizm huqıqı boyınsha oǵan kiriwshilerdiń eki tárepleme qálewiniń nátiyjesi bolıp, tek sonnan keyin ǵana ata-analar hám qáwenderler tárepinen tastıyıqlanǵan.

# Shańaraq haqqındaǵı nızam hújjetleri menen tártipke salınatuǵın qatnasıqlar

Shańaraqlıq-huqıqıy qatnasıqlar degende puqaralar arasında bolatuǵın hám shańaraqlıq huqıqıy normalar menen tártipke salınatuǵın jámiyetlik qatnasıqlar túsiniledi.

Shańaraq huqıqı shańaraq aǵzaları arasındaǵı jeke múlkli bolmaǵan hám múlkli qatnasıqlardı tártipke saladı. Jeke múlkli bolmaǵan qatnasıqlarǵa erli-zayıptıń familiyası, balalar tárbiyası, shańaraq turmısı máselelerin sheshiw, shınıǵıw túri, kásip hám jasaw ornın tańlaw huqıqları kiredi.

Múlkli qatnasıqlar bolsa, er hám hayal adamnıń neke dawamında arttırǵan ulıwma múlkleri, sonday-aq neke dúzilgenge shekem bolajaq erli-zayıptıń ulıwma qarjıları esabınan alınǵan mal-múlkleri, eger nızam yamasa neke shártnamasında basqasha jaǵday názerde tutılmaǵan bolsa, olardıń birgeliktegi ulıwma múlki esaplanadı.

Shańaraqlıq-huqıqıy qatnasıqlar óziniń ayırım belgileri menen puqaralıq-huqıqıy qatnasıqlarǵa uqsaydı. Biraq bul uqsaslıq tek sırtqı kórinisi. Puqaralıq huqıqıy qatnasıqlardıń tiykarın múlkli qatnasıqlar, shańaraqlıq huqıqıy qatnasıqlar tiykarın bolsa múlkli bolmaǵan jeke qatnasıqlar quraydı. Shańaraq huqıqı dáslep jeke qatnasıqlardı tártipke saladı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Puqaralardıń Ózbekstan Respublikası shańaraq nızamlarında názerde tutılǵan huqıqları, erkinlikleri, minnetlemeleri quramına tómendegiler kiredi:

- erli-zayıptıń (jeke hám múlkli) huqıqları hám minnetlemeleri;
- ata-ananıń (jeke hám múlkli) huqıqları hám minnetlemeleri;
- neke dúziwde teń huqıqlar;
- er jetpegen balalardıń (jeke hám múlkli) huqıqları hám minnetlemeleri;
- ata-analar hám balalar, erli-zayıp, ajırasqan erli-zayıp, tuwısqanlar hám basqa shaxslardıń aliment minnetlemeleri;
- nekeniń toqtatılıwı tiykarları;
- erli-zayıplınıń ulıwma mal-múlkke iyelik etiwi, paydalanıw hám onı basqarıw huqıqı;
- neke shártnamasın dúziwde erli-zayıptıń huqıqları hám minnetlemeleri;
- perzentlikke alıw tártibi;
- balanıń huqıq hám mápin qorǵaw boyınsha ata-ananıń huqıq hám minnetlemeleri;
- ata-ananıń balanı tárbiyalaw hám de oǵan bilim beriwge tiyisli huqıq hám minnetlemeleri;

Ózbekstan Respublikasında barlıq puqaralar birdey huqıqlarǵa hám erkinliklerge iye bolıp, jınısına, rasasına, milletine, tiline dinine, sociallıq kelip shıǵıwına, isenimine, jeke hám jámiyetlik ornına qaramastan, nızam aldında teń. Jeńillikler tek nızam menen belgilenip qoyıladı hám sociallıq ádillik principlerine sáykes keliwi tiyis.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 18-statya**



Shańaraq haqqındaǵı nızam hújjetleri neke qurıw, nekeniń toqtatılıwı (toqtawı) hám onı haqıyqıy emes dep tabıw shártlerin hám tártibin belgileydi, shańaraq aǵzaları: erli-zayıp, ata-ana hám balalar (perzentlikke alıwshılar hám perzentlikke alınǵanlar) arasındaǵı, shańaraq haqqındaǵı nızam hújjetlerinde názerde tutılǵan jaǵdaylarda hám kólemde bolsa tuwısqanlar hám de ózge shaxslar arasındaǵı jeke múlkli bolmaǵan hám múlkli qatnasıqlardı tártipke saladı, sonday-aq ata-ana qaramaǵınan ayırılǵan balalardı shańaraqqa alıw forması hám qaǵıydaların, puqaralıq halatı aktlerin jazıw tártibin belgileydi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Shańaraq kodeksi, 5-statya**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Dóretiwshilik jumıs**

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 18-statyasında bekkemlengen qaǵıydanı «Shańaraq qatnasıqlarında puqaralardıń teń huqıqları» teksti menen qanday baylanıslılıq tárepi barlıǵın anıqlań.

- ata-analıq huqıqınan ayırıw tiykarları;
- qáwenderlikke múrájáát etiw huqıqı.

Ata-analıq huqıqınan ayırıw institutı shańaraqlıq huqıqıy qatnasıqlarda ayrıqsha orındı iyeleydi.

Shańaraqlıq huqıqıy qatnasıqlar degende puqaralar arasında bolatuǵın hám shańaraqlıq huqıqıy normalar menen tártipke salınatuǵın jámiyetlik qatnasıqlar túsiniledi.

## Shańaraq huqıqınıń subyektleri

Hárqanday basqa qatnasıqlarda bolǵanı sıyaqlı shańaraqlıq huqıqıy qatnasıqlarda da úsh element: subyekt, subyektiv huqıq hám minnetlemelerdi kóriwińiz múmkin. Shańaraqlıq qatnasıqlardıń subyekti bolıp, erli-zayıp, ata-ana, balalar hám qáwenderler basqa aǵayin-tuwısqanlar hám de shańaraq nızamları tarawında ol yaki bul qatnasıqlardı sheshiwde qatnasıwshı yuridikalıq tárepler, puqaralar shólkemi, mákemeler, organlar, jámiyetlik birlespeler esaplanadı.

Shańaraq aǵzalarına, shańaraqtıń burınǵı aǵzalarına tiyisli nızam menen qorǵalatuǵın ádepikramlılıq hám materiallıq qadiriyatlar boyınsha shańaraq huqıqı subyektleri qabıl etetuǵın háreket hám qararlar shańaraqlıq huqıqıy qatnasıqlardıń obyektleri bolıwı múmkin.

## Shańaraqlıq qatnasıqlarda puqaralardıń teń huqıqlılıǵı

Shańaraqlıq qatnasıqlardı tártipke salıw er hám hayal adamnıń qálewi menen nekelenip dúzgen awqamı, er hám hayaldıń jeke hám de múlkli huqıqlarınıń teńligi, ishki shańaraq máselelerinıń óz ara kelisim jolı menen sheshiliwi, shańaraqta



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

balalar tárbiyalı, olardıń abadan turmıs keshiriwi hám kámili haqqında ǵamxorlıq etiw, er jetilgen hám miynetke jaramsız shańaraq aǵzalarınıń huqıq hám máplerin qorǵaw ústemligi principleri tiykarında ámelge asırıladı.

Barlıq puqaralar shańaraqlıq teń huqıqlarǵa iye boladı. Neke dúziw waqtında jınısı, rasası, milleti, tili, dini, sociallıq kelip shıǵıwı, isenimi, jeke hám jámiyetlik dárejesi, sonday-aq basqa jaǵdaylarǵa qarap, huqıqlardı málim túrde tikkeley yamasa tikkeley emes sheklewge, tikkeley yamasa tikkeley emes abzallıqlar belgilewge hám de shańaraqlıq qatnasıqlarǵa aralasıwǵa jol qoyılmaydı.

Shańaraqlıq qatnasıqlarda puqaralardıń huqıqları tek nızamǵa muwapıq hám tek shańaraqtaǵı basqa aǵzalardıń, sonday-aq ózge puqaralardıń ádebi, abırayı, qádir-qımbatı, salamatlıǵı, huqıqları hám nızam menen qorǵalatuǵın máplerin qorǵaw maqsetinde zárúr normada ǵana shekleniwi múmkin.

## Soraw hám tapsırmalar

1. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında hayal-qızlar hám er adamlar teń huqıqlı ekenligi belgilengen. Shańaraqta teń huqıqlılıq túsinigi qanday qatnasıqlarǵa qarata kóbirek qollanıladı?
2. Shańaraqlıq-huqıqıy qatnasıqlar degende neni túsindińiz? Mısallar keltiriń.
3. Shańaraqlıq-huqıqıy qatnasıqlar menen puqaralıq huqıqıy qatnasıqlardıń bir-birinen parqı nede?
4. Shańaraqlıq-huqıqıy qatnasıqlar subyektlerine mısal keltiriń.
5. Ne ushın shańaraq jámiyettiń tiykarǵı negizi dep ataladı? Pikirińizdi dálilleń.

### Dóretiwshilik jumıs

Berilgen súwretlerden shańaraq qatnasıqlarınıń subyektlerin anıqlań.











*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 3-§ Neke dúziw tártibi hám shártleri

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Neke túsinigi. Neke dúziw tártibi.
- Neke dúziwdiń ıqtıyarlılıǵı. Neke jası. Neke dúziwge tosqınlıq etetuǵın jaǵdaylar. Nekeleniwshilerdi medicinalıq kórikten ótkeriw.

Neke — er adam menen hayaldıń teń huqıqlıǵı, erkin hám ıqtıyarlı awqamı bolıp, ol puqaralıq halatı aktlerin jazıw organlarında dúziledi hám shańaraq qurıw maqsetine xızmet etedi.

## Neke túsinigi. Neke dúziw tártibi

Neke shańaraqtıń payda bolıwı ushın birden-bir tiykar bolıp tabıladı. Neke pitimi adamlarǵa juwapkershilik júkleydi. Sebebi shańaraqta er adamnıń da, hayal adamnıń da óz wazıypası bar, olardan hárbiri óz wazıypasın tolıq orınlawǵa juwapker sanaladı. Neke sebepli jańa shańaraqlar payda boladı.

**Neke dúziw** bul tek kózebasshılıq emes, al onıń mámleket tárepinen belgilenip qoyılıwı yuridikalıq fakt bolıp tabıladı. Tek dizimge alınǵan (jazılǵan) neke yuridikalıq neke dep esaplanadı hám tek ol erli-zayıptıń huqıqların hám minnetlemelerin júzege shıǵaradı. Dizimsiz (jazıwsız) neke haqıyqıy emes.

Neke mámleket hám jámiyet máplerin gózlep, eri, hayalı hám balalardıń jeke hám múlkli





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

huqıqları, sonday-aq máplerin qorǵaw maqsetinde jazıp qoyıladı. Nekeni dizimge alıwda gúwalardıń sanı eki adamnan kem bolmawı kerek.

Tek ǵana diniy úrp-ádetlerge muwapıq dúzilgen neke huqıqıy áhmiyetke iye emes.

## Neke dúziwdiń ıqtıyarlılıǵı. Neke jası. Neke dúziwge tosqınlıq etetuǵın jaǵdaylar

Neke dúziw ıqtıyarlı. Neke dúziw ushın bolajaq erli-zayıp óz razılıǵın erkin bildiriw qábiletine iye bolıwı kerek. Neke dúziwge májbúrlew qadaǵan etiledi. Ámeldegi nızam hújjetlerinde neke jası belgilep qoyılǵan. Nızamǵa muwapıq er adamlar 18 jastan, hayal adamlar bolsa 17 jastan neke dúziwi múmkin.

Puqaralıq nızamlarına muwapıq er jetkenge shekem nızamlı túrde nekeden ótken puqara tolıq kólemdegi qatnas uqıplılıǵına iye boladı. Neke dúziw nátiyjesinde iye bolǵan qatnas uqıplılıǵına 18 jasqa tolmay turıp nekeden ajıratılǵan jaǵdayda da tolıq saqlanıp qaladı. Neke haqıyqıy emes, dep tabılǵanda sud er jetpegen er (hayal) adam sud belgilegen waqıttan baslap tolıq qatnas uqıplılıǵın joytqanlıǵı haqqında qarar qabıl etiwi múmkin.

Neke jasına ámel etpesten nızamǵa qayshı túrde neke qatnasıqlarında bolıw túrli huqıqıy aqıbetlerdi keltirip shıǵarıwı múmkin. Bunday neke haqıyqıy emes dep tabılıp shańaraq nızamlarında belgilengen tiyisli jeke hám múlkli huqıqıy aqıbetlerdi keltirip shıǵarmaydı.

**Nekeniń dúziliwine tosqınlıq etetuǵın jaǵdaylar.**

*a) birewi bolsada dizimge alınǵan basqa nekede turǵan shaxslar arasında;*

Respublikamızda hárbir puqara tek bir nekede bolıwı múmkin. Bir nekelik principi biziń jámiye-



Neke jası er adamlar ushın 18 jas, hayallar ushın 17 jas etip belgilenedi.

Keshirimlik sebepler bolǵanda, ayrıqsha jaǵdaylarda (hámiledarlıq, bala tuwılıwı, er jetpegen shaxstıń tolıq qatnasqa uqıplı dep jáiyalanıwı (emancipaciya), nekege kiriwdi qálewshilerdiń iltiması boyınsha neke mámleketlik dizimnen ótkeriletuǵın jerdegi rayon, qala hákimi neke jasın kóbi menen bir jılǵa kemeytiwi múmkin.

**Ózbekstan Respublikasınıń Shańaraq kodeksi, 15-statya**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Neke jasına jetpegen shaxs penen dúzilgen neke ele neke jasına jetpey nekege kirgen shaxstıń mápleri talap etken jaǵdaylarda haqıyqıy emes dep tabılıwı múmkin.

**Ózbekstan Respublikasınıń Shańaraq kodeksi 51-statya**

timizde bar bolǵan joqarı ádep-ikramlılıq qaǵıydalardan kelip shıǵadı. Bul qaǵıydanıń buzılıwı nekeniń haqıyqıy emes dep tabılıwına tiykar boladı.

*b) urpaqlar (áwladlar) shejiresi boyınsha tuwrı tutasqan aǵayinler arasında, tuwısqan hám ógey aǵa-iniler menen apa-sińliler arasında, sonday-aq perzentlikke alıwshılar menen perzentlikke alınǵanlar arasında;*

Nızam hújjetlerinde jaqın, tuwrı, tikkeley tolıq hám tolıq bolmaǵan aǵayinler túsinikleri bar. Biri basqasınan yamasa ulıwma ata-babadan dúnyaǵa kelgen jaqın aǵayinler bolıp esaplanadı.

Biri basqasınan dúnyaǵa kelgen adamlar, yaǵnıy ata-áke, aqlıq-shawlıq-quwlıq tuwrı aǵayin tuwısqan dep júrgiziledi, aǵa-ini hám apa-sińli jan tuwısqan delinedi. Tolıq aǵayin dep ulıwma áke yamasa anaǵa iye bolıw, tolıq bolmaǵan aǵayin dep túrli áke yamasa anadan tuwılǵan ógey aǵa-iniler hám apa-sińliler túsiniledi. Aǵa-iniler hám de apa-sińliler perzentleriniń óz ara neke dúziwi, sonday-aq balalardı emiziw sebepli kelip shıqqan sút tuwısqanlar, neke qurıwı maqsetke muwapıq emes.

Jaqın tuwısqanlar arasındaǵı nekeni nızamlı jol menen qadaǵan etiw ádep-ikramlılıq qaǵıyda hám de biologiyalıq kózqarasqa, medicina ilimi jetiskenlikleri hám sheshimlerine tiykarlanadı.

Neke jası haqqındaǵı nızam hújjetlerin buzǵan ayıpker shaxslar Ózbekstan Respublikasınıń Hákimshilik juwapkershilik haqqındaǵı $47^{3}$-statyası hám Jınayat kodeksi $125^{1}$-statyasına muwapıq juwapkershilikke tartıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Basqa tuwısqanlar arasında neke dúziw nızam menen qadaǵan etilmeydi. Sonlıqtan qaptal sızıq boyınsha tuwısqan bolǵan, dayı, jiyen, h.t.b. uzaq aǵayinler arasında neke quriw múmkin.

Tuwısqanlıq nekesi sebepli kóbinese ázzi, fizikalıq jaqtan kesel, aqılı kemis, gereń-saqaw, pákene yaki basqa nuqsanlı, mayıp balalar dúnyaǵa keledi. Tuwısqanlar arasında dúzilgen neke hátte perzentsizlikke alıp keliwi itimaldan jıraq eme.

**Birewi ruwxıy buzılıwı (ruwxıy kesel yaki aqılı kemis) sebepli sud tárepinen nekeden ótiwge uqıpsız dep tabılǵan shaxslar arasında neke dúziwge jol qoyılmaydı.**

Bunday shaxslar óz qılmıslarınıń aqıbetine tolıq juwap bere almaydı hám neke dúziwge sanalı túrde óz qálewlerin bildire almaydı. Bul qaǵıyda nekeleniwshilerdiń ıqtıyarı hám óz qálewi boyınsha neke dúziw principinen kelip shıǵadı. Shaxstıń ruwxıy keselligi yamasa aqılı kemisligi sebepli nekeden ótiwge uqıpsız dep tabılıwı puqaralıq halatı aktlerin jazıw organına arza tapsırǵannan keyin, nekeden ótiw múddetine shekem júz bergen bolsa da, nekeden ótiwge tosqınlıq etedi.

### Neke haqqında milliy qadiriyatlardan

Sizler ushın (bul gáp er adamlarǵa aytılıp atır) analarıńız, qızlarıńız, apa-sińlilerińiz ájelerińiz, aǵa-inilerińizdiń qızları, apa-sińlilerińizdiń qızları, emizgen analarıńız, emgen apa-sińlilerińiz, qáynenelerińiz, nekeńizde bolǵan hayallarıńızdı tárbiyańızda bolǵan qızları mine usı sanap ótilgen hayallarǵa úyleniw haram etildi.

**Quran karim Niso súresi 23-ayat**

Kóp hayallı bolıw, yaǵnıy ulıwma úy-ruwzıgershilik tiykarında eki yamasa onnan artıq hayal menen erli-zayıp bolıp jasaw-eń kem aylıq is haqınıń eliw esesinen júz esesine shekemgi muǵdarda járiyma yamasa úsh jılǵa shekem miynetke dúzetiw jumısları yamasa bir jıldan úsh jılǵa shekem azatlıqtan sheklew yaki úsh jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw menen jazalanadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Jınayat kodeksi, 126-statya**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Nekeleniwshi shaxslar mámleketlik densawlıqtı saqlaw sisteması mákemelerinde biypul kórikten ótedi. Medicinalıq kórikten ótiw kólemi hám tártibi Ózbekstan Respublikası Kabineti tárepinen belgilenedi.

**Ózbekstan Respublikası Shańaraq kodeksi, 17-statya**

## Dóretiwshilik jumıs

Aziza kásip-óner kolledjiniń 2-basqıshında oqıydı. Mart ayında ol 17 jasqa toladı. Úyine ayttırıp keliwshi jawshılar da kele basladı. Shańaraqta 80 jastı qaralap qalǵan kempir apası bar. Hár sawshı kelgende «Maǵan seniń toyıńdı kóriw nesip eterme eken? dep óksip qoyadı. Bul gápti esitken Azizanıń ákesi: «Qısınbań, anajan jaz kelip toy beremiz», dep jubatadı. Anası bolsa: «Ele qızımız jas, shańaraq qurıwǵa tayar emes», dep jawshılarǵa juwap berip jiberedi.

1. Bul jaǵdayda qanday jol tutqan maqul?
2. Azizanıń anası: «Ele qızımız jas, shańaraq qurıwǵa tayar emes» degende neni túsindińiz?
3. Sizińshe, adam qashan turmıs qurıwǵa tayın boladı?

## Soraw hám tapsırmalar

1. Shańaraq quratuǵın adam qanday juwapkershiliklerdi moynına alıwı kerek?
2. Shańaraq qurıw ushın nelerge iye bolıw kerek?
3. Tómendegilerden qaysı biri bolmasa da shańaraq qurıw múmkin: materiallıq imkaniyatlar, ruwxıy jaqtan tayar, fizikalıq (biologiyalıq) jaqtan tayar?
4. Sizińshe, shańaraqta turmıstıń qıyınshılıqları kóbirek kimniń moynına túsedi? Pikirińizdi dálilleń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 4-§ Erli-zayıptıń jeke huqıq hám minnetlemeleri

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**



- Erli-zayıptıń huqıq hám minnetlemeleriniń payda bolıwı.
- Shańaraqta er hám hayaldıń teń huqıqları.
- Er hám hayaldıń familiya tańlaw huqıqı.
- Erli-zayıptıń balalar tárbiyası hám shańaraq turmısı máselelerin sheshiwi.





## Erli-zayıptıń huqıq hám minnetlemeleriniń payda bolıwı

Neke puqaralıq halatı aktlerin jazıw organlarında dizimge alınǵan waqıttan baslap nekeni dúzgenler erli-zayıp esaplanadı hám olar arasında erli-zayıplıq huqıq hám minnetlemeleri kelip shıǵadı. Endi olar arasındaǵı qatnaslar ádep-ikramlılıq qaǵıydaları menen ǵana emes, al nızamlar hám huqıqıy qaǵıydalar menen de tár-

**Dóretiwshilik jumıs**



1. Sizińshe, shańaraqta er hám hayaldıń minnetlemeleri teń be?
2. «Shańaraqta hayallarǵa kóbirek huqıq berilgen», degen pikirge qalay qaraysız?
3. «Shańaraqtı basqarıwda er adam ústin bolıwı kerek», «Shańaraqtı tiykarınan er adam támiyinlewi zárúr, hayal adam ózi tapqan qarjını óz mútájligine sarıplasa boladı», «Shańaraqta kim kóp qarjı tapsa, sol basqaradı», sıyaqlı pikirlerge óz kózqarasıńızdı bildiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



tipke salınadı. Bunda hayallar siyasiy jaqtan er adamlar menen teń múlkli máselelerde olar menen teń huqıqlardan paydalanadı hám teńdey minnetlemelerge iye boladı.

## Er hám hayaldıń familiya tańlaw huqıqı

Neke tiykarında eki túrli — jeke hám múlkiy qatnasıqlar kelip shığadı. Jeke qatnasıqlarğa erli-zayıptıń familiya tańlaw huqıqı, balalar tárbiyası hám shańaraq-turmıs máselelerin sheshiw, kásip hám jasaw ornın tańlaw huqıqları kiredi. Bunday jağdaylarda olardıń miyneti hám puqaralıq huqıqı qatnas uqıplılığınıń elementi bolıp, shańaraq huqıqı tarawı esaplanbaydı.

Nekeden ótiw waqtında óz familiyasın ózgertken er (hayal) nekeden ajıratılğannan keyin de usı familiyada qalıwğa haqlı yamasa sud tárepinen nekeden ajıratıw haqqındağı qarar shığarılıp atırğanda onıń qálewi menen oğan shekem bolğan familiyası qaytarılıwı múmkin.

## Erli-zayıptıń balalar tárbiyasındağı qatnası hám turmıslıq máselelerdi sheshiwi

Hárbir bala shańaraqta jasaw hám tárbiyalanıw, óz ata-anasın biliw, olardıń ğamxorlığınan paydalanıw, olar menen birge jasaw huqıqına iye. Ata-ana balanıń tárbiyasına yaki máplerine keri tásir kórsetetuğın háreketlerdi islese, ata-analıq huqıqınan ayırıladı.

Ata-ana balalar tárbiyasına birdey juwapker. Bala óz ata-anası tárepinen tárbiyalanıw, máp kóriw, hár tárepleme jetilisiw, insanıylıq qádir-qımbatı húrmet etiliwi huqıqına iye. Balanıń

Puqaralar shańaraq qatnasıqlarınıń kelip shığatuğın huqıqların óz qálewi boyınsha basqaradı. Shańaraq ağzalarınıń óz huqıqların ámelge asırıw hám de óz minnetlemelerin orınlanıwı shańaraqtıń basqa ağzaları hám ózge shaxslardıń huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı máplerin buzbawı shárt.

**Ózbekstan Respublikasınıń Shańaraq kodeksi, 10-statya**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ata-anası bolmaǵanda yamasa olar ata-analıq huqıqınan ayırılǵanda hám bala ata-ana qaramaǵınan juda bolǵan basqa jaǵdaylarda onıń shańaraqta tárbiyalanıwı huqıqıy qáwenderlik hám organı tárepinen támiyinlenedi. Ata-anası nekesiniń biykar etiliwi yamasa haqıyqıy emes, dep tabılıwı balanıń huqıqlarına tásir etpeydi.

Ata-ana er jetpegen perzentlerdiń nızamlı wákili esaplanadı, sebebi olar óz huqıqı hám minnetlemelerin óz betinshe erkin qorǵay almaydı. Ata-ana tek teń huqıqlı bolıp qalmastan, al balalardı materiallıq jaqtan támiyinlew, fizikalıq, ruwxıy hám ádep-ikramlılıq jaqtan salamat etip tárbiyalaw, olardı erkin turmısqa tayarlaw boyınsha birdey minnetlemege de iye boladı.

Tilekke qarsı, bazıda ata-analar óz minnetlemelerin orınlawdan bas tartadı. Balalarǵa reyimsiz qatnasta boladı, olardı qorlaydı, ishiwshilik yaki náshebentlik zatlardı qabıllawǵa júdá beriledi yamasa basqa ámelleri menen ata-analıq huqıqına paydalanadı. Bunday jaǵdaylar anıqlanǵanday bolsa, olar sud qararına muwapıq ata-analıq huqıqınan ayırıladı. Ata-ana huqıqınan ayırıwǵa tiyisli jumıslar prokuror hám de qáwenderlik organı qatnasında kórip shıǵıladı.

Sud ata-analıq huqıqınan ayırıw haqqındaǵı islerdi kórip shıǵıwda balanı materiallıq jaqtan támiyinlew ushın ata-analıq huqıqınan ayırılǵan ata-anadan (yamasa olardıń birinen) aliment óndiriw haqqında qarar qabıl etedi.

Sud balanıń máplerin esapqa alǵan halda ata-analıq huqıqınan ayırmay turıp, balanı ata-anadan (olardıń birinen) alıw haqqında sheshiwshi qarar shıǵarıwı (ata-analıq huqıqın sheklewi) múmkin.

Neke jası túrli mámleketlerde túrlishe belgilengen. Mısalı, Bolgariyada hár eki jınıs wákillerine de — 18 jas, Angliyada — 16 jas, AQSH ta 16 jastan 21 jasqa shekem, Franciya hám Vengriyada er adamlar ushın — 18 jas, hayallar ushın — 16 jas, Rossiya Federaciyasında belgilengen neke jasın (18) yaki jasqa kemeytiw wákilligi nızamda kórsetilgen tiyisli mekemelerge berilgen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ata-ananıń balalarǵa tálim-tárbiya beriwge tiyisli huqıq hám minnetlemeleri ata-ana óz balaların tárbiyalaw huqıqına iye hám tárbiyalanıwı shárt. Ata-ana óz balalarınıń tárbiyası hám er jetiwi ushın juwapker boladı. Olar óz balalarınıń den sawlıǵı, fizikalıq, ruwxıy hám ádep-ikramlı er jetiwi haqqında ǵamxorlıq etiwi shárt. Ata-ana óz balaların tárbiyalawda basqa barlıq shaxslarǵa qaraǵanda ústem huqıqqa iye.

**Shańaraq kodeksiniń 73-statyasınan**

## Dóretiwshilik jumıs

**1-jaǵday.**

Gúlnaza menen Anvar turmıs qurıw ushın puqaralıq halatların jazıw organına arza berdi. Gúlnaza óziniń familiyasında qalmaqshı boldı. Anvar Gúlnazanı bul pikirinen qaytarıwǵa urındı, biraq Gúlnaza óz pikirinde turıp aldı.

**Soraw:** Gúlnaza turmısqa shıǵıwda óz familiyasında qalıwı múmkin be? Yaki kerisinshe Anvar Gúlnazanıń familiyasın qabıl etiwi múmkin be?

**2-jaǵday.**

Bir jıldan soń olardıń shańaraǵında perzent dúnyaǵa keldi. Olar perzentine atasınıń ismin familiya etip beriwge qarar etti. Endi olardıń shańaraǵında úsh túrli familiya.



**Tapsırma:** Bul jaǵdayǵa nızamlı baha beriń.

## Soraw hám tapsırmalar

1. Erli-zayıptıń huqıq hám minnetlemeleri nelerdi óz ishine aladı?
2. Erli-zayıptıń huqıq hám minnetlemeleri qashannan baslap payda boladı?
3. Ata-ana huqıqınan ayırıwǵa tiyisli isler kimler qatnasında kórip shıǵıladı? Pikirińizdi tiykarlań.
4. Er jetpegen perzentlerdiń nızamlı wákili kimler bolıwı múmkin hám ne ushın?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 5-§ Erli-zayıptıń múlklik huqıq hám minnetlemeleri

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Er hám hayaldıń ulıwma múlki.
- Er hám hayaldıń ulıwma mal-múlkke iyelik etiwi, onnan paydalanıwı hám onı basqarıwı.
- Er hám hayallardan hárbiriniń múlki.
- Er hám hayaldıń jeke paydalanıwındaǵı buyımlar.
- Er hám hayaldıń ulıwma mal-múlkin bóliw.
- Er hám hayaldıń ulıwma mal-múlkin bóliwde úleslerdi anıqlaw.

## Er hám hayaldıń ulıwma múlki

Er hám hayaldıń neke dawamında arttırǵan mal-múlkleri, sonday-aq, nekeden dizimnen ótkenge shekem, bolajaq erli-zayıptıń ulıwma qarjıları esabınan alınǵan mal-múlkleri, eger nızam yamasa neke shártnamasında basqasha halat kórsetilmegen bolsa, olardıń birgeliktegi ulıwma múlki bolıp esaplanadı.







Er hám hayaldıń neke dawamında arttırǵan mal-múlkleri qatarına (er hám hayaldıń ulıwma mal-múlkine) olardan hárbiriniń miynet iskerliginen, isbilermenlik xızmetinen hám intellektual iskerlik nátiyjelerinen arttırǵan dáramatları, olar tárepinen alınǵan pensiyalar, napaqalar, sonday-aq, arnawlı maqsetke qaratılǵan basqa pul tólemleri (materiallıq járdem summası, mayıp bolıw yaki salamatlıǵına basqasha zıyan jetkeriw aqıbetinde miynet qábiletin joytqanlıq múnásibeti menen jetkerilgen zıyandı qaplaw túrinde tólengen summalar h.t.b.) kiredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Er hám hayaldıń jeke paydalanıwındaǵı buyımlar, qımbat bahalı buyımlar hám taǵınshaqlardan basqa jeke paydalanıwdaǵı buyımlar (kiyim-kenshek hám basqa sol sıyaqlılar), neke dawamında er hám hayaldıń ulıwma qarjısı esabınan alınǵan bolsa da, olardan paydalanıp kelgen er hám hayaldıń jeke múlki bolıp esaplanadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Shańaraq kodeksi, 26-statya**

Er hám hayaldıń ulıwma dáramatlar esabınan alınǵan kósher hám kóshpes zatlar, qımbat bahalı qaǵazlar, amanatlar, kredit mákemelerine yamasa basqa kommerciyalıq shólkemlerge kirgizilgen kapitaldaǵı úlesleri, sonday-aq er hám hayaldıń neke dawamında arttırǵan basqa hárqanday mal-múlkleri, olar er hám hayaldıń biriniń atına rásmiylestirilgen yaki pul qarjıları kimniń atına yaki er hám hayaldıń qaysı biri tárepinen kirgizilgen bolıwına qaramastan, olar da er hám hayaldıń ulıwma mal-múlki esaplanadı.

Er hám hayaldan biri úy-ruwzıgershilik jumısların júrgiziw, balalardı tárbiyalaw menen bánt bolǵan yamasa basqa keshirimli sebepler boyınsha erkin is haqı hám basqa dáramatqa iye bolmaǵan jaǵdayda da er hám hayal ulıwma mal-múlkke degen teń huqıqqa iye boladı.

Er hám hayal olardıń birgeliktegi ulıwma múlki bolǵan mal-múlkke iyelik etiw, onnan paydalanıw hám onı basqarıwda teń huqıqlarǵa iye.

## Er hám hayallardan hárbiriniń múlki

Er hám hayallardan nekege shekem ózine tiyisli bolǵan mal-múlki, sonday-aq olardan hárbiriniń neke dawamında sawǵa, miyras túrinde yamasa basqa biypul pitimler tiykarında alǵan mal-múlki olardan hárbiriniń jeke múlki bolıp tabıladı.

Neke dawamında erli-zayıptıń ulıwma múlki, olardan hárbiriniń mal-múlki yamasa er hám hayaldan biriniń miyneti esabınan mal-múlktiń qunı biraz kóbeyiwine alıp kelgen qarjılar (kapital ońlaw, qayta qurıw, qayta úskenelew h.t.b.) qosılǵanı anıqlansa, er yaki hayaldan hárbiriniń mal-múlki olardıń birgeliktegi múlki dep tabılıwı múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Er hám hayaldıń ulıwma mal-múlkin bóliw

Er hám hayaldıń ulıwma mal-múlkin bóliw er hám hayaldan biriniń talabı boyınsha, olar nekede bolǵan dáwirde de, nekeden ayırılǵannan keyin de, sonday-aq kreditor er hám hayaldan biriniń ulıwma mal-múlktegi úlesine óndiriwdi qaratıw ushın ulıwma mal-múlkti bóliw talabı menen arız qılǵan jaǵdaylarda ámelge asırılıwı múmkin.

Er hám hayaldıń ulıwma mal-múlki er hám hayal ortasında óz ara kelisim tiykarında bólip alınıwı múmkin. Er hám hayaldıń qálewi menen olardıń ulıwma mal-múlkti bóliw haqqındaǵı óz ara kelisimi notarial tártipte tastıyıqlanadı.

Kelispewshilik kelip shıqqan jaǵdaylarda er hám hayaldıń ulıwma mal-múlkin bóliw, sonday-aq, er hám hayaldıń bul mal-múlktegi úlesin anıqlaw sud tártibinde ámelge asırıladı.

Shańaraqlıq qatnaslar toqtatılǵanda sud er hám hayal óz aldına jasaǵan dáwirde arttırǵan mal-múlkti olardan hárbiriniń jeke múlki dep tabıwı múmkin. Er jetpegen balalar mútájin qandırıw ushın alınǵan buyımlar (kiyim-kenshek, ayaq-kiyim, mektep hám sport buyımları, muzıka ásbapları, balalar kitapxanası h.t.b.) bólinbeydi hám de balalar er hám hayaldan qaysı biri menen jasasa, oǵan kompensaciyasız beriledi. Er hám hayaldıń ulıwma mal-múlki esabınan ortadaǵı erjetpegen balalar atına qoyılǵan amanatlar sol balalarǵa tiyisli bolıp, erli-zayıptıń ulıwma mal-múlkin bóliw waqtında itibarǵa alınbaydı. Er hám hayaldıń ulıwma mal-múlki olar nekede turǵan dáwirde bólingen jaǵdayda, er hám hayal mal-múlkiniń bólinbey qalǵan bólegi, sonday-aq, er hám hayal tárepinen olar nekede turǵan dáwirinde arttırılǵan mal-múlk keyin ala olardıń birgeliktegi ulıwma múlkin quraydı.

**Huqıq tariyxınan**

Birlesken Milletler Shólkemi Bas Assambleyasınıń 1993-jıl 20-sentyabrde bolıp ótken jıynalısında 1994-jıldan baslap, hár jılı 15-may kúnin Xalıq aralıq Shańaraq kúni sıpatında belgilewge qarar etildi.
Bul qarardı qabıl etiwden maqset barlıq rawajlanıw hám tınıshlıqtı súyiwshi insaniyat dıqqatın adam óz ómirin ótkeretuǵın, óz árman niyetleri, baxtı hám de tınıshlıǵın támiyinleytuǵın mákan — shańaraqtıń bekkem bolıwına qaratıwdan ibarat.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Dóretiwshilik jumıs

M. ómirlik joldası T. menen nekeden ayırıw hám olardıń birgeliktegi mal-múlklerin bólip beriw haqqında dawa arzası menen sudqa múrájáát etedi. M. óz arzasında keltirilgen mal-múlkler dizimi qatarında olarǵa neke toylarına T. nıń ata-anası tárepinen sawǵa etilgen jumsaq mebeller toplamı hám gilem barlıǵın kórsetedi.

Sawǵa shártnaması dúzilmegen bolsa da, T. ata-anası tárepinen toylarına sawǵa etilgen buyımlardı óziniki, dep qarsılıq bildirdi.

Siz ne dep oylaysız, kimniń talabı nızamlı?

Fermer xojalıǵı yaki diyqan xojalıǵı aǵzalarınıń birgeliktegi múlki bolǵan mal-múlkke er hám hayaldıń iyelik etiw, paydalanıw hám basqarıw huqıqları «Fermer xojalıǵı haqqında» hám «Diyqan xojalıǵı haqqında»ǵı nızamlar menen tártipke salınadı.

Nekeden ayırılǵan er hám hayaldıń ulıwma mal-múlkti bóliw haqqındaǵı talapları boyınsha úsh jıllıq dawa múddeti qollanıladı.

Er hám hayaldıń ulıwma mal-múlkin bóliwde hám de olardıń usı mal-múlktegi úleslerin anıqlawda, eger er hám hayal ortasındaǵı neke shártnamasında basqasha jaǵday názerde tutılmaǵan bolsa, er hám hayaldıń úlesleri teń dep esaplanadı.

## Soraw hám tapsırmalar

1. Er hám hayaldıń ulıwma mal-múlki qalay bólinedi?
2. Nekeden ayırılǵan er hám hayaldıń ulıwma mal-múlkti bóliw talaplarınıń dawa múddeti neshe jıldı quraydı?
3. Er hám hayaldıń ulıwma mal-múlki olar nekede bolǵan dáwirde bóliniwi múmkin be? Pikirińizdi dálilleń.
4. Er hám hayaldıń ulıwma mal-múlkinen ortadaǵı er jetpegen balalardıń atına qoyılǵan amanatlar erli-zayıptıń ulıwma mal-múlkin bóliw waqtında itibarǵa alınama?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 6-§ Er hám hayal mal-múlkiniń shártnamalı tártibi

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Neke shártnaması.
- Neke shártnaması forması hám mazmunı.
- Nekeniń toqtatılıw tiykarları.
- Nekeden ayırıw tártibi.







## Neke shártnaması

Neke shártnaması — nekeleniwshi shaxslardıń yaki er hám hayaldıń nekede bolǵan dáwirinde hám (yaki) er hám hayal nekeden ayırılǵan jaǵdayda olardıń múlkiy huqıq hám de minnetlemelerin belgilewshi kelisimi.

Neke shártnaması — er hám hayal múlkiniń shártnamalı rejimi bolıp esaplanadı. Neke shártnaması «kontrakt» — ápiwayı pitim bolıp,

Puqaralıq kodekste názerde tutılǵan tiykarlar boyınsha neke shártnamalarınıń nızamǵa muwapıqlılıǵına qarsılıq bildiriw, neke shártnamasın tolıq yamasa bir bólegin haqıyqıy emes, dep tán alınıwı múmkin. Shártnama shártleri Shańaraq kodeksiniń neke shártnaması mazmunın názerde tutatuǵın 31-statyası talaplarına qayshı bolǵan jaǵdayda, sud erli-zayıptan biriniń talabı, boyınsha neke shártnamasın tolıq yaki bir bólegin haqıyqıy emes, dep tán alınıwı múmkin. Erli-zayıp óz ara nızam menen ruqsat berilgen barlıq múlkiy shártnamalı qatnaslarǵa kirisiw huqıqına iye. Erli-zayıptan biriniń huqıqların sheklep qoyıwǵa qaratılǵan shártnamalar haqıyqıy emes.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Nekeni tiyisli tártipte dúzbesten turıp, erli-zayıp bolıp jasaw olardıń múlkin erli-zayıptıń birgeliktegi ulıwma múlk, dep tabıw ushın tiykar bolmaydı.

sud procesinde bul pitimge muwapıq onı dúzgen shaxslar tárepinen de, basqa mápdar shaxslar tárepinen de qarsılıq bildiriliwi múmkin.

Neke shártnamasında erli-zayıp shańaraq qárejetlerin birgelikte támiyinlew hám ámelge asırıw, bir-biriniń dáramatlarında qatnasıw boyınsha óz huqıqları hám minnetlemelerin belgilep alıw, neke biykar etilgen jaǵdayda erli-zayıptıń hárbirine beriletuǵın múlkti belgilew, sonday-aq, neke shártnamasına erli-zayıptıń múlkiy qatnaslarına tiyisli basqa qaǵıydalardı kirgiziw huqıqına iye.

Neke shártnaması tek jeke ózi dúziliwi múmkin bolǵan pitimler quramına kiredi, shártnama wákiller arqalı dúziliwi múmkin emes.

Neke shártnaması neke biykar etilgennen soń kimge qanday múlk tiyisli ekenligin belgilep beredi. Erli-zayıp ortasında birgelikte arttırılǵan múlk shegaraları belgilenedi, neke biykar etilgennen soń doslıq qatnasları imkaniyatı saqlanıp qaladı.

## Neke shártnamasınıń forması hám mazmunı

Neke shártnaması jazba túrde dúziledi hám notarial tártipte tastıyıqlanıwı tiyis.

### Dóretiwshilik jumıs



*Aziz «Damas» markalı avtomashinanıń satılǵanlıǵın rásmiylestiriw ushın notariusqa bardı. Notarius mashinanıń hújjetleri hám Azizdiń pasportın ashıp kórip, avtomashinanı satıwǵa onıń hayalınıń razılıǵı kerekligin túsindiredi.*

*Aziz: «Bul meniń avtomashinam, meniń atıma alınǵan, óz pulıma alǵanman. Hayalım islemeydi, úyde otıradı», dep túsindiriwine qaramastan, notarius aldı-sattı shártnamasın rásmiylestiriwden bas tarttı.*

Notarius ne ushın shártnamanı rásmiylestirmedi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Er hám hayal neke shártnamasına muwapıq birgeliktegi ulıwma múlktiń nızamda belgilengen tártibin ózgertiwge, er hám hayaldıń barlıq mal-múlkine, onıń ayırım túrlerine yamasa er hám hayaldan hárbiriniń mal-múlkine qarata birgeliktegi, úlesli yaki ayrıqsha iyelik etiw tártibin ornatıwǵa haqlı.

Neke shártnamaları, ádette, mámleket yamasa basqa arnawlı dizimnen ótkeriletuǵın múlklerge qarata dúziledi. Neke shártnamasında jazılmaǵan múlkler boyınsha ulıwma birgeliktegi múlk rejimi saqlanıp qaladı. Neke shártnamasında názerde tutılǵan huqıq hám minnetlemeler belgili bir múddet penen shekleniwi yaki belgili bir sharayattıń kelip shıǵıwın da názerde tutıwı múmkin.

Notarial forma shártnamanıń isenimliligin ańlatadı, táreplerdiń óz ara qatnaslarına anıqlıq kirgizedi, neke shártnaması dúzilgenligi faktı hám onıń mazmunı boyınsha kelispewshilikler kelip shıǵıwı imkaniyatın boldırmaydı. Neke shártnamasın tastıyıqlawdan aldın notarius yuridikalıq faktlerdiń zárúr quramın tekseredi.

Ol táreplerdiń shaxsı, huqıqıy uqıplılıǵı, olardıń birinen ekinshisine ótip atırǵan subyek-

Neke shártnamasın notarial tastıyıqlaw onıń nızamlılıǵına kepillik beredi.

**Huqıq tariyxınan**

Neke shártnaması kóp ásirlerden berli sırt el hám milliy ámeliyatta ámel etip kelmekte. Áyyemgi Rimde bolajaq erli-zayıplardıń mal-múlkine tiyisli pitimler dúzilgen. Shıǵıs hám Batıs Evropa ellerinde XVI — XIX ásirlerde xalıqtıń túrli qatlamları arasında keń tarqalǵan nekeden aldıńǵı kelisimler belgili bolǵan. Erli-zayıp mal-múlkiniń shártnamalı rejimin tártipke salıwshı huqıqıy qural sıpatında jeke kontrakt institutınıń qáliplesiwi XVIII ásirdiń aqırı — XIX ásirdiń dáslepki jıllarında Franciya, Angliya, Germaniya, Avstriya hám basqa mámleketlerde baslanǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Dóretiwshilik jumıs**

Aziza hám Anvar turmıs qurıw dáwirinde neke shártnamasın rásmiylestirmekshi boldı.
Olar neke shártnamasın dúzip atırǵanı haqqında óz kreditorın (kreditorların) xabardar etiwi shártpe?

tiv huqıqlarǵa iye ekenligin anıqlawı tiyis. Gúwalandırılǵan neke shártnaması notarial mekemeniń is hújjetlerinde saqlanıwı da zárúr áhmiyetke iye boladı eger tareplerge berilgen nusqalar joytılsa, olar ózleriniń huqıqların tastıyıqlaw notarial arxivke múrájáát etiwi hám neke shártnamasınıń dublikatın alıwı múmkin.

Er hám hayaldıń mal-múlki huqıqıy tártibin belgileytuǵın neke shártnamasınıń shártleri onıń mazmunın quraydı. Neke shártnaması shártlerinde tareplerdiń nekede hám ol biykar bolǵanda er hám hayal múlkiy qatnaslarınıń áhmiyetli tarepleri boyınsha rejeler belgilenedi. Qaǵıydaǵa muwapıq, neke shártnaması er hám hayaldıń bar bolǵan mal-múlki boyınsha da, endigi bolajaq mal-múlki boyınsha da dúziliwi múmkin. Neke shártnamasında er hám hayal tómendegi wazıypalardı kirgiziwge haqlı:

- óz ara materiallıq járdem beriw;
- shańaraq qárejetlerin bólistiriw;
- bir-biriniń dáramatında qatnasıw;
- basqa shaxslar menen múlkiy shártnamalar dúziw;
- birgelikte isbilermenlik xızmeti menen shuǵıllanıw boyınsha óz huqıq hám minnetlemelerin belgilep alıw;
- nekeden ajıralǵanda er hám hayaldan hár birine beriletuǵın mal-múlkti anıqlap alıw;
- er hám hayaldıń múlkiy qatnaslarına tiyisli basqa qaǵıydalar.

Neke shártnaması erli-zayıptıń kelisimi menen qálegen waqıtta ózgertiliwi yamasa biykar etiliwi múmkin. Neke shártnaması qanday formada dúzilgen bolsa, onıń ózgertiliwi yamasa biykar etiliwi de sonday formada ámelge asırıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Neke shártnamasın orınlawdan bir tárepleme bas tartıwǵa jol qoyılmaydı. Neke shártnaması erli-zayıptan biriniń talabı menen Ózbekstan Respublikası Puqaralıq kodeksinde belgilengen tiykarlar hám tártipte sudtıń sheshiwshi qararı menen ózgertiliwi yamasa biykar etiliwi múmkin.

## Nekeniń toqtatılıw tiykarları. Nekeden ayırıw tártibi

Nızam hújjetlerinde nekeni toqtatıw, biykar etiw hám nekeden ayırıw haqqında normalar bar. Bunda nekeni toqtatıw ulıwma hám keń mánini bildiredi. Nekeniń toqtatılıwı degende málim bir yuridikalıq faktler sebepli erli-zayıp ortasında kelip shıqqan neke huqıqıy qatnaslarınıń toqtawı túsiniledi. Neke toqtatılǵan waqıttan baslap neke shártnamasınıń ámel etiwi de toqtaydı. Eger neke shártnamasında neke toqtatılǵannan keyingi dáwir ushın názerde tutılǵan minnetlemeler kórsetilgen bolsa, olar yuridikalıq kúshin joytpaydı. Ólim yuridikalıq fakt bolıp, erli-zayıp ortasındaǵı neke qatnasın biykar etedi. Erli-zayıptan biri ólgen yamasa sud tártibinde ólgen dep járiyalanǵan jaǵdaylarda olar ortasındaǵı nekeniń huqıqıy qatnası pitedi.

Shańaraq kodeksinde nekeden ajıralıw ushın anıq dáliller kórsetilmegen hám buniń ilajı da joq, sebebi er hám hayal keltirgen dálil ayırım jaǵdaylarda nekeden ayırıw ushın jeterli dep tabılsa, basqa jaǵdaylarda ayırıw ushın tiykar bola almaydı. Sonlıqtan shańaraq kodeksinde nekeden ajıralıwdıń sud elementi tómendegishe belgilengen: «Eger sud er hám hayaldıń bunnan bılay birgelikte jasawına hám shańaraqtı saqlap qalıwǵa imkaniyat joq dep tapsa, olardı nekeden ayıradı».

Shańaraq kodeksiniń 43-statyasına muwapıq, eger erli-zayıptan biri:
— sud tárepinen ruwxıyatı buzılıwı (ruwxıy keselligi aqılı zayıplıǵı) sebepli qatnasqa uqıpsız dep anıqlansa:
islegen jınayatı ushın úsh jıldan kem bolmaǵan múddetke azatlıqtan ayırılǵan bolsa, ortada er jetpegen balaları bar-joqlıǵına qaramastan, erli-zayıptan biriniń arzasına muwapıq olar puqaralıq halatı aktlerin jazıw organlarında nekeden ayırıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Nekeden ayırılıw arza beriwshilerdiń jasaw ornındağı Puqaralıq halatı aktlerin jazıw organına arza berilgen kúnnen baslap úsh ay múddet ótkennen soń belgilenedi.

**Nekeden sud tártibinde ayırıw.** Shańaraq kodeksi nekeden ayırılıwdıń tiykarına qarap, bunıń tómendegi tártibin belgileydi:

1) erli-zayıplar ortasındağı múlkiy kelispewshilikler bar bolğan jağdaylarda (mısalı, mal-múlkti bóliw, erli-zayıplar arasındağı sonday-aq er jetpegen balalarğa materiallıq járdem beriw menen baylanıslı bolğan jağdaylar boyınsha (aliment óndiriw máselesinde) h.t.b.) sud tártibinde ajıratıladı;

2) kelispewshilik bolmağan jağdayda, atap aytqanda, eger:

a) erli-zayıp ortasında er jetpegen perzentleri bolmasa hám olar ajıralıwğa óz ara ırazı bolğan;

b) tárepler (er yaki hayal) sud tárepinen biydárek joğalğan, ruwxıy keselligi yaki aqılı kemisligi sebepli nekeden ótiwge uqıpsız dep tabılğan;

d) shańaraq kodeksiniń 42—43 statyalarında belgilengenindey, islegen jınayatı ushın er yaki

## Dóretiwshilik jumıs

*Z. hám A. erte turmıs qurdı. Nekege kirisiw waqtında ekewi 17 jasta bolğan. Z .16 jasınan emansipaciyağa iye bolıp, isbilermenlik penen shuğıllanıp keler edi. Sol sebepli Z. nekege kirisiw waqtında A. ğa neke shártnamasın dúziwdi usınıs etti.*



*Er hám hayal neke shártnamasın dúziw hám onı rásmiylestiriw maqsetinde notarial mekemesine múrájáát etkende, notarius olardıń ele er jetpegenliklerin, notarial tastıyıqlanğan pitim dúziw ushın, olar ele jas ekenligin, jáne eki jıldan keyin keliwi múmkinligin aytıp, neke shártnamasın notarial tastıyıqlawdan bas tarttı.*

**Notariustıń háreketleri durıs pa?**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

hayalı úsh jıldan kem bolmaǵan múddetke azatlıqtan ayırılǵan jaǵdayda hákimshilik tártipte (PHAJ organı arqalı) ajıratıladı.

**Puqaralıq halatı aktlerin jazıw organlarında nekeden ayırıw.** Nekeden ajıralıwdıń sud penen birge hákimshilik tártibi bar. Bul tártip erli-zayıptıń qatnasların biykar etiwdiń derlik ápiwayı hám ápiwayılastırılǵan tártibi bolıp tabıladı. Bunda neke puqaralıq halatı aktlerin jazıw organında ajıratıladı hám sud procesi bolmaydı.

Nekeden ayırıw haqqındaǵı arzanı qabıllap alǵan puqaralıq halatı aktlerin jazıw organları arza berilgen kúnnen úsh ay ótkennen soń ajıralıwdı rásmiylestiredi hám olarǵa nekeden ajıralıw haqqındaǵı gúwalıqtı beredi. Úsh aylıq múddet erli-zayıptıń jarasıp ketiwi ushın imkaniyat jaratıw maqsetinde belgilenedi. Usı waqıttan baslap neke toqtatılǵan esaplanadı hám burınǵı erli-zayıp qayta nekeden ótiw huqıqın aladı.







## Soraw hám tapsırmalar

1. Neke shártnamasın puqaralıq huqıqındaǵı basqa shártnamalar menen salıstırıń hám neke shártnamasına kirgiziliwi tiyis bolǵan hám de kirgiziliwi múmkin bolmaǵan shártlerdiń óz ara ayırmashılıǵın analizleń.
2. Neke shártnamasında neke toqtatılǵannan keyingi dáwir názerde tutılama?
3. Nekeni tiyisli tártipte dizimnen ótkermey turıp, erli-zayıp bolıw múmkinbe?
4. Ne ushın neke shártnaması tek jeke óz aldına dúziliwi zárúr bolǵan pitimler quramına kiredi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# II bólim. JÍNAYAT HUQÍQÍ

## 7-§ Jınayat huqıqınıń maqseti, wazıypası hám principleri



**Dóretiwshilik jumıs**

Ózbekstan Respublikası Konstituciyası hám nızamlarında kepillik berilgen puqaralardıń huqıq hám máplerin, olardıń qorǵalıwı hám ámelge asırılıwı mexanizmin anıqlań. Bul processtiń buzılıwı qanday huqıqıy aqıbetlerge alıp keliwin Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksi tiykarında anıqlap kóriń.



**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Ózbekstan Respublikası Konstituciyası jınayat huqıqınıń tiykarǵı deregi.
- Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksi. Jınayat kodeksiniń wazıypaları hám principleri.

### Ózbekstan Respublikası Konstituciyası jınayat huqıqınıń tiykarǵı deregi

Jınayat hám de konstituciyalıq huqıqlardıń óz ara baylanıslıǵına gúman joq. Jınayat huqıqınıń konstituciyalıq nızam-qaǵıydalar menen óz ara baylanıslıǵı kóp qırlı bolıp, ol Konstituciyada bekkemlep qoyılǵan hám de jınayat nızamınıń tiykarǵı funkcional wazıypaların óz ishine aladı.

Jınayat huqıqı principleri xalıq hákimiyatshılıǵı, nızam ústinligi, sociallıq ádillik, adamgershilik, demokratizm, puqaralar teńligi, ulıwma insanıylıq qadiriyatlar hám de ulıwma tán alınǵan xalıq aralıq huqıq normalarınıń ústinligi hám Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında bekkemlengen basqa sol sıyaqlı principlerge tiykarlanadı.

Ózbekstan Respublikasında jınayat huqıqı principleriniń tiykarın Konstituciyada bekkemlengen nızamlılıq hám puqaralardıń teńligi principi quraydı (Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 14, 15, 18-st). Keyin ala jınayıy juwapkershilik,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jaza tayınlıw hám onı orınlaw, jazadan azat etiw sıyaqlı qaǵıydalardı ózinde jámlestirgen principler sáwlelendirilgen.

Bul sistemaǵa kirgizilgen barlıq principler óz ara teń qunlı, sebebi olardıń hárbiri óz aldına áhmiyetke iye bolıp, mámlekettiń jınayat huqıqına tiyisli siyasatın ámelge asırıw ushın zárúr bolǵan bir qatar wazıypalardı atqaradı.



Jınayat huqıqına tiyisli kórsetpelerdi qollanıw huqıqına iye bolǵan mámleketlik shólkemlerdiń lawazımlı shaxslarına normativ principlerdiń tásiri olardıń jumısında jınayat kodeksinde názerde tutılǵan qaǵıydalardı anıq hám durıs qollanıwdı, Ózbekstan Respublikası Konstituciyası hám nızamlarında kepillik berilgen puqaralardıń huqıq hám máplerine barlıq ilajlar menen ámel etiwdi, óz xızmet wazıypaların orınlawda jeke juwapkershilik hám talapshańlıq sezimlerin arttırıwdı talap etedi.

Jınayat nızamshılıǵınıń tiykarǵı wazıypaları sıpatında shaxs, onıń huqıq hám erkinlikle-



Jınayat kodeksiniń wazıypaları shaxstı, onıń huqıq hám erkinliklerin, jámiyet hám mámleket máplerin, múlkti, tábiyiy ortalıqtı tınıshlıqtı, adamlar qáwipsizligin jınayıy jawızlıqlardan qorǵaw, sonday-aq jınayatlardıń aldın alıw, puqaralardı respublika Konstituciyası hám nızamlarına boysınıw ruwxında tárbiyalawdan ibarat.

Mine usı wazıypalardı ámelge asırıw ushın kodeks juwapkershiliktiń tiykarları hám principlerin, qanday jámiyetlik qáwipli qılmıslar jınayat ekenligin anıqlaydı, jámiyetlik qáwipli qılmıslar islegen shaxslarǵa qarata qollanılıwı múmkin bolǵan jaza hám basqa huqıqıy tásir sharaların belgileydi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Jınayat kodeksi, 2-statya**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ri, jámiyet hám mámleket mápleri, jeke múlk, tábiyiy ortalıq, tınıshlıq-tatıwlıq hám de adamzat qáwipsizligin jınayıy jawızlıqlardan qorǵaw názerde tutılǵan.

Jınayat nızamlarınıń wazıypaları qatarına jınayatlardıń aldın alıw kiredi. Bul wazıypalar jınayat huqıqına tiyisli qadaǵan etiwden kelip shıǵadı hám de ayırım taypadaǵı shaxslardı jınayat islewden qaytarıwǵa qaratılǵan boladı. Jınayat nızamı wazıypaların orınlaw tómendegiler arqalı ámelge asırıladı: juwapkershilik tiykarları hám principlerin anıqlaw, jınayat taypasına kirgizilgen qılmıslar kólemin anıqlaw, jınayıy jaza sharaların tayınlaw, jazadan tısqarı huqıqıy tásir sharaların tayınlaw h.t.b. Bul wazıypalardı ámelge asırıwda Jınayat kodeksi nızamlılıq, puqaralardıń nızam aldında teńligi, demokratizm, adamgershilik, ádillik, ayıbı ushın juwapkershilik, juwapkershiliktiń belgilengenligi principlerine tiykarlanadı.

Ózbekstan Respublikası Jınayat huqıqınıń tiykarǵı principlerine:

- *nızamlılıq* — islengen qılmıstıń jınayılıǵı, jazaǵa tartılıwı hám basqa huqıqıy aqıbetleri tek Jınayat kodeksi menen belgilenedi. Heshkim sud húkimi bolmay turıp jınayat islewde ayıplı dep tabılıwı hám nızamǵa qayshı túrde jazaǵa tartılıwı múmkin emes;
- *puqaralardıń nızam aldında teńligi* — jınayat islegen shaxslardıń jınısı, rasası, milleti, tili, sociallıq kelip shıǵıwı, isenimi, jeke hám jámiyettegi dárejesine qaramastan,birdey huqıq hám minnetlemelerge iye;



Ayıpsızlıq prezumpciyasınıń eki tárepi bar, birinshiden, málim bir jınayat quramın anıqlaw hám shaxstı onı islegenlikte ayıplı dep tabıw nızamǵa muwapıq túrde ámelge asırılıwı shárt hám, ekinshiden, tek sudtıń húkimi menen shaxs ayıplı dep tabılıp, Jınayat kodeksinde kórsetilgen jınayıy juwapkershilikke, jazaǵa yamasa basqa huqıqıy tásir sharalarına tartılıwı múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

- *demokratizm* — jámáátlik birlespeler, puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları yamasa jámáátler jınayat islegen shaxslardıń miynetke dúzetiw jumısına nızamda názerde tutılǵan jaǵdaylarda tartılıwı múmkin;
- adamgershilik, jaza hám basqa huqıqıy tásir sharaları fizikalıq azap beriw yamasa insan qádirin kemsitiw maqsetin gózlemesligi;
- ádillik, jınayat islewde ayıplı bolǵan shaxsqa qarata qollanılatuǵın jaza yaki basqa huqıqıy tásir sharası aqılǵa muwapıq bolıwı, yaǵnıy jınayattıń awır-jeńilligine, ayıptıń hám shaxstıń jámiyetlik qáwiplilik dárejesine muwapıq bolıwı;
- shaxs nızamda belgilengen tártipte ayıbı dálillengen jámiyetlik qáwipli qılmısları ushın ǵana juwapker bolıwı;
- juwapkershiliktiń belgilengenligi qılmısında jınayat quramınıń barlıǵı anıqlanǵan hárbir shaxs juwapkershilikke tartılıwı shárt ekenligi kiredi.

Jınayat huqıqı huqıqtıń basqa tarawlarınan tómendegi tárepleri menen parq qıladı:

***birinshiden,*** jınayat isleniwi múnásibeti menen kelip shıqqan jınayıy huqıqıy qatnasıqlarda, bir tárepinen jámiyet, mámleket, ekinshi tárepinen bolsa jınayat islegen shaxs subyekt boladı;

***ekinshiden,*** jınayıy-huqıqıy norma menen belgilep qoyılǵan qadaǵan etilgenlerdi buzǵanlıǵı ushın sud mámleket atınan belgilengen jınayıy jazanı tayınlaydı.

Jınayıy huqıq normaları óz mazmunı boyınsha eki bólimge bólinedi. Olardan biri jınayat huqıqınıń ulıwma ornın, tártip hám qaǵıydaların belgilep beredi. Ekinshisi bolsa anıq jınayatlar belgi-

**Dóretiwshilik jumıs**

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń qaysı statyalarında: «Heshkim sud húkimisiz hám nızamǵa muwapıq bolmaǵan halda jınayat islewde ayıpker dep tabılıwı hám jınayıy jazaǵa tartılıwı múmkin emes» dep jazılǵan? Bul statyanıń ayıpsızlıq prezumpciyası menen qanday baylanısı bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### Huqıq tariyxınan

Ózbekstan Respublikası Jınayat nızamları kodifikaciyalanǵan bolıp, Ózbekstan Respublikasınıń tiykarǵı jınayat nızamı 1994-jıl 22-sentyabrde qabıl etilgen hám de 1995-jıl 1-yanvardan kúshke kirgen Jınayat kodeksi bolıp esaplanadı.

lerin táriyiplep, bul jınayatlardı islegen shaxslarǵa qarata qollanılatuǵın jazalardı anıqlaydı. Birinshi normalar jınayat huqıqınıń ulıwma bólimin, ekinshi normalar bolsa arnawlı bólimin quraydı.

Jınayat huqıqında jınayıy qılmıstı anıqlaw da áhmiyetli rol oynaydı. Jınayıy qılmıs — bul jınayat nızamları menen qorǵalatuǵın jámiyetlik qatnasıqlarǵa qáwip salıwshı jámiyetke qarsı hám insan ádep-ikramlılıq qaǵıydalarınan shetke shıǵıwshı háreket. Jınayıy qılmıs óziniń obyektiv qásiyetlerine qaray jámiyet ushın qáwipli háreket yamasa háreketsizlik, subyektiv qásiyetleri boyınsha bolsa hámiyshe málim bir maqset hám sebeplerge qaray islengen ayıplı ámel bolıp esaplanadı.

Jınayat nızamı menen qorǵalatuǵın hárqanday jámiyetlik qatnasıqlar jámiyettiń obyekti bolıp tabıladı. Hárqanday sanalı túrde basqarılǵan qılmıs ishki hám sırtqı mánisten ibarat bolıp, onıń ishki mánisi subyektiv tárepi, sırtqı mánisi bolsa obyektiv tárepi dep ataladı. Jınayattıń obyektiv tárepi jámiyetlik qáwipli qılmıstıń sırtqı tárepi sıpatında jınayattıń qalay islengenligin anıqlaydı.

### Soraw hám tapsırmalar

1. Ayıpsızlıq prezumpciyası degen ne? Pikirińizdi dálilleń.
2. Ózbekstan Respublikası Jınayat huqıqınıń tiykarǵı principlerin túsindiriń.
3. Jınayat nızam hújjetleriniń tiykarǵı wazıypaları neden ibarat?
4. Jınayıy huqıq normaları óz mazmunı boyınsha neshe bólimge bólinedi hám olardıń wazıypaları nelerden ibarat?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 8-§ Jınayat belgileri

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Jınayat belgileri. Ayıp, ayıptıń túrleri, qastıyanlıq.
- Qılmıstı boldırmaytuǵın jaǵdaylar.
- Abaysızlıq aqıbetinde jınayat islew hám onıń aqıbetleri.







Jınayat basqa nızambuzarlıqlardan ózine tán tárepleri menen ayırılıp turadı. Bul qılmıstıń jámiyetlik qáwipliligi bolıp esaplanadı. Sebebi jınayat nátiyjesinde jámiyet hám shaxs ushın hám materiallıq, hám ruwxıy zıyan jetkeriledi. Sonlıqtan jınayattıń jámiyetlik qáwiplilik dárejesi jınayıy aqıbette sáwlelenedi.

Jınayattıń nızamǵa qarsılıǵı onıń yuridikalıq huqıqıy belgisi bolıp tabıladı. Bunnan tısqarı, jınayat islegen shaxstıń ayıplı dep tabılıw jınayattıń áhmiyetli belgilerinen biri. Sonda ǵana, oǵan

**Dóretiwshilik jumıs**

8-klasta «Ózbekstan mámleketi hám huqıq tiykarları» páninen alǵan bilimlerińizge súyenip, tómendegi sorawlarǵa juwap beriń.

1. Jınayat degen ne? Huqıqbuzarlıqtıń jınayattan parqı nede?
2. Tómendegi waqıyalardan qaysı biri jınayat bolıwı múmkin?
   *A. 9-klass oqıwshısı A. turaqlı túrde sabaq qaldırıp kelgeni ushın onıń ata-anası juwapkershilikke tartıldı.*
   *B. Z. isimli 7-klass oqıwshısı qońsı háwlide urlıq islenip atırǵanlıǵın bilse de, bul haqqında heshkimge xabar bermedi.*
   *C. K. isimli puqara pataslawshı zatlardı eki sheleklep alıp shıǵıp, úyiniń aldınan aǵıp turǵan kanalǵa tógip jiberdi.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jınayat kodeksine muwapıq usı kodeks penen qadaǵan etilgen, ayıplı jámiyetlik qáwipli qılmıs (háreket yamasa háreketsizlik) jaza qollanıw qáwpi menen jınayat dep tabıladı, dep táriyiplengen.

qarata jınayıy jaza qollanıladı. Jámiyetlik qáwipli qılmıs tek nızamda kórsetilgen jınayat belgileri bar bolǵan jaǵdayda, yaǵnıy onıń quramı anıqlanǵanda jınayat tabıladı.

Jınayat quramı jınayat haqqındaǵı nızamlarda anıq bir jámiyetlik qáwipli jınayat dep táriyiplewshi eń kem hám jeterli obyektiv hám subyektiv belgiler jıyıntıǵı bolıp esaplanadı. Jınayat quramınıń obyektiv hám subyektiv belgileri arasında óz ara tıǵız baylanısı bar.

Jınayat quramı dúzilisi boyınsha tórt elementten ibarat: obyekt, obyektiv tárep, subyekt hám subyektiv tárep.

Obyektiv, yaǵnıy sırtqı belgiler jınayattıń obyekti hám obyektiv tárepin táriyipleydi.

Subyektiv (ishki) belgiler jınayattıń subyekti hám subyektiv tárepin anıqlaydı.

Hárbir belgi basqaları menen birge boladı hám ajıralmas bir pútinliginiń zárúr bólimin quraydı.

**Jınayat quramınıń birinshi elementi** jınayat obyekti bolıp tabıladı. Bul jınayat nızamı menen qorǵalatuǵın jámiyetlik qatnasıqlar bolıp, jınayıy

## Dóretiwshilik jumıs

*1. Qashqadárya wálayatı Qarshı qalası Xamrax kóshesi 4-jay aldında turǵan «Vagon Depo» AJ ne qaraslı «Damas» markalı avtomobilde elektr sımlardıń qısqa tutasıwı nátiyjesinde órt kelip shıqtı. Órt nátiyjesinde avtomobil pútkilley janıp ketti. Órt óshiriw waqtında avtomobil aydawshısı J.S.nıń denesi kúyip, emlewxanaǵa jaylastırıldı.*

*2. Ándijan wálayatınıń Xojabad rayonında jasawshı A.N.nıń ashıq qalǵan esigi arqalı úyine námálim shaxslar kirip, 25.000.000. sum pulın urlap ketti.*

Bul jaǵdaylarda jınayat belgileri barma? Pikirińizdi joqarıda jınayatqa berilgen táriyipleme tiykarında túsindiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

basqınshılıqlar solarǵa qaratıladı. Bilqastan adam óltiriwde jınayat obyekti basqa shaxstıń ómiri, urlıqta bolsa ózgeler múlki boladı h.t.b.

**Jınayat quramınıń ekinshi elementi** jınayattıń obyektiv tárepi bolıp tabıladı. Jınayattıń obyektiv tárepin qorshaǵan ortalıqta málim bir ózgeriske alıp keletuǵın hám sebep bolatuǵın shaxstıń aqılıy hám jigerli is-háreketi quraydı. Bul elementtiń zárúr belgisi qılmıs (háreket yaki háreketsizlik) bolıp esaplanadı. Qılmıs arqalı jınayat islenedi.

**Jınayat quramınıń úshinshi elementi** jınayat subyekti, yaǵnıy jınayat islegen fizikalıq shaxs bolıp tabıladı. Jınayat subyekti tek qılmıs ushın juwap bere alatuǵın, yaǵnıy jınayat haqqındaǵı nızamlarda kórsetilgen belgili bir jasqa jetken hám aqılı pútin shaxs bolıwı múmkin.

**Jınayat quramınıń tórtinshi elementi** jınayattıń subyektiv tárepi bolıp tabıladı. Jınayattıń subyektiv tárepi shaxstıń islep atırǵan jınayatına qarata ruwxıy qatnası bolıp tabıladı. Subyektiv tárep belgilerine ayıp, motiv hám maqset kiredi.

Jınayat quramı dep tabılıwı ushın kórsetip ótilgen tórt elementtiń barlıǵı bar bolıwı shárt.



Jınayat — jazaǵa ılayıq qılmıs. Soǵan qarap, qılmıstıń jınayat sıpatındaǵı eń áhmiyetli belgisi onıń jazaǵa ılayıqlıǵı bolıp tabıladı. Jınayat basqa huqıqbuzarlıqlardan tómendegi belgileri menen parqlanadı:
1) obyekti;
2) jámiyetlik qáwiplilik dárejesi hám qásiyeti;
3) nızamsızlıq kórinisi.

### Huqıq tariyxınan



«Jınayat» túsinigi dáslep Batıs Evropa elleriniń jınayat haqqındaǵı nızam hújjetlerinde berilgen. Bul túsinik birinshi márte Franciyanıń 1791-jıldaǵı kodeksinde ushırasadı.

Jınayat huqıqı tariyxında jınayatqa sıpatlamanı birinshi márte 1919-jılı Rossiya nızam tanıwshıları bergen: «Jınayat-jınayat huqıqı menen qorǵalatuǵın jámiyetlik qatnasıqlar tártibiniń buzılıwı bolıp tabıladı».



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Barlıq jınayatlardıń ulıwma obyekti jınayat nızamı menen qorǵalatuǵın jámiyetlik qatnasıqlardıń ulıwma jıyındısınan ibarat. Ulıwma obyekt barlıq jınayatlar ushın bir, sebebi hár qanday jınayat ol yaki bul jámiyetlik qatnaslarǵa zıyan jetkeredi.

Ulıwma jınayat quramında barlıq belgiler tiykarǵı hám fakultativ belgilerge ajıratıladı.

Jınayattıń subyektiv tárepi tek ayıptıń túrleri, yaǵnıy qastıyanlıq hám abaysızlıq penen sheklenip qalmaydı, ol óz ishine motiv hám maqsetlerdi de aladı. Biraq subyektiv tárepti ń ajıralmas belgileri bolǵan qastıyanlıq hám abaysızlıqtan parqlı túrde, motiv hám maqset ekinshi dárejeli belgilerge kiredi.

Jınayat islegen shaxs óz qılmısınıń jámiyetlik qáwiplilik qásiyetlerin ańlap jetken hám soǵan qaramastan, onı islewdi qálegen bolsa, bunday jınayat bilqastan islengen dep tabıladı.

Jınayat nızamshılıǵında tikkeley yaki tikkeley emes qastıyanlıq degen túsinikler bar. Shaxs óz qılmısınıń jámiyetlik qáwipli qásiyetin ańlaǵan, onıń aqıbetlerine kózi jetken hám olardıń júz beriwinen bas tartpaǵan bolsa, bunday jınayat tikkeley bilqastan islengen delinedi.

Eger shaxs óz qılmısınıń jámiyetlik qáwipli qásiyetin ańlaǵan, onıń aqıbetlerine kózi jetken hám olardıń júz beriwine sanalı túrde jol qoyǵan bolsa, bunday jınayat tikkeley emes islengen dep tabıladı. Óz-ózinen isenim yaki biypárwalıq

## Dóretiwshilik jumıs

**Tómendegi jaǵdayda jınayat obyektin anıqlań.**

Tashkent wálayatınıń Tashkent rayonı «Kókterek» awıl puqaralar jıyını aymaǵındaǵı úylerdiń birine júzine nıqap kiygen námálim shaxs bastırıp kirdi. Sol waqıtta úyde jalǵız bolǵan úy iyesiniń qızın pıshaq penen qorqıtıp, 300 AQSh dolları hám eki túrli zergerlik buyımların alıp ketti. Alıp barılǵan operativ ilajlar nátiyjesinde, bul basqınshılıq jınayatın islegen 1994-jılı tuwılǵan A.N. qolǵa alındı. Oǵan qarata Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 164-statyası 3-bólimi menen jınayat isi qozǵatıldı.

*Ózbekstan Respublikası IIM Baspasóz xızmeti*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

aqıbetinde islengen jámiyetlik qáwipli qılmıs abaysızlıq sebepli islengen jınayat dep tabıladı.

Qılmısta Jınayat kodeksinde názerde tutılǵan belgiler rásmiy jaqtan bar bolsa da, biraq ol jámiyetlik qáwipli, nızamǵa qayshı yamasa ayıplı bolmasa, qılmıstıń jınayılıǵın boldırmaytuǵın jaǵdaylar dep tabıladı. Yaǵnıy kem áhmiyetli qılmıslar; zárúriy qorǵanıw; aqırǵı zárúrlik; jámiyetlik qáwipli qılmıs islegen shaxstı uslaw waqtında zıyan jetkeriw; buyrıq yaki basqasha túrdegi wazıypanı orınlaw; kásip yaki xojalıq jumısı menen baylanıslı bolǵan tiykarlı táwekelshilik jınayattı boldırmawshı jaǵdaylar dep tabıladı.

Subyektiv táreptiń mazmunında jınayat motivi hám maqsetleri ayrıqsha orındı iyeleydi. Motiv hám ol menen baylanıslı maqset ayıplı shaxstıń is-háreketin basqarıwshı erkli proceske óz tásirin kórsetedi. Shaxs ushın ol islegen qılmıs qanday mániske hám áhmiyetke iye ekenligi mine motivke baylanıslı.

## Soraw hám tapsırmalar

1. Jınayat basqa huqıqbuzarlıqlardan qaysı tárepleri menen ajıralıp turadı?
2. Jınayat belgilerin túsindirip beriń.
3. Ayıplı qılmıs degende neni túsinesiz?
4. Tikkeley hám tikkeley emes qastıyanlıq degende neni túsindińiz?
5. Tómende berilgen jaǵdaylarda jınayat belgileri barma? Olardan qaysı biri abaysızlıq aqıbetinde islengen?

*1) Belgisiz shaxs esigi qaldırılǵan VAZ-21099 avtomashinasın aydap qashqan..*

*2) Bir qız jumıstan qaytıp baratırıp belgisiz shaxs qolındaǵı sumkanı julıp alıp qashqan. Sumkada azıqlıq zatlar hám telefon bolǵan.*

*3) Menshik kárxanaǵa qaraslı kóbiklengen polietilen islep shıǵarıw cexında órt bolǵanlıǵı haqqında xabar kelip túsken. Órtti óshiriw waqtında menshik kárxana xızmetkeriniń óli denesi tabılǵan. Órtti óshiriwge 19 órt óshiriw texnikası tartılǵan.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 9-§ Jınayıy juwapkershilik hám jaza sisteması

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Fizikalıq shaxslardıń jınayıy juwapkershiligi.
- Jaza túsinigi hám onıń túrleri.

Jınayattı hámiyshe anıq bir fizikalıq shaxslar isleydi. Sonıń ushın da jınayat islegen shaxs «jınayattıń subyekti» dep tán alınadı. Jınayat subyektiniń joqlığı jınayat quramı hám jınayattıń óziniń joqlığın bildiredi.

Jınayatqa tiyisli nızamlarda subyektke qarata ayıplı, sudlanǵan, jınayat islegen shaxs, jınayat islewde ayıpker bolǵan shaxs sıyaqlı basqa sózler qollanıladı.

Yuridikalıq tárepler, yaǵnıy shólkemler, kárxanalar, mákemeler hám jámáátlik birlespeler jınayat subyekti bola almaydı. Sonıń ushın jınayat jámiyetlik qáwipli háreket mámleketlik kárxana, shólkem hám jámáátlik birlespelerde xızmet yamasa óndirislik jumıs penen baylanıslı halda islense, bul wazıypaǵa juwapker bolǵan tiyisli lawazımlı shaxslar yamasa basqa xızmetkerler jınayat subyektine aylanadı.

Jınayat subyektiniń aqılı pútin bolıwı shárt, yaǵnıy ol óz háreketi yamasa háreketsizliginiń jámiyetlik qáwipli qásiyetin ańlaǵan bolıwı hám olardı basqara alıwı shárt. Aqılı pútinlik ayıp hám jınayıy juwapkershiliktiń zárúr shárti bolıp esaplanadı. Tek óz háreketi yamasa háreketsizliginiń jámiyetlik qáwipli qásiyetin ańlaǵan hám olardı basqara alǵan shaxslar, ayıpkerdi dúzetiw maqsetinde, jınayıy juwapkershilikke tartıladı.

Jınayıy aqıbet degende jámiyetlik qáwipli qılmıs nátiyjesinde jınayıy-huqıqıy jaqtan qorǵalatuǵın obyektlerge zıyan jetkeriw túsiniledi.

Jınayat huqıqına tiyisli qatnas bul jınayat huqıqı normaları arqalı tártipke salınatuǵın jámiyetlik qáwipli qılmıs islegen shaxs hám mámleket arasındaǵı qatnas bolıp tabıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shaxstıń nızam menen belgilengen jınayıy juwapkershilik jasına jetkenligi jınayat subyektiniń zárúr belgilerinen biri bolıp tabıladı.

Nızamda jas shegarası anıq tártipke salınǵanlıǵı jınayat islegen shaxstıń jasın (kún, ay, tuwılǵan jılın) durıs belgilew zárúrligin tuwdıradı. Bul zárúrlik Jınayat-processual kodeksiniń 314-statyasında berilgen.

Jınayat kodeksinde bekkemlep qoyılǵan puqaralardıń nızam aldında teńligi principi konstituciyalıq principtiń tákirarı bolmay, ol onıń engiziliwi bolıp tabıladı.

Jınayat kodeksine muwapıq, eki yamasa onnan artıq shaxstıń bilqastan jınayat islewde birgelesip qatnasıwı qatnasıwshılıq dep tabıladı. Jınayatta qatnasıwshılıq bul ázelden til biriktiriw, bilqastan islew sıyaqlı túsiniklerdi óz ishine aladı.

Jınayat nızamında tórt túrdegi jınayat qatnasıwshıları ajıratıladı: orınlawshı, shólkemlestiriwshi dálillewshi hám járdemshi. Bul túrlerdi ajıratıw tiykarında obyektiv mólsher qoyılǵan bolıp, ol hárbir qatnasıwshınıń jınayat islewde qatnasıw dárejesi hám qásiyeti menen baylanıslı.

Jınayattı orınlawshılar dep: a) tikkeley ózleri tolıq yaki bir bólegin jınayat islegen shaxslar; b) tikkeley ózleri jınayat islemegen, biraq usı maqsette jınayat nızamlarına muwapıq, jınayıy juwapkershilikke tartılıwı múmkin bolmaǵan shaxslardan paydalanǵan shaxslar tán alınadı.

Jası yamasa aqılı jetpewi sebepli jınayıy juwapkershilikke tartıw múmkin bolmaǵan yamasa abaysızlıq yaki ayıpsız háreket etken shaxslardı bilqastan jınayat islewge tartqan shaxs islengen jınayattıń qatnasıwshısı dep tán alınadı.



**Fizikalıq shaxslardıń juwapkershiligi**

Jınayat islegenge shekem 16 jasqa tolǵan, aqılı pútin fizikalıq shaxslar juwapkershilikke tartıladı. Jınayat islegenge shekem 13 jasqa tolǵan shaxslar juwapkershilikti awırlastıratuǵın jaǵdaylarda bilqastan adam óltirgeni (97-statyanıń ekinshi bólimi) ushın ǵana juwapkershilikke tartıladı.

**Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksi, 17-statya**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jınayatqa tayarlıq kóriwge yamasa jınayat isleniwine basshılıq etken shaxs shólkemlestiriwshi dep tabıladı.

Jınayat islewde basshılıq etiw orınlawshılar hám birgelikte orınlawshılar kúshin tikkeley jınayıy qılmıstı orınlawǵa qaratıw boyınsha iskerlikti bildiredi.

Dálillewshilik basqa shaxstı jınayat islew yamasa jınayıy iskerlikte qatnasıwǵa kóndiriwde óz sáwleleniwin tabadı. Kóndiriw dálillewshiniń basqa shaxslarda jınayat islewde qatnasıw yamasa jınayıy iskerlik penen shuǵıllanıw tilegin qáliplestiriwge qaratılǵan aktiv hám baslamashılıq is-háreketlerden ibarat.

Jınayattı islewde kómeklesken shaxs járdemshi bolıp esaplanadı. Jaza jınayat islewde ayıplı dep tabılǵan shaxsqa qarata mámleket atınan sudtıń húkimi menen qollanılatuǵın hám sudlanıwshını nızamda názerde tutılǵan málim bir huqıq hám erkinliklerden ayırıw yaki olardı sheklewden ibarat májbúrlew sharası bolıp tabıladı.

Jaza sudlanıwshını dúzetiw, onıń jınayıy iskerligin dawam ettiriwine tosqınlıq etiw hám de sudlanıwshı, sonday-aq basqa shaxslar qayta jınayat islewiniń aldın alıw maqsetinde qollanıladı.

Májbúriy jámáátlik jumıslar pensiya jasına jetken shaxslarǵa, on altı jasqa tolmaǵan shaxslarǵa, hámiledar hayallarǵa, úsh jasqa tolmaǵan balaları bar hayallarǵa, birinshi hám ekinshi topar nágiranlarına, áskeriy xızmetkerlerge, sırt el puqaralarına hám Ózbekstan Respublikasında turaqlı jasamaytuǵın shaxslarǵa qarata qollanılmaydı. Azatlıqtı sheklew er jetpegen sudlanıwshılarǵa qarata tiykarǵı jaza sharası sıpatında altı aydan eki jılǵa shekem múddetke tayınlanadı.

Jınayattıń subyekti dep jınayat nızamında kórsetilgen, jámiyetlik qáwipli háreketti bilqastan yamasa abaysızlıq aqıbetinde islegen, málim jasqa tolǵan, aqılı pútin, ayrıqsha jaǵdaylarda Jınayat kodeksi Arnawlı bólimi tiyisli normalarında kórsetilgen arnawlı belgilerge iye bolǵan fizikalıq shaxsqa aytıladı.

Tuwılǵan kúnniń erteńine saat 00:00 den baslap shaxs jınayıy juwapkershilik jasına jetken esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Er jetpegenlerge qarata azatlıqtan ayırıw jazası altı aydan on jılǵa shekem múddetke tayınlanadı.

On úsh jastan on altı jasqa shekem bolǵan waqıtta jınayat islegen shaxslarǵa qarata jınayatlar jıyıntıǵı sıpatında jaza tayınlanǵanda azatlıqtan ayırıwdıń eń kóp múddetin on jılǵa shekem, eger islegen jınayatlarınıń birewi júdá awır jınayat bolsa, on eki jılǵa shekem tayınlanadı.

On altı jastan on segiz jasqa shekem bolǵan waqıtta jınayat islegen shaxslarǵa qarata jınayatlar jıyıntıǵı sıpatında azatlıqtan ayırıw jazası — on eki jılǵa shekem múddetke, eger islegen jınayatlarınıń birewi júdá awır jınayat bolsa, on bes jılǵa shekem múddetke tayınlanıwı múmkin.

Jınayat islew waqtında on úsh jastan on segiz jasqa shekem bolǵan shaxslarǵa qarata birneshe húkim boyınsha tayınlanatuǵın azatlıqtan ayırıw jazasınıń múddeti on bes jıldan aspawı kerek.

Azatlıqtan ayırıw jınayat islew waqtında 13 jastan 16 jasqa shekem bolǵan shaxslarǵa qarata awır jınayat ushın — altı jılǵa shekem, júdá awır jınayat ushın — on jılǵa shekem múddetke tayınlanadı.

Jınayat islewge qızıqtırıwshı shaxs dálillewshi dep tabıladı.

Jaza hám basqa huqıqıy tásir sharaları fizikalıq jaqtan azap beriw yamasa insan qádir-qımbatın kemsitiw maqsetin gózleydi.

## Huqıq tariyxınan

Usı jıldıń ózinde mákan puqaralar jıyınları kepilligi tiykarında — 152, Jaslar awqamı kepilligi tiykarında — 18, hayal-qızlar komiteti kepilligi tiykarında — 3, jámi 173 puqaraǵa qarata jaza tayınlawda jámáátshilik kepilligi itibarǵa alındı. Bul puqaralardıń 38in jaslar, 18in er jetpegenler, 11in hayallar quraydı. Mısalı, bir ǵana Shayxantoxur rayonında 15 shaxsqa qarata jaza tayınlawda mákan puqaralar jıyınlarınıń kepilligi itibarǵa alındı.

**Prezident Shavkat Mirziyoevtiń Ózbekstan Respublikası Konstituciyası qabıl etilgenliginiń 25 jıllıǵına arnalǵan saltanatlı máresimdegi shıǵıp sóylegen sózinen**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Azatlıqtan ayırıw jınayat islew waqtında 16 jastan 18 jasqa shekem bolǵan shaxslarǵa qarata awır jınayat ushın — 7 jılǵa shekem, júdá awır jınayat ushın — 10 jılǵa shekem múddetke tayınlanadı.

Er jetpey turıp jámiyetlik qáwpi úlken bolmaǵan jınayat islegen, abaysızlıq aqıbetinde jınayat islegen yaki bilqastan onsha awır bolmaǵan jınayat islegen shaxslarǵa qarata azatlıqtan ayırıw sıpatındaǵı jaza tayınlanbaydı.

Húkim shıǵarıw waqtında 18 jasqa tolmaǵan shaxslarǵa qarata azatlıqtan ayırıw jazasın tárbiya koloniyalarında ótew tayınlanadı.

Járiyma ayıpkerden mámleket dáramadına nızamda belgilengen muǵdarda pul óndiriw.

Májbúriy jámáátlik jumıslar sudlanıwshını is haqı tólenbeytuǵın paydalı jámáátlik jumıslardı orınlawǵa májbúriy túrde tartıw.

## Soraw hám tapsırmalar

Berilgen jaǵdaylardı oqıń hám jınayatta qatnasıwshılardı anıqlań.

1. *N.B. IIB ne múrájáát etip, belgisiz shaxs onıń mobil telefonın qolınan julıp alıp qashqanın xabarladı. Kórilgen ilajlar nátiyjesinde bul jınayattı N. isimli shaxs islegeni anıqlanıp qolǵa alındı.*
2. *Belgisiz shaxs isbilermen U.X. ǵa qońıraw etip, onnan kóp muǵdarda pul hám 6 qap un ónimin qarızǵa alǵan. Ol tez arada bul undı bir kárxanaǵa satıwı hám qarızdı qaytarıp beriwin bildirgen. Biraq puldı da, undı da qaytarmaǵan. U.X. bul haqqında ishki isler organların xabardar etkennen soń, kórilgen ilajlar nátiyjesinde bul jınayattı Q. isimli shaxs islegenligi anıqlanıp qolǵa alınǵan.*

*Ózbekstan Respublikası IIM Jámáátshilik hám ǵalaba xabar quralları menen baylanıslar basqarması maǵlıwmatları tiykarında*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Qosımsha maǵlıwmat ushın

| T/n | Keshirim | Amnistiya |
|---|---|---|
| 1. | Málim bir shaxslar ushın, olardıń shaxsın sıpatlawshı maǵlıwmatlardı (jası, densawlıǵı, shańaraq jaǵdayı) esapqa alıp jazadan azat etiw bolıp tabıladı. | Amnistiya anıq shaxslarǵa emes, ulıwma taypalarǵa járiyalanadı. Bunda amnistiyaǵa neshe adam túsiwi, kimler túsiwi aldınan anıq emes. |
| 2 | Keshirim tek sudtıń húkimi menen jaza tayınlanǵan sudlanıwshılarǵa járiyalanadı. | Amnistiya jınayat procesiniń qálegen basqıshında – dáslepki tergew, sorastırıw, tergewge shekem tekseriw hám hátte jınayat isin qozǵatıwǵa shekem bolǵan basqıshta da qollanılıwı múmkin. |
| 3 | Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 93-statyasına muwapıq keshirim tek Prezident tárepinen járiyalanadı. | Amnistiya akti Prezident usınısnamasına muwapıq Oliy Majlistiń Senatı tárepinen járiyalanadı. |
| 4 | Keshirimdi qollaw ushın ádette jınayat islegen shaxslardıń iltimasnaması tiykar boladı.<br>Keshirimdi qollaw máselesin Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı keshirim máseleleri boyınsha arnawlı komissiya sheshedi. | Amnistiya aktin qollawda heshqanday iltimasnama talap etilmeydi.<br>Amnistiya aktlerin qollaw máselesi huqıq qorǵaw. uyımlardı hám jazanı orınlaw mekemeleri hám sudlar tárepinen kórip shıǵıladı. 2008-jıldan baslap, amnistiya aktin qollawǵa tiyisli sheshiwshi qarardı tek sudlar shıǵarıwı belgilep qoyılǵan. |

## Huqıq tariyxınan

Ózbekstan dúnyanıń eń qáwipsiz mámleketleri diziminde 2-orındı iyeleydi. Analizlew dawamında 135 mámleket maydanı, qáwipsizlik halatı, nızam ústemligi hám tártip sıyaqlı birneshe taypalar boyınsha sorawnamalar ótkerilip, bahalandı. Mámleketler 100 ballıq sistemada bahalandı. 1-orınn 97 ball menen Singapur. Ózbekstan 95 ball menen 2-orın. Islandiya 92 ball menen 3-orında. Dúnyanıń eń qáwipli mámleketi dep bolsa Venesuela járiyalandı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

| T/n | Keshirim | Amnistiya |
|---|---|---|
| 5 | Málim bir shaxslar ushın, olardıń shaxsın sıpatlawshı maǵlıwmatlardı (jası, densawlıǵı, shańaraq jaǵdayı) esapqa alıp jazadan azat etiw bolıp tabıladı. | Amnistiya akti shıqqannan keyin, onı kimlerge qollaw máselesin sheshiw uzaqqa sozıladı hám kóplep shólkemlestiriwshilik procesin óz ishine aladı. |
| 6 | Keshirimniń huqıqıy aqıbetleri kemirek boladı. Bular:<br>1) tiykarǵı hám orınlanbaǵan qosımsha jazadan tolıq yaki jarım-jartı azat etiledi;<br>2) jazadan múddetten burın shártli túrde azat etiledi;<br>3) ómirlikke azatlıqtan ayırıw yaki basqa ótelmegen jazanı salıstırmalı jeńillirek jaza menen almastırıladı;<br>4) sudlanǵanlıq alıp taslanadı. | Amnistiya aktiniń:<br>1) shaxstıń jınayıy juwapkershilikten azat etiliwi;<br>2) sudlanıwshı tiykarǵı hám orınlanbaǵan qosımsha jazadan azat etiliwi;<br>3) sudlanıwshıǵa tayınlanǵan tiykarǵı hám orınlanbaǵan qosımsha jazanıń qısqartılıwı (kemeyttiriliwi);<br>4) sudlanıwshı jazadan múddetinen burın shártli túrde azat etiliwi;<br>5) sudlanıwshıǵa tayınlanǵan jazanıń ótelmegen bólimi jeńilliregi menen almastırılıwı;<br>6) Jınayat islegen shaxstan sudlanǵanlıq múddetinen burın alıp taslanıwı. |



Adamgershiligi bar márt insan ózinen hám óziniki ekenligine heshkim tartısıp otırmaytuǵın nárseden basqasına iyelik qılmaydı.

Tómendegi kesteni dápterińizge sızıń hám toltırıń. Amnistiya hám keshirimniń tiykarǵı ayırmashılıqları boyınsha sorawlarǵa juwap beriń.

| Sorawlar | Keshirim | Amnistiya |
|---|---|---|
| Kim qabıllaydı? | | |
| Kimlerdi qamtıp aladı? | | |
| Kimlerge qollanadı? | | |
| Keshirim hújjetiniń baslamashısı kim boladı? | | |
| Jeke faktorlar (sıpat) qararǵa tásir eteme? | | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 10-11-§ Puqaralardıń Konstituciya hám nızamlarda bekkemlep qoyılǵan huqıq hám erkinliklerine qarsı jınayatlar

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Shaxstıń azatlıǵı, ar-namısı hám qádir-qımbatına qarsı jınayatlar.
- Xat-jazıspalar, telefonda sóylesiw, telegraf xabarları yamasa basqa xabarlardıń sır saqlanıwı tártibi.
- Puqaralardıń múrájáátleri haqqındaǵı nızam hújjetlerin buzıwdıń huqıqıy aqıbeti.

Shaxstıń azatlıǵı, ar-namısı hám qádir-qımbatına qarsı jınayatlar bul —

- adam sawdası,
- hayaldı turmısqa shıǵıwǵa májbúrlew yamasa tosqınlıq etiw,
- adam urlaw,
- zorlıq isletip nızamǵa qarsı túrde azatlıqtan ayırıw,
- jala,
- masqaralaw kiredi.

Bul jınayatlardıń obyekti shaxstıń azatlıǵı, ar-namısı hám qádir-qımbatı bolıp esapladı. Jınayatlar tuwrıdan-tuwrı qastıyanlıq penen ámelge asırıladı.

Adam sawdası búgingi kúnde eń global mashqalalardan birine aylanıp úlgerdi. Adam sawdası adamdı alıw-satıw yaki onnan paydalanıw maqsetinde jiberiw, tasıw tapsırıw, jasırıw yama-











*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sa qabıl etip alıwda kórinedi. Bunda adamlardı urlaw, zorlıq isletiw yaki zorlıq isletiw menen qorqıtıw yamasa májbúrlewdiń basqa túrlerin qollanıw arqalı ámelge asırıladı.

Jınayat shaxstıń ómiri hám salamatlıǵına qol qatılmaslıǵın támiyinlewshi jámiyetlik qatnasıqlarǵa qarata islenedi. Jınayat baylıq arttırıw hám basqa ǵárezli maqsetlerde aldaw jolı menen adam sawdasın ámelge asırıwda kórinedi.

Adam sawdasına adam aldı-sattısı, yaǵnıy onı satıwshıǵa málim muǵdardaǵı pul yamasa basqa múlkiy ekvivalent esesine basqa adamnıń ıqtıyarına tapsırıw kiredi.

Adamlardı ekspluataciyalaw — basqa shaxslardan óz niyeti boyınsha paydalanıw yamasa jınısıy májbúrlewdiń basqa túrleri, májbúriy miynet yamasa xızmetler, qulshılıq hám soǵan uqsas dástúrler, erkinen ayırıw yaki adam organ-toqımaların ayırıp alıw esaplanadı.

## Hayaldı turmısqa shıǵıwǵa májbúrlew yamasa onıń kúyewge tiyiwine tosqınlıq etiw

Hayaldı kúyewge tiyiwge yamasa nekede jasawdı dawam ettiriwge májbúrlew, hayaldıń razılıǵısız úyleniw maqsetinde onı urlaw, sonday-aq, hayaldıń kúyewge tiyiwine tosqınlıq etiw de jınayat esaplanadı.

«Barlıq adamlar nızam aldında teń hám heshqanday kemsitiwlersiz nızam menen teń qorǵalıw huqıqına iye. Usı múnásibet penen hár qıylı kemsitiwler nızam jolı menen qadaǵan etiliwi hám nızam barlıq shaxslarǵa qandayda bir bólegi boyınsha, aytayıq rasası, terisiniń reńi, jınısı, tili, dini, siyasiy yamasa basqa isenimi, milliy sociallıq kelip shıǵıwı, múlkiy dárejesi, tuwılıwı yaki basqa sharayatlar boyınsha kemsitiwlerge qarsı teń hám nátiyjeli qorǵalıwǵa kepillik beriwi tiyis».

**Puqaralıq hám siyasiy huqıqlar haqqındaǵı xalıq aralıq pakttiń 26-statyası**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Adam sawdası jınayatı boyınsha jábirleniwshilerdiń ekspluatациya procesi**

- Óndiris hám awıl xojalıq jumıslarında paydalanıw
- Úy-ruwzıgershilik jumıslarında paydalanıw
- Tilenshilikke májbúrlew
- Jasalma analıq hám bala tuwıwǵa májbúrlew
- Májbúriy neke, jınısıy erkinligine qarsı háreketler
- Insan toqımaların transplantaciyalaw

Bul jınayattıń isleniw motivi jınayattı kvalifikaciyalawda áhmiyetke iye emes.

Kópshilik jaǵdaylarda jınayat hayaldıń ata-anası, aǵa-inisi, apa-sińlileri, jaqın tuwısqanları, kúyew tárepinen islenedi.



Hayaldı turmısqa shıǵıwǵa yamasa nekede birge jasawdı dawam ettiriwge májbúrlew degende oǵan qarata fizikalıq yamasa zorlıq isleniwin túsiniw tiyis.

## Adam urlaw

Bul jınayattıń obyekti adamnıń erkinligi, yaǵnıy qálegen jerinde bolıw, qálegeninshe kiyiniw, qálegen zatın paydalanıw hám basqa erkinlikler bolıp tabıladı.

Bul jınayatqa kodekstiń 245-statyasında názerde tutılǵan jaǵdaylardan tısqarı barlıq túrdegi adam urlawlar kiredi.

Adam erkinliginen ayırılǵan waqıttan baslap jınayat tamamlanǵan, dep esaplanadı.



## Zorlıq isletip nızamǵa qarsı túrde azatlıqtan ayırıw

Analizlenip atırǵan jınayattıń obyekti jábirleniwshiniń jeke azatlıǵı bolıp esaplanadı. Jınayattıń obyektiv tárepi zorlıq isletip nızamǵa qarsı túrde shaxstı háreket etiw erkinliginen ayırıw, jábirleniwshige qarata fizikalıq yaki ruwxıy jaqtan zor-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

lıq kórsetiw, onıń qay jerde bolıwın erkin tańlaw huqıqın sheklew sıyaqlı is-háreketlerdi islewde kórinedi.

Jábirleniwshi azatlıqtan ayırılǵan waqıttan baslap jınayat tamamlanǵan, dep esaplanadı. Bul jınayat tikkeley qastıyanlıq penen dámegóylik niyetinde isleniwi menen ajıralıp turadı.

## Jala

Úyrenilip atırǵan jınayat úsh bólimnen turadı. Jalanıń obyekti shaxstıń ar-namısı hám qádir-qımbatı bolıp tabıladı. Ar-namıs adamnıń ishki ádep-ikramlılıq qádir-qımbatı, hadallıǵı, joqarı adamgershiligi, hújdanı, ulıwma alǵanda, ar-namıs — adamnıń ruwxıy hám sociallıq pazıyletlerin belgilewshi túsinik. Jınayat jala jalǵanlıǵın bile turıp, basqa shaxstı shermende etetuǵın jalǵanlardı tarqatıwda sáwlelenedi. Anıq dálillerge kórsetpe berilmegen, ulıwma maǵlıwmatlardı áshkar etiw jala esaplanbaydı. Jalǵanlardı tarqatıw usılı túrlishe, mısalı, awızeki, jazba, qandayda bir súwret kórinisindegi kórinis h. t. b. bolıwı múmkin. Jınayat jalǵanlıǵı aldınan ayan bolǵan maǵlıwmatlar tarqatılǵan waqıttan baslap tamamlanǵan bolıp esaplanadı.

Hárkim óziniń ar-namısı hám abırayına qol qatıwdan, jeke turmısına aralasıwdan qorǵanıw hám turaq jayına qol qatılmaslıq huqıqına iye. Nızam menen názerde tutılǵan jaǵdaydan hám tártipten basqa heshkim birewdiń turaq jayına kiriwi, onda tintiw ótkeriwi yamasa kózden ótkeriwi, xat alısıw hám telefon arqalı sóylesiw sırın járiyalawı múmkin emes.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, 27-statya**

Adamdı urlaw degende, adamnıń jasırınsha, áshkara yamasa aldaw yaki isenimin en paydalanıw jolı menen jeke erkinliginen ayırılıwın túsiniw zárúr.



Dóhmetshi bir saatta bir ayǵa tatırlıq alawızlıq oyatadı.
**Alisher Nawayı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Masqaralaw

Masqaralaw shaxstıń ar-namısı hám qádir-qımbatın ádepsizlik penen biletura azap beriwden ibarat. Masqaralaw awızeki yamasa jazba túrde bolıwı múmkin. Shaxstıń ar-namısı hám qádir-qımbatın ádepsizlik penen qaratılǵan is-háreket islengen waqıttan baslap jınayat tamamlanǵan bolıp esaplanadı.

Masqaralaw ádette tikkeley islenedi, biraq jábirleniwshi bul haqqında xabar tabadı, degen shama menen sırttan isleniwi de múmkin. Masqaralaw dáldálshı arqalı ámelge asırılıwı múmkin. Qapa etiw hár qıylı bolıwı múmkin, biraq olardıń hámmesi de masqaralaw bola bermeydi. Masqaralaw barlıq waqıt málim bir shaxsqa qaratılǵan boladı.

Insannıń qádir-qımbatı degende, dúnya qarasınıń dárejesi, aqıl-zeyini, turmıs tárzi sıyaqlı insannıń obyektiv táreplerin sıpatlawshı unamlı sıpatlar jıyıntıǵın túsiniw zárúr.

## Puqaralardıń konstituciyalıq huqıq hám erkinliklerine qarsı jınayatlar

Puqaralardıń konstituciyalıq huqıq hám erkinliklerine qarsı jınayatlar quramına elimiz Konstituciyasında belgilep qoyılǵan huqıqlardı buzıw sıyaqlı jınayatlar kiredi. Bular:

### Dóretiwshilik jumıs

1. Jalahám masqaralawdıń bir-birinen parqı neden ibarat?
2. Tómendegi jaǵdaylardan qaysı birin jala, qaysı birin masqaralaw dep sıpatlaw múmkin?

*A. Kópshiliktiń aldında G. isimli dostın: «Sen keshe meniń mobil telefonımnan paydalanıp, qaytarıp bermediń. Sen urısań!» dep ayıpladı. G. bolsa ózin haqlaw ushın: «Men seniń telefonıńdı alǵanım joq, maǵan da keshe usınday telefon sawǵa etken edi», dep juwap berdi.*

*Negizinde A. óziniń telefonın sport kiyiminiń qaltasında qaldırǵan, telefonı bolsa zaryadsızlanıp qalǵanlıqtan islemey qalǵan edi.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Puqaralar teń huqıqlılığınıń buzılıwı olarğa óz huqıqların ámelge asırıw imkanın bermew yaki olardıń óz huqıqların ámelge asırıwına tosqınlıq etiw (mısalı, jınısı, rasası, milleti h.t.b. kelip shığıp, jumıstan bosatıw, jasaw ornında dizimnen ótiwine, jumısqa qabıllanıwına, oqıwğa kiriwine jol qoymaw) den ibarat bolıwı múmkin.

- puqaralardıń teń huqıqlığın buzıw;
- jeke ómirine qol qatılmaslığın buzıw;
- puqaralardıń jasaw ornı qol qatılmaslığın buzıw;
- xat-jazıspalar, telefonda sóylesiw, telegraf xabarları yaki basqa xabarlardıń sır saqlanıwı tártibin buzıw;
- fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń múrájáátleri haqqındağı nızam hújjetlerin buzıw;
- hújdan erkinligin buzıw;
- saylaw yamasa referendum shólkemlestiriw, olardı ótkeriw haqqındağı nızam hújjetlerin buzıw;
- saylaw huqıqınıń yamasa isenimli wákil wákillikleriniń ámelge asırılıwına tosqınlıq etiw;
- miynet etiw huqıqın buzıw;
- avtorlıq yaki oylap tabıwshılıq huqıqların buzıw.

## Puqaralardıń teń huqıqlılığın buzıw

Bunday jınayatlardıń obyekti puqaralardıń jeke huqıqları hám erkinlikleri bolıp tabıladı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Puqaralardıń teń huqıqların buzıw jınayat jınısı, rasası, milleti, tili, dini, sociallıq kelip shıǵıwı, isenimi, jeke yamasa jámiyetlik dárejesinen kelip shıǵıwına qaramastan, puqaralardıń huqıqların buzıw yamasa sheklew yaki puqaralarǵa tikkeley abzallıqlar beriwde kórinedi.

## Jeke turmıs qol qatılmaslıǵın buzıw

Bul jınayat shaxstıń jeke yaki shańaraqlıq sırın qurawshı jeke turmısı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı onıń razılıǵısız nızamǵa qayshı túrde jıynaw yamasa tarqatıw ańlatıladı.

## Puqaralardıń jasaw ornına qol qatılmaslıǵın buzıw

Jınayat jasawshılardıń erkine qarsı zorlıq isletip, nızamǵa qarsı túrde jasaw ornına bastırıp kiriwde kórinedi.

## Xat-jazıspalar, telefonda sóylesiw, telegraf yamasa basqa xabarlardıń sır saqlanıwı tártibin buzıw

Jınayat shaxslardıń pochta-telegraf xabarları yamasa telefonda sóylesiwdiń mazmunı menen nızamsız tanısıwında yaki puqaralardıń xatları, telegrammaları, telefaks arqalı, elektron pochta h.t.b. arqalı xabar berilip atırǵan maǵlıwmatlardı usı xabarlar iyesiniń razılıǵısız áshkar etiliwinde kórinedi.

## Puqaralardıń múrájáátleri haqqındaǵı nızam hújjetlerin buzıw

Bul statya puqaralardıń Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında belgilep qoyılǵan arza beriw, mámleketlik hákimiyat organları, kárxanaları, shólkemleri hám jámáátlik turmıstıń basqa tarawları xızmetin erkin sınǵa alıw huqıqın jınayat huqıqı tárepinen qorǵawdıń áhmiyetli quralı bolıp tabıladı.



Nızamsız túrde bastırıp kiriw degende, ayıpker shaxstıń yaki turaq jay iyesiniń ruqsatsız shaxstıń turaq jayına óz basımshalıq penen bastırıp kiriwge qaratılǵan is-háreketleri (mısalı, nızamsız túrde kóshiriw, ruqsatnamasız tintiw ótkeriw, ózgeniń turaq jay maydanına óz basımshalıq penen kóship keliw h.t.b.)nıń isleniwin túsiniw tiyis.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jınayat puqaralardıń múrájáátleri haqqındağı nızamdı buzıwğa qaratılğan hár túrli háreketler bolıp, ol puqaralar, jámiyet hám mámlekettiń nızam menen qorğalatuğın huqıqlarına qatań zıyan jetkeriwde sáwlelenedi.

Hújdan erkinligi hámme ushın kepillenedi. Hárbir insan qálegen dinge iseniwge yamasa heshbir dinge isenbewge haqılı. Diniy kóz-qaraslardı májbúriy sińdiriwge jol qoyılmaydı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 31-statya**

## Hújdan erkinligin buzıw

Jınayat diniy shólkemlerdiń nızamlı jumısına yamasa diniy máresimlerdiń ótkeriliwine tosqınlıq etiwde sáwlelenedi. Hújdan erkinligi diniy iskerliginiń tek nızam sheńberinde ámelge asırılıwı bolıp tabıladı.

Er jetpegen shaxslardı diniy shólkemlerge tartıw, diniy shólkem jumısında qatnasıwğa kóndiriwge qaratılğan qılmıs islengen waqıttan baslap tamamlanğan jınayat dep aytıladı.

Nızamğa qayshı túrde diniy táliymatqa oqıtıw degende erjetpegen shaxslarğa olardıń qálewine qarsı, ata-anaları yamasa olardıń ornın basıwshı shaxslardıń erk-ıqrarına qarsı din haqqındağı bilimlerdi sińdiriwdiń túrli kórinislerin túsiniw kerek.

## Saylaw yamasa referendum shólkemlestiriw. Olardı ótkeriw haqqındağı nızam hújjetlerin buzıw

Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları jámiyet hám mámleket islerin basqarıwda tikkeley hám óz wákilleri arqalı qatnasıw huqıqına iye. Bunday qatnasıw ózin-ózi basqarıw, referendumlar ótkeriw hám mámleketlik uyımlardı demokratiyalıq túrde shólkemlestiriw, sonday-aq mámleketlik uyımlardıń jumısı ústinen jámiyetlik qadağalawdı rawajlandırıw hám jetilistiriw arqalı ámelge asırıladı.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyası 32-statyasınan**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Puqaralardıń erkin dawıs beriw huqıqı, saylawlar yaki referendumlardı shólkemlestiriw, ótkeriwdiń belgilengen tártibine qarsı háreket yamasa háreketsizlik bolıp tabıladı.

Jınayat:

1) dawıs beriwdiń jasırınlıǵın buzıwǵa;
2) saylaw yaki referendum hújjetlerin qálbekilestiriw;
3) saylaw yaki imza qaǵazlarına jalǵan jazıwlar kirgiziwge;
4) saylaw yaki referendum shólkemlestiriw, olardı ótkeriw waqtında berilgen dawıslardı biletura nadurıs esaplawǵa qaratılǵan is-háreketlerdi islewde sáwlelenedi.

Jınayattıń saylaw yamasa referendum shólkemlestiriw, olardı ótkeriwde qatnasıwshı lawazımlı shaxs, siyasiy partiyalar, puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organlarınıń wákilleri baslamashı toparlar, saylaw komissiyaları yaki referendum komissiyalarınıń aǵzaları tárepinen isleniwi múmkin.



Teńlik húkim súrgen jerde satqın, aldamshı sezimler, ǵam-qayǵı bolmaydı.

## Saylaw huqıqınıń yamasa isenimli wákil wákilliginiń ámelge asırılıwına tosqınlıq etiw

Jınayat insannıń saylaw yaki saylanıw, saylawaldı agitaciya jumısların alıp barıw, referen-

### Dóretiwshilik jumıs

Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń arnawlı bólim VI — VII baplarında berilgen statyalardı oqıń.

1. Usı jınayatlar subyektlerin hám subyektiv tárepleri anıqlań.
2. Bul jınayatlardıń obyektleri hám obyektiv tárepleri anıqlań.
3. Usı bapta kórsetilgen jınayatlardıń aldın alıw ushın qanday ilajlar kóriw kerek dep oylaysız?
4. Jınayat islemew ushın shaxstıń huqıqıy sanası yamasa huqıqıy mádeniyatı joqarı bolıwı kerek pe? Juwabıńızdı dálilleń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

dumdı ótkeriwde qatnasıw sıyaqlı konstituciyalıq huqıqların buzıwda kórinedi. Jınayat zorlıq isletiw, qorqıtıw, aldaw yamasa ózine qaratıp alıw jolı menen puqaralardıń óz saylaw huqıqların erkin ámelge asırıwına tosqınlıq etiwde yamasa deputatlıqqa yaki Ózbekstan Respublikası Prezidentligine talabınıń isenimli wákilleri óz wákilliklerin ámelge asırıwına tosqınlıq etiwde sáwlelenedi.



## Miynet etiw huqıqın buzıw

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında puqaralardıń miynet etiw huqıqına kepillik berilgen.

**Dóretiwshilik jumıs**



1. Berilgen jaǵdaylardan, insan ar-namısı hám qádir-qımbatına qarsı jınayatlardı ajıratıń.
2. Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 17-statyasına tiykarlanıp, bul jınayatlardıń subyektlerin anıqlań.
3. Jınayatlar isleniwiniń subyektiv táreplerin anıqlań.

*1) Buxara wálayatı IIB xızmetkerleri tárepinen alıp barılǵan operativ tergew ilajları dawamında Buxara rayonı, Gúlshanabat APJ da jasawshı, 1969-jılı tuwılǵan, burın sudlanǵan F.Najmetdinova Kogon qalası, Istiqlol MPJ da jasawshı puqara N.Ǵ. hám de Shofiron rayonı, Qalmaqon APJ da jasawshı, aldın sudlanǵan G.I.lerdi Tayland mámleketinde denesin satıw jolı arqalı mol dáramat arttırıwı múmkinligin bildirip, qárejetler, yaǵnıy ol jerde jep-ishiw hám de ijaraǵa turıw ushın jumsalatuǵın sarp-qárejetlerdiń hámmesin ózi kóteriwin bildirgen.*

*2) Rayon wákillik organlarına saylaw aldı agitaciya jumısların alıp barıp atırǵan N.niń isenimli wákilleri Gúlabat máhállesindegi puqaralarǵa N.ǵa dawıs beriwi esesine máhálle turǵınlarına túrli azıq-awqat ónimlerin úlestirdi. Rayon wákillik organına óz kandidaturasın qoyǵan X.N.nıń bul háreketlerinen narazı bolıp sudqa arız qıldı.*

*3) Er jetpegen shaxslar Internet arqalı klaslasları haqqında jalǵan maǵlıwmatlardı jaylastırıp, ruwxıy jaqtan zıyan jetkergen.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tiykarǵı Nızamnıń 37-statyasında: «Hárbir shaxs miynet etiw, erkin kásip tańlaw, ádil miynet sharayatlarında islew hám nızamda kórsetilgen tártipte jumıssızlıqtan qorǵanıw huqıqına iye», dep belgilep qoyılǵan.

Bul jınayattıń obyekti puqaralardıń Konstituciya menen kepillik berilgen miynet etiw huqıqı bolıp esaplanadı. Jınayattıń subyekti jumısqa qabıllaw yamasa jumıstan bosatıw huqıqına iye bolǵan shaxs bolıwı múmkin.

## Avtorlıq yamasa oylap tabıwshılıq huqıqların buzıw

Puqaranıń intellektual múlkin qorǵawǵa bolǵan konstituciyalıq huqıqı, avtorlıq yamasa oylap tabıwshılıq huqıqınıń buzılıwı bolıp tabıladı.

Jınayat avtorlıq huqıqın ózlestirip alıw, avtorlas bolıwǵa májbúrlew, sonday-aq intellektual múlk obyektleri haqqındaǵı maǵlıwmatlardı olar rásmiy dizimnen ótkerilgenge yaki jariyalanǵanǵa shekem avtordıń razılıǵısız áshkar etiliwinde sáwlelenedi.

### Soraw hám tapsırmalar

1. Puqaralardıń turaq jayına qol qatılmaslıǵın buzǵanlıq ushın juwapkershilikke tartıwdıń shártleri nelerde sáwlelenedi?
2. Puqaralardıń turaq jay qol qatılmaslıǵın buzǵanlıq ushın juwapkershilikke tiykar bolama? Pikirińizdi dálilleń.
3. Saylaw huqıqın yamasa isenimli wákil wákilliklerin ámelge asırıwǵa tosqınlıq etiw háreketleri nelerde sáwlelenedi?
4. Er jetpegen 16 jasar shaxs birewdiń xatın soramastan oqıǵanı hám mazmunın doslarına aytıp bergenligi ushın juwapkershilik kelip shıǵama?

Hárkimge ilimiy hám texnikalıq dóretiwshilik erkinligi, mádeniyattıń jetiskenliklerinen paydalanıw huqıqı kepillenedi. Mámleket jámiyettiń mádeniy, ilimiy hám texnikalıq rawajlanıwına ǵamxorlıq etedi.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 42-statyasınan**





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 12-§ Shańaraqqa, jaslarǵa hám ádep-ikramlılıqqa qarsı jınayatlar



**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Er jetpegen yamasa miynetke jaramsız shaxslardı materiallıq támiyinlewden bas tartıw.
- Ata-ananı materiallıq támiyinlewden bas tartıw.
- Er jetpegen shaxstı jámiyetke qarsı is-háreketlerge tartıw.



Ata-analar balaların erjetkenge shekem baǵıwǵa tárbiyalawǵa minnetli.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 64-statyasınan**

## Er jetpegen yamasa miynetke jaramsız shaxslardı materiallıq támiyinlewden bas tartıw

Bul jınayattıń obyekti er jetpegen yamasa miynetke jaramsız shaxslardıń mápleri, yaǵnıy olardıń densawlıǵı, normal fizikalıq rawajlanıwı hám sudtıń sheshiwshi qararına muwapıq qarjı alıw huqıqına iye shaxslardıń materiallıq támiynatı bolıp esaplanadı.

Jınayat sudtıń sheshiwshi qararına muwapıq materiallıq járdemge mútáj bolǵan er jetpegen hám miynetke jaramsız shaxslardı baǵıw ushın óndiriletuǵın qarjılardı jámi úsh aydan artıq múddet dawamında tólemeslikte sáwlelenedi.

Sudtıń nızamlı kúshke kirgen sheshiwshi qararına muwapıq materiallıq járdemge mútáj bolǵan er jetpegen yamasa miynetke jaramsız shaxslardı baǵıw ushın óndiriliwi lazım bolǵan qarjı jámi úsh ay dawamında tólenbegen jaǵdayda jınayat tamamlanǵan dep esaplanadı. Jınayat bilqastan islenedi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**122-statya. Er jetpegen yamasa miynetke uqıpsız shaxslardı materiallıq támiyinlewden bas tartıw**

Materiallıq járdemge mútáj bolǵan er jetpegen miynetke uqıpsız shaxstı materiallıq támiyinlewden bas tartıw, yaǵnıy olardı materiallıq jaqtan támiyinlew ushın sudtıń sheshiwshi qararına muwapıq óndiriliwi lazım bolǵan qarjını jámi bolıp úsh aydan artıq múddet dawamında tólew, eń kem aylıq is haqınıń eliw esesine shekem muǵdarda járiyma yamasa úsh júz saatqa shekem májbúriy jámáátlik jumıslar yaki eki jılǵa shekem miynetke dúzetiw jumısları yamasa bir jılǵa shekem azatlıqtı sheklew yaki bir jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw menen jazalanadı.

Sol qılmıs qáwipli recidivist tárepinen islengen bolsa, eki jıldan úsh jılǵa shekem miynetke dúzetiw jumısları yaki bir jıldan úsh jılǵa shekem azatlıqta sheklew yamasa úsh jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw menen jazalanadı.

**Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksi**

Bul jınayattıń subyekti sudtıń sheshiwshi qararına muwapıq materiallıq járdemge mútáj erjetpegen yamasa miynetke jaramsız shaxslardı materiallıq támiyinlew wazıypası moynına júklengen 18 jasqa tolǵan, aqılı pútin hám qanday shaxs (ata-analar, perzentlikke alıwshılar) bolıwı múmkin. Jeke ata-analıq huqıqınan ayırıw alimentlerdi tólewden azat etpeydi.



Ata-ana er jetken miynetke jaramsız, járdemge mútáj balaların támiyinlewi shárt.

**Ózbekstan Respublikasınıń Shańaraq kodeksi, 100-statyası**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ata-ananı materiallıq jaqtan támiyinlewden bas tartıw

Sudtıń sheshiwshi qararına muwapıq miynetke jaramsız hám materiallıq járdemge mútáj bolǵan ata-ananı yamasa olardıń ornın basıwshı shaxslardı támiyinlew ushın óndiriletuǵın qarjınıń er jetken shaxslar tárepinen jámi úsh aydan artıq múddet dawamında tólenbesliginde kórinedi.

Jınayat tikkeley bilqastan islenedi. Jınayat isleniw motivi hám gózlengen maqset onı kvalifikaciyalawda áhmiyetke iye emes.

Jınayattıń subyekti sudtıń sheshiwshi qararına muwapıq ata-anasın yamasa onıń ornın basıwshı shaxslardı materiallıq támiyinlew májbúriyatı júklengen er jetken tuwısqan perzentler, perzentlikke alınǵan ul hám qızlar, ógey ul hám qızlar bolıwı múmkin.

Er jetken, miynetke jaramlı perzentler ózleriniń ata-analarına ǵamxorlıq kórsetiwge minnetli.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 66-statyasınan**

**123-statya. Ata-ananı materiallıq jaqtan támiyinlewden bas tartıw**

Er jetpegen shaxslardıń miynetke jaramsız hám materiallıq járdemge mútáj bolǵan ata-ananı yamasa olardıń ornın basıwshı shaxslardı materiallıq jaqtan támiyinlewden bas tartıw, yaǵnıy olardı materiallıq jaqtan támiyinlew ushın sudtıń sheshiwshi qararına muwapıq óndiriliwi tiyis bolǵan qarjını jámi bolıp úsh aydan artıq múddet dawamında tólemewi, eń kem aylıq is haqınıń eliw esesine shekem muǵdarda járiyma yamasa úsh júz alpıs saatqa shekem májbúriy jámáátlik jumısları yaki úsh jılǵa shekem miynetke dúzetiw jumısları menen jazalanadı.

**Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksi**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Er jetpegen shaxstı jámiyetke qarsı is-háreketlerge tartıw

Bul jınayattıń obyekti er jetpegen shaxstıń normal, morallıq jaqtan rawajlanıwı, onıń den sawlıǵı hám de jámáát qáwipsizligi hám tártibi bolıp esaplanadı.

Er jetpegenlerdi spirtli ishimlikler ishiwge, náshebentlik yamasa psixotrop bolmaǵan, biraq adamnıń aqıl-sanasına tásir etetuǵın dárilik zatlardı paydalanıwǵa tartıw degende, er jetken shaxstı joqarıda atap ótilgen ishimlikler, dárilik zatlardı birneshe márte paydalanıwǵa úyretiw yamasa olardı er jetpegenler ushın birneshe márte alınıwı hám er jetpegen shaxstı aldaw, beriw, kóndiriw sıyaqlı jollar menen usı zatlardı paydalanıwǵa kóndiriwge háreketlerin túsiniw zárúr.

Er jetpegen shaxstı jınayatqa tartıw degende er jetpegen shaxsqa qarata fizikalıq zorlıqtı qollanıw yaki oǵan ruwxıy tásir kórsetiw, qorqıtıw, pul berip ózine qaratıw, aldaw, ósh alıw, qızǵanısh sezimlerin hám basqa unamsız niyetlerin qozǵaw, jınayat islewdi usınıw, uslanǵan zatlardı satıp alıw yamasa satıp beriwdi wáde qılıw, jınayattı







Tilenshilik etiw degende, er jetpegen shaxstı ózge shaxslardan pul, azıq-awqatlar, kiyim-kenshekler h.t.b. tilep, sorap alıwǵa tartıwdı túsiniw zárúr.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

islew ornı hám usılları yaki jınayat izlerin jasırıw haqqında másláhátler beriw jolı menen onıń bir yaki birneshe jınayatlardıń isleniwinde qatnasıw niyetin qollap-quwatlawǵa qaratılǵan háreketler hám jınayat islewge iytermelew maqsetinde er jetpegen shaxslar menen spirtli ishimlikler ishiliwin túsiniw zárúr.

**127-statya. Er jetpegen shaxstı jámiyetke qarsı is-háreketlerge tartıw**

Er jetpegen shaxstı tilenshilikke, spirtli ishimlikler ishiwge, náshebentlik yamasa psixotrop bolmaǵan, biraq adamnıń aqıl-sanasına tásir etetuǵın dárilik zatlardı paydalanıwǵa tartıw, sonday háreketler ushın hákimshilik jaza qollanılǵannan keyin islengen bolsa, — eń kem aylıq is haqınıń júz esesinen eki júz esesine shekem muǵdarda járiyma yamasa úsh júz alpıs saatqa shekem májbúriy jámáátlik jumısları yaki eki jılǵa shekem miynetke dúzetiw jumısları yamasa bir jıldan úsh jılǵa shekem azatlıqtı sheklew yaki úsh jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw menen jazalanadı.

Er jetpegen shaxstı náshebentlik zatlar yamasa psixotrop zatlar paydalanıwǵa tartıw — úsh júz alpıs saattan tórt júz seksen saatqa shekem májbúriy jámáátlik jumısları yamasa úsh jıldan bes jılǵa shekem azatlıqtı sheklew yaki úsh jıldan bes jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw menen jazalanadı.

Er jetpegen shaxstı jınayat islewge tartıw, sonday-aq usı statyanıń ekinshi bóliminde názerde tutılǵan háreketler:

a) burın náshebentlik zatlar yamasa psixotrop zatlardı nızamsız aylanısqa shıǵarıw menen baylanıslı hárqanday jınayattı islegen shaxs tárepinen;

b) eki yamasa onnan artıq er jetpegen shaxsqa qarata;

v) oqıw orınlarında yamasa oqıwshılar, studentler oqıw-tárbiya, sport yaki jámáátlik ilajlar ótkeretuǵın basqa jerlerde isleniwi — bes jıldan on jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw menen jazalanadı.

**Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksi**.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Atańnıń násiyatına sen etkil ámel,
Júrerseń baxtiyar bolıp hár máhál.
Anańdı, ákeńdi súyindir tamam,
Bul hikmet jetkergey tilekke mudam.

**Yusuf Xas Hajib**

Jınayat tikkeley bilqastan islenedi, yağnıy ayıpker er jetpegen shaxstı jámiyetke qarsı is-háreketke tartıp atırǵanın biledi hám sonday bolıwın qáleydi. Sol waqıtta ayıpker jámiyetke qarsı is-háreketke tartılıp atırǵan shaxstıń er jetpegenligin bilgen jaǵdayda ǵana onı usı statya boyınsha jınayıy juwapkershilikke tartıw múmkin ekenligine itibar beriw kerek.

Bul jınayattıń subyekti 18 jasqa tolǵan hár qanday aqılı pútin shaxs bolıwı múmkin.

Jas baladan paydalanǵan halda jınayat islew JK 56-statyası «j» bándine muwapıq jazanı awırlastırıwshı halat dep esaplanadı hám jaza tayınlaw waqtında sud tárepinen itibarǵa alınadı.

## Soraw hám tapsırmalar

1. Er jetpegen yamasa miynetke jaramsız shaxslardı materiallıq jaqtan támiyinlewden bas tartıw túsinigi hám onı islegenlik ushın jınayıy juwapkershilik máselesi qanday boladı?
2. Er jetpegen yamasa miynetke jaramsız shaxslardı materiallıq jaqtan támiyinlew jınayatınan ata-ananı materiallıq jaqtan támiyinlewden bas tartıw jınayatınıń parqı neden ibarat?
3. Er jetpegen shaxstı jámiyetke qarsı is-háreketlerge tartıw degende nelerdi túsindińiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 13-§ Tınıshlıq hám qáwipsizlikke qarsı jınayatlar







**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- ➔ Tınıshlıq hám adamzattıń qáwipsizligine qarsı jınayatlar. Ózbekstan Respublikasına qarsı jınayatlar.
- ➔ Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq dúzimine qastıyanlıq etiwdiń huqıqıy aqıbetleri.

## Tınıshlıq hám adamzattıń qáwipsizligine qarsı jınayatlar

Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń VIII babı tınıshlıq hám adamzattıń qáwipsizligine qarsı jınayatlar, IX babı bolsa Ózbekstan Respublikasına qarsı jınayatlarǵa urıstı propagandalaw, agressiya, urıstıń nızam hám úrdislerin buzıw, genocid sırt ellerdiń áskeriy xızmetine, qáwipsizlik, policiya áskeriy ádillik organları yamasa soǵan uqsas basqa organlarına xızmetke kiriw, jollanıw, terrorizm, tayarlanıp atırǵan yamasa islengen terrorshılıq háreketleri haqqındaǵı maǵlıwmatlar hám faktlerdi xabarlamaw, terrorshılıq iskerligin ámelge asırıw maqsetinde oqıwdan ótiw, shıǵıw yamasa háreketleniw, terrorizmdi qarjılandırıw, milliy, rasalıq, etnik yamasa diniy dushpanlıq qozǵawlar kiredi.

Bul jınayatlardıń obyekti hárqanday mámleket rawajlanıwı hám turmıs iskerligin ámelge asırıwdıń shárti bolǵan tınıshlıq hám tınısh-tatıw jasaw, adamlardıń jasaw huqıqı bolıp esaplanadı.

Bilmeytuǵın adam kóz jumıp ǵaplet uyqısına batadı, áy kúshli márt, ǵapılda qalma, sergek bol.

**Yusuf Xas Hajib**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ózbekstan Respublikasına qarsı jınayatlar

Ózbekstan Respublikasına qarsı jınayatlarǵa mámleketke satqınlıq etiw, Ózbekstan Respublikası Prezidentine qastıyanlıq etiw, Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq dúzimine qastıyanlıq etiw, qoparıwshılıq, mámleket sırların áshkar etiw, mámleketlik sır yamasa áskeriy sır bolǵan hújjetlerdi joq etiw sıyaqlılar kiredi.

Ózbekstan Respublikası Prezidentine qastıyanlıq etiw Jınayat kodeksiniń «Ózbekstan Respublikasına qarsı jınayatlar» babına kirgizilgenligi biykarǵa emes, sebebi Ózbekstan Respublikası Prezidenti puqaralardıń huqıqları hám erkinliklerine, Konstituciya hám nızamlarǵa ámel etiliwiniń kepili bolıp tabıladı.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń ómiri, salamatlıǵı, ar-namısı hám qádir-qımbatı bolıp tabıladı. Prezidentti kópshiliktiń aldında masqaralaw yamasa oǵan jala jabıw masqaralaw yaki jala qásiyetine iye bolǵan háreketler islengen waqıttan baslap tamamlanǵan jınayat dep esaplanadı.

Jınayat bilqastan islenedi. Jınayattıń motivi hám maqseti onıń kvalifikaciyası ushın áhmiyetli emes.

## Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyalıq dúzimine qastıyanlıq etiw

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında «Konstituciyalıq dúzim» atamasınıń qollanılıwı házirgi konstituciyalıq huqıq páninde berilgen bul terminnen kópshilik mámleketlerde keńnen qollanılıp kiyatırǵanlıǵı menen túsindiriledi.

Konstituciyalıq dúzimdi sıpatlawda mámlekettiń ekonomikalıq jaǵdayı, jámiyet aǵzalarınıń tur-

**Dóretiwshilik jumıs**

Berilgen súwretlerdegi adamlardıń ómiri hám iskerligi tınıshlıq qáwipsizligine qarsı jınayatlardıń obyekti bola ala ma?





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mıs tárzi hám sociallıq jaǵdayı, bar bolǵan milliy dástúrler hám úrp-ádetler mazmunı, mámleket hákimiyatınıń mánisi, basqarıw forması hám usılları, insan huqıq hám erkinliklerine bolǵan qatnası, puqaralıq institutlarınıń rawajlanıw dárejesi, xalıqtıń siyasiy-huqıqıy sanası hám pikirlewi, sonday-aq insan kámili sıyaqlı bir qatar faktorlar xızmet etedi.

Konstituciyalıq dúzim mazmunı jaǵınan konstituciyada belgilengen normalardıń tábiyatına sáykes kelip, olardıń ámelde bolıwı konstituciyalıq dúzimniń turaqlılıǵın támiyinleydi.

Konstituciyalıq normalar tiykarında konstituciyalıq dúzim qorǵaladı, yaǵnıy nızamlar arqalı bekkemlep qoyılǵan jámiyetlik turmısqa tiyisli barlıq jámiyetlik qatnasıqlar úzliksiz dawam etedi.

Konstituciyalıq dúzimniń huqıqıy kepili bolıp konstituciya hám nızamlardıń ústemligi, olarda insan huqıq hám erkinliginiń eń joqarı qadiriyat

Jaqsı islerdiń jáne bir abzallıǵı sonda, ol kewildi kótermeleydi hám onı jánede qayırlı islerdi islewge iytermeleydi.
**Jan Jak Russo**

**159-statya. Ózbekstan Respublikasınıń konstituciyalıq dúzimine qastıyanlıq etiw**

Ózbekstan Respublikasınıń ámeldegi mámleketlik dúzimin Konstituciyaǵa qayshı túrde ózgertiwge, hákimiyattı basıp alıwǵa yamasa nızamlı túrde saylap qoyılǵan yamasa tayınlanǵan hákimiyat wákillerin hákimiyattan shetletiwge yaki Ózbekstan Respublikası aymaqlıq pútinligin Konstituciyaǵa qayshı túrde buzıwǵa ashıqtan-ashıq shaqırıw, sonday-aq bunday mazmundaǵı materiallardı tarqatıw maqsetinde tayarlaw, saqlaw yamasa tarqatıw —

eń kem aylıq is haqınıń altı júz esesine shekem muǵdarda járiyma yamasa eki jıldan bes jılǵa shekem azatlıqtı sheklew yaki bes jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw menen jazalanadı...

**Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksi**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sıpatında bekkemleniwi, xalıq aralıq huqıqtıń ulıwma moyınlaǵan normalardıń tán alınıwı, sıyaqlı qaǵıydalar búgingi kúnde konsitutcionalizmniń tiykarı sıpatında qaralmaqta.

Konstituciyalıq dúzimge qaratılǵan jınayıy háreketler konstituciyalıq normalar tiykarında konstituciyalıq dúzim qorǵaladı, yaǵnıy nızamlar arqalı bekkemlep qoyılǵan jámiyet turmısına tiyisli barlıq jámiyetlik qatnasıqlar bolıp tabıladı.

Jınayat bilqastan islenedi. Jınayattı islewden maqset Ózbekstan Respublikasınıń bar bolǵan konstituciyalıq dúzimin ózgertiw bolıp tabıladı. Jınayat motivleri túrlishe bolıwı múmkin, yaǵnıy bar bolǵan konstituciyalıq dúzimge, nızamlı saylap qoyılǵan mámleketlik ǵayratkerlerge jek kóriwshilik penen qaraw h.t.b. Bul háreketler sırt el mámleketiniń tapsırmasına muwapıq islengen jaǵdayda, ayıpker mámleketke satqınlıq etkeni ushın da juwapker boladı.

Jaqsılar juwapkershilikli túrde jumıs islewi ushın nızamǵa mútáj bolmaydı. Jamanlar nızamdı buzıw ushın jol tabadı.

**Aflatun**

**159-statya. Ózbekstan Respublikasınıń konstituciyalıq dúzimine qastıyanlıq etiw**

...Hákimiyat konstituciyalıq organlarınıń nızamlı iskerligine tosqınlıq etiw yamasa olardı Konstituciyada názerde tutılmaǵan parallel hákimiyat dúzilmeleri menen almastırıwǵa qaratılǵan zorlıq háreketleri, sonday-aq, mámleket hákimiyatı wákilligi organlarınıń Ózbekstan Konstituciyasında názerde tutılmaǵan tártipte dúzilgen hákimiyat dúzilmelerin tarqatıp jiberiw haqqındaǵı qararların belgilengen múddette orınlamaw — eń kem aylıq is haqınıń eki júz esesinen altı júz esesine shekem muǵdarda jáириyma yamasa úsh jıldan bes jılǵa shekem azatlıqtı sheklew yaki úsh jıldan bes jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw menen jazalanadı...

**Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksi**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Til biriktiriw — eki yamasa onnan artıq shaxslardıń hákimiyattı basıp alıw yamasa konstituciyalıq dúzimdi awdarıp taslawǵa qaratılǵan jınayıy háreketti islew ushın óz kúshlerin biriktiriwge kelisiwi.

Hákimiyattı basıp alıw yamasa Ózbekstan Respublikasınıń konstituciyalıq dúzimin awdarıp taslaw ushın jınayıy topar dúzilgen waqıttan baslap, jınayıy maqsetke erisiwge qaratılǵan háreket islengen yaki islenbegenine qaramastan, til biriktiriw tamam bolǵan jınayat dep esaplanadı. Berilgen statyada mámleket ushın qáwipli aqıbetler kelip shıǵıwın boldırmaw, yaǵnıy hákimiyattı basıp alıw yamasa konstituciyalıq dúzimdi awdarıp taslawdıń aldın alıw maqsetinde til biriktiriw haqqında hákimiyat organlarına qálegen túrde xabar beriw marapatlanadı.

Satqınlıq, qoparıwshılıq, mámleket sırların áshkar etiw, mámleketlik sır yaki áskeriy sır esaplanǵan hújjetlerdi joq etiw sıyaqlı jınayatlar da elimizdiń konstituciyalıq dúzimine qarsı jınayatlar qatarına kiredi.

**159-statya Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq dúzimine qastıyanlıq etiw**

...Bul statyanıń birinshi yamasa ekinshi bóliminde názerde tutılǵan qılmıslar:

a) tákirar yamasa qáwipli recidivist tárepinen;

b) uyımlasqan topar tárepinen yamasa anıq máplerin gózlegen halda islengen bolsa, —

bes jıldan on jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw menen jazalanadı.

Hákimiyattı basıp alıw yamasa Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq dúzimin awdarıp taslaw maqsetinde til biriktiriw —

til biriktiriw haqqında hákimiyat organlarına ıqtıyarlı túrde xabar bergen shaxs, sonıń menen birge, kórilgen ilajlar nátiyjesinde til biriktiriwdiń aldı alınǵan bolsa, jazadan azat etiledi.

**Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksi**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**«Bunday xalıqtı jeńip bolmaydı»**

Frans Kafka:

— Qanday kitap oqıp atırsań?

— «Tashkent — nan qalası»...

— Ájayıp kitap. Jaqında men onı bir aqshamda oqıp shıqtım.

— Meninshe, bul kitap kórkem-óner shıǵarmasına qaraǵanda kóbirek hújjetke uqsaydı.

— Hárqanday haqıyqıy kórkem-óner — hújjet, gúwalıq. Bunday balaları bar xalıqtı, tap usı kitaptaǵıday, jeńip bolmaydı.

— Biraq gáp, hárqalay, sonda bolmasa kerek.

— Kerisinshe! Materiyanıń kórinisi atomdaǵı elektronlar sanı menen belgilenedi. Adamlardıń sanası sanawlı adamlardıń sanalılıǵına baylanıslı.

*Chexiyalı muzıkashı hám ádebiyatshı Gustav Yanouxtıń «Kafka menen sáwbet» inen tańlanǵan ayırım úzindi.*

## Soraw hám tapsırmalar

1. Joqarıda berilgen teksttegi «Bunday balaları bar xalıqtı, tap usı kitaptaǵıday, jeńip bolmaydı» qatarın túsindirip kóriń. Pikirińizdi keńpeyillik, insanıylıq mehri dáryalıq sıyaqlı túsinikler arqalı túsindiriń.
2. Mámleketke qıyanet etiw nelerde ańlatıladı?
3. Konstituciyalıq dúzimge qastıyanlıq etiw degende neni túsindińiz?
4. Tınıshlıqtı saqlawda siziń qanday úlesińiz bar?
5. Ózbekstan Respublikasına qarsı jınayatlar degende neni túsindińiz? Jınayat ushın qanday jaza belgilengen?
6. Tınıshlıq hám insaniyatqa qarsı jınayatlar qalay islenedi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 14-§ Ekonomika tarawındağı jınayatlar



**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Ózgelerdiń múlkin talan-taraj etiw. Jalǵan isbilermenlik.
- Salıqlar yamasa basqa májbúriy tólemlerdi tólewden bas tartıw.
- Elektr, ıssılıq energiyası, gaz, suw támiynatınan paydalanıw qaǵıydaların buzıw.



**Múlk** – huqıq subyekti tárepinen óz múlkine iyelik etiw, onnan paydalanıw huqıqların tolıq jıyındısı.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında bazar qatnasıqların rawajlandırıwǵa qaratılǵan Ózbekstan ekonomikasınıń negizin túrli formadaǵı múlk qurawı hám mámleket tutınıwshılardıń huqıqı ústinligin esapqa alıp, ekonomikalıq iskerlik, isbilermenlik hám miynet etiw erkinligin, barlıq múlk formalarınıń teń huqıqlıǵın hám huqıqıy jaqtan teń qorǵalıwına kepillik beriliwi ayrıqsha belgilep ótilgen. Sonıń menen birge jeke múlk basqa múlk formaları sıyaqlı qol qatılmaydı hám mámleket qorǵawında dep belgilep qoyılǵan.

**Dóretiwshilik jumıs**



1. *Elimiz ekonomikasınıń negizin túrli formalardaǵı múlk quraydı. Múlkke qol qatılmaydı hám ol mámleket tárepinen qorǵaladı, oǵan islengen hárqanday qastıyanlıq nızamǵa qayshı dep esaplanadı.* Bul qaǵıyda Ózbekstan Respublikası qaysı statyasında belgilengenligin anıqlań.
2. Ózbekstan Respublikası jınayat kondeksiniń X, XI, XII, XIII, XIII[1] bapların dıqqat penen oqıń. Bapta berilgen ekonomika tarawına tiyisli jınayatlardı ayırıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Dóretiwshilik jumıs

1. *«Múlkke qol qatılmaydı hám ol mámleket tárepinen qorǵaladı, oǵan islengen hárqanday qastıyanlıq nızamǵa qayshı dep esaplanadı»*. Bul qatardı túsindirip kóriń.
2. Berilgen súwretlerdi dıqqat penen baqlap, múlk formaların ajıratıń. Olardan qaysıları shaxslarǵa tiyisli bolıwı múmkin? Qaysıları mámlekettiki bolıwı múmkin?
3. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 7-statyasında berilgen qaǵıydaǵa tiykarlanıp, bul múlklerdiń qaysıların xalıq múlki dewge boladı? Pikirińizdi dálilleń.







Demek ózgeniń múlkine qastıyanlıq etiw nızam sheńberinde juwapkershilikke tartıwǵa tiykar bolıwı múmkin.

Ekonomika tarawındaǵı jınayatlarǵa ózgelerdiń múlkin talan-taraj etiw, ózgelerdiń múlkin talan-taraj etiw menen baylanıslı bolmaǵan jınayatlar, ekonomika tiykarlarına qarsı jınayatlar, xojalıq jumısı tarawındaǵı jınayatlar, isbilermenlik xızmetine tosqınlıq etiw, nızamǵa qayshı túrde aralasıw menen baylanıslı jınayatlar hám de xojalıq júrgiziwshi subyektlerdiń huqıqların hám nızamlı máplerine qastıyanlıq etetuǵın basqa jınayatlar kiredi.

**Ózgelerdiń múlkin talan-taraj etiw.** ***Talan-taraj etiw*** — bul birewdiń múlkin óziniń yamasa basqa shaxslardıń paydası ushın, múlk iyesine yamasa usı múlktiń basqa iyesine zıyan keltirip, nızamǵa qayshı hám haqı tólemey óndiriw bolıp tabıladı.

***Obyektiv tárepten talan-taraj etiw*** ózgeniń múlkin nızamǵa qayshı túrde, biypul ózi yaki basqa shaxstıń paydası ushın alıwda kórinedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ózbekstan Respublikası jınayat haqqınaǵı nızamlar talan-taraj etiw menen baylanıslı jınayatlarǵa juwapkershilikti belgilewde ol qaysı usılda islengenligine qarap ajıratıladı. Mısalı, basqınshılıq, tawlamashılıq, tilenshilik, ózlestiriw yamasa rastrata jolı menen talan-taraj etiw, aldawshılıq urlıq. Hárqanday talan-taraj etiwdiń zárúr belgisi onıń huqıqqa qayshı keliwi bolıp tabıladı.

Ózgeniń múlkin talan-taraj etiwdiń tamamlanǵan waqtı talan-taraj etiwdiń formasına baylanıslı boladı.

Talan-taraj etiw subyektiv tárepten tikkeley qastıyanlıq penen islenedi. Motivi — nápsiqawlıq.

Talan-taraj etiwdiń subyekti qatnasqa uqıpsız hám de nızamda kórsetilgen jasqa tolǵan hárqanday shaxs esaplanadı.

Basqınshılıqtıń júdá jámiyetlik qáwipliligi, dáslep, sol menen baylanıslı, bul jınayat islengende jábirleniwshilerdiń ómiri yamasa densawlıǵına da zıyan jetkeriledi yamasa bunday zıyan jetkeriliwi ushın real qáwip kelip shıǵadı hám ózgeniń mal-múlki iyelep alınadı.

Obyektiv tárepten basqınshılıq ózgeniń mal-múlkin talan-taraj etiw maqsetinde usı múlktiń iyeleniwine qarsılıq kórsetken shaxstıń ómiri yamasa densawlıǵı ushın qáwipli bolǵan fizikalıq zorlıq isletiw yamasa sonday zorlıq isletiw menen qorqıtıp hújim etiwde kórinedi. Basqınshılıqtıń obyekti ózgeniń mal-múlki, puqaralardıń ómiri hám densawlıǵı bolıp esaplanadı.

Tawlamashılıq múlkke qarsı ǵárezli jınayatlardan biri bolıp esaplanadı. Tawlamashılıqtıń jámiyetlik qáwiplilik qásiyeti onıń tek múlkshilikke emes, al múlkshilik mápleriniń erkin forması sıpatında kóriniwshi basqa (májbúriyat júklew-

Qanaat — haram menen hadallıqtıń shegarasın belgileytuǵın hújdan qazısı.

**Hikmet**

**Talan-taraj etiwdiń jasırınlıǵı** degende, jınayat mal-múlk iyesi yamasa mal-múlk isenip tapsırılǵan yaki ıqtıyarında turǵan shaxsqa sezdirmesten yaki múlk iyesi yamasa mal-múlktiń talan-taraj etiliwinen mápdar bolmaǵan basqa shaxslar joq waqtında isleniwi túsiniledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shi, miyras bolıp ótiwshi, úy-jay sıyaqlı) múlkiy qatnasıqlarǵa da qastıyanlıq etiwinen ibarat.

Obyektiv tárepten tawlamashılıq ayıpkerdiń múlk iyesinen bile tura, nızamsız túrde ózine yamasa ol kórsetken shaxslarǵa belgili bir múlkti, múlkke bolǵan huqıqtı tapsırıwdı, múlkiy máp-ler beriwdi yamasa olardıń paydasına belgili bir múlkiy kórinistegi háreketler islewdi talap etiwde kórinedi.

Talanshılıqtıń jámiyetlik qáwipliligi sonnan ibarat, bunda jınayatshı múlkke hújim ashıqtan-ashıq, sonıń menen birge ornatılǵan tártipti, huqıqıy hám ádep-ikramlılıq qaǵıydaların hám jámiyet qadiriyatların mensinbeslik penen ámelge asırıladı.

Obyektiv tárepten talanshılıq ózgeniń múlkin áshkara talan-taraj etiwde kórinedi.

Ózgeniń múlkin jasırın túrde talan-taraj etiw yamasa urlıq ekonomika tarawındaǵı eń keń tarqalǵan jınayatlardan biri.

Obyektiv tárepten urlıq ózgeniń múlkin jasırın túrde talan-taraj etiwde kórinedi.

Jalǵan isbilermenlikke ustavında kórsetilgen xızmetti ámelge asırıw maqsetin gózlemesten ssudalar, kreditler alıw, paydanı (dáramattı) salıqlardan azat etiw (salıqlardı kemeytiw) yamasa basqasha múlkiy máp kóriw maqsetinde kárxanalar hám basqa isbilermenlik shólkemlerin dúziw kiredi.

**Ózgeniń múlki** degende, ayıpkerge nızamlı túrde tiyisli bolmaǵan múlk túsiniledi.

**Huqıqqa qılapılıq** (nızamsızlıq) — iyelik etip atırǵan múlkke qarata heshqanday huqıqı bolmaǵan ayıpker shaxs tárepinen usı múlktiń iyelik etiliwi bolıp tabıladı.

## Dóretiwshilik jumıs

Ózgeniń múlkin taraj-taraj etiw, basqınshılıq, tawlamashılıq, talawshılıq, urlıq jınayatlarınıń jámiyetlik qáwiplilik dárejesin anıqlap kóriń. Bunda Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 15-statyası qaǵıydalarına múrájáát etiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Nápsiqawlıq talan-taraj etiwdiń zárúr belgisi. **Nápsiqawlıq** — bul ózi ushın yamasa basqa shaxslar ushın materiallıq payda óndiriw

Insannıń eń úlken dushpanı — bul onıń nápsi.

**Hikmet**

**Dóretiwshilik jumıs**

Ózbekstan Respublikasınıń Salıq kodeksinen elimiz aymaǵında qanday ulıwma mámleketlik salıqlar, jergilikli ornatılǵan salıqlar hám jıyımlar barlıǵın anıqlań.

Jalǵan isbilermenlik jınayatı da tikkeley qastıyanlıq penen islenedi. Bul jınayat xojalıq júrgiziwshi subyekttiń óz minnetlemelerin ekonomikalıq jaqtan orınlay almawı haqqında bile turıp, haqıyqatqa tuwrı kelmeytuǵın daǵaza beriwi kreditorlarǵa kóp muǵdarda zıyan jetkeriliwinde kórinedi.

Salıqlar yamasa basqa májbúriy tólemlerdi tólewden bas tartıw jınayatı payda (dáramat) yaki salıq salınatuǵın basqa obyektlerdi bilqastan jasırıwda, kemeytip kórsetiwde, sonday-aq mámleket tárepinen belgilengen salıqlardı yamasa basqa májbúriy tólemlerdi tólewden bilqastan bas tartıwda kórinedi. Jınayat tikkeley qastıyanlıq penen islenedi.

Elektr, ıssılıq, gaz yamasa suw támiynatınan paydalanıw tártiplerin buzıw jınayatı ulıwma paydalanıwdaǵı elektr, ıssılıq, gaz yaki suw támiynatı tarmaqlarına óz basımshalıq penen jalǵanıw yamasa elektr, ıssılıq energiyası, tábiyiy gaz, suwıq yaki ıssı suwdı esapqa alıw ásbaplarına, atap aytqanda olardıń plombalarına bilqastan zıyan jetkiziw, olardıń kórsetkishlerin ózgertiw maqsetinde sırttan aralasıwda kórinedi. Jınayat tikkeley qastıyanlıq penen islenedi.

**Dóretiwshilik jumıs**

**Tekstti oqıń hám talqılań hám pikirińizdi bildiriń.**

1. A. isimli shaxs elektr esaplaǵıshtı izge qaytarıp qoydı.
2. G. isimli shaxs kósheniń basınan ótip turǵan gaz trubasına jasırınsha jalǵanıp, ıssıxanasın (teplica) ısıtıp basladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Dóretiwshilik jumıs

1. Tekstti oqıń hám pikirińizdi bildiriń.
2. Tekstke tema qoyıń.
3. Siz gúrrińdegi qatnasıwshılardıń ornında bolǵanıńızda qanday jol tutar edińiz?
4. Mektebińizde biykarǵa janıp turǵan elektr energiyasın yamasa ishimlik suwın hesh óshirip kórgenbisiz?

*Samarqandqa xızmet saparı menen jolǵa shıqtıq. Aydawshı mashinanı 100—120km/saat tezlikte aydap basladı. Arqa orınlıqta otırǵan, shaması 60 jastı qaralap qalǵan ata: «Balam, mashinanıń tezligin asırıwıńız shárt emes, Samarqand hesh jaqqa ketpeydi, ornında tura beredi» dedi. Mashina aydawshısı bolsa atanıń gápinen narazı bolǵanday bir qarap qoydı da, tezlikti páseytti.*

*Jolda awqatlanıw ushın toqtadıq. Shayxanaǵa kiriwde qolımızdı juwdıq, biraq qol juwǵıshtıń tawlaǵıshı nasaz bolǵanlıqtan suwdı toqtata almadıq. Birge kelgen jolawshımız tawlaǵıshtı ońlawǵa kirisip ketti. Biz jeńil-jelpi awqatlanıwǵa úlgergenimizde sol, ata suwdıń tawlaǵıshın ońlaw menen áwere edi. Hámme mashinaǵa barıp otırdı, biraq ata ele tawlaǵıshtı ońlawdan bosamas edi. Aydawshınıń shıdamı tawsılıp, júkxanadan álleqanday temir-terseklerdi alıp, atanıń aldına bardı. Biz de ol adamǵa járdem beriw ushın ıqtıyarsız mashinadan tústik. Aqırı, qol juwǵıshtıń tawlaǵıshı ońlandı. Atanıń kewli tolǵan pishinde: «Mine endi suw ısırap bolmaydı» , dep kúleshıray menen bizge qaradı. Biz jáne joldı dawam ettik.*

Tábiyiy gaz hám elektr energiyası áhmiyetli materiallıq texnika resurslarınıń strategiyalıq túrleri bolıp esaplanadı.

Ulıwma paydalanıwdaǵı elektr ıssılıq, gaz yaki suw támiynatı tarmaqlarına óz basımshalıq penen, nızamda ornatılǵan tártip tiykarında wákillikli organnıń ruqsatısız jalǵanıw jámiyetlik qáwipli esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Soraw hám tapsırmalar

1. Berilgen jaǵdaylardı analizleń. Olardıń uqsas hám ózine tán táreplerin anıqlań.
2. Berilgen jaǵdaydaǵı jınayatlardıń belgilerin, obyektin hám subyektin, obyektiv hám subyektiv táreplerin anıqlań.
3. Bul waqıyalardıń jámiyettiń rawajlanıwına qanday tásiri bar? Olardıń aldın alıw múmkinbe edi?

*A) Denaw rayonınıń «Ullı jipek jolı» máhállesinde jasawshı A.S. arza menen huqıqtı qorǵaw organlarına múrájáát etip, kolledj oqıtıwshısı J.M. onı 2000 AQSh dolları esesine Rossiyadaǵı universitetlerdiń birine oqıwǵa kirgizip qoyıwdı wáde bergenin aytadı.*

*B) Termiz qalası IIB náwbetshilik bólimine qaladaǵı bazarlardıń birinde jaylasqan sawda dúkanına biytanıs bir qız kelip, ózin qarıydarday tutıp, onı hesh kim ańılıp turmaǵanına isenim payda etkennen soń, dúkan tekshesinde turǵan 295000 swmlıq 3 dana hayallar kóylegin urlap ketkeni haqqında xabar kelip tústi.*

*D) Túnde saat tórt yarımlar shamasında Ferǵana wálayatınıń Qushtepa rayonında úsh námálim shaxs júzlerine nıqap kiygen hám pıshaq penen qurallanǵan halda, Yangiarıq MPJ aymaǵındaǵı úylerdiń birine diywal arqalı órmelep túsip, úydiń iyesi F.I. hám onıń ómirlik joldası S.I.lar uyqılap jatqan ójirege bastırıp kiredi.*

*Úy iyeleri oyanıp ketkende F.I.di urıp, dene jaraqatın jetkeredi. S.I. hám usı úyde birge jasawshı qızı M.I.diń ayaq-qolların arqan menen baylap, úydegi sandıqtıń ishinen 10 mln. swm pul hám 1,5 mıń AQSh dollarlıq túrli zergerlik buyımların alıp ketedi.*

***Derek: Ózbekstan Respublikası IIM Baspasóz xızmeti***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 15-§ Basqarıw tártibine qarsı jınayatlar



**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Korrupciya hám onıń belgileri.
- Korrupciyaǵa alıp keletuǵın jaǵdaylar: para alıw hám beriw, para alıw hám beriwde dáldálshılıq etiw.

Tiykarǵı Nızamımız konstituciyalıq dúzim tiykarların bekkemlegen halda Ózbekstan Respublikasında mámleket hákimiyatı Prezident, Oliy Majlis, Ministrler Kabineti hám respublika sudları tárepinen ámelge asırılıwın belgilep bergen. Mámleket hákimiyatınıń joqarǵı organları bolsa orınlardaǵı hákimiyat organların qáliplestiredi.

Ózbekstanda mámleket hákimiyatı hákimiyattıń nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám sud tarawların bólingen halda ámelge asırıladı.

Mámleket hákimiyatı organlarınıń lawazımlı shaxslarınan tısqarı múlkshilik formasına qaramastan kárxana, mekeme hám shólkemlerde óz jumısın ámelge asırıwshı lawazımlı shaxslardıń is-háreketleri de jınayatlastırıladı.

Kárxana, mekeme hám shólkemlerdegi lawazımlı shaxslardıń iskerligi basqarıw funkciyası berip qoyılǵan ishki organlar sheńberinde de alıp barıladı.

Hákimiyat yamasa lawazım wákilligin paydalanıw jınayatınıń obyekti mámleketlik hákimiyat, basqarıw hám jergilikli ózin-ózi basqarıw



**Hákimiyat** degende málim bir usıllar — kúsh-jiger, abıray, huqıq, májbúrlew, siyasiy húkimranlıq, mámleketlik organlar sisteması arqalı adamlar xızmetine, minez-qulqına tásir etiw qábiliyeti hám imkaniyatı túsiniledi.

6. Mámleket hám huqıq tiykarları, 11 kl.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

uyımlarınıń normal xızmet kórsetiwi támiyinleytuǵın jámiyetlik qatnasıqlar, puqaralardıń huqıqları hám nızamlı mápleri bolıp esaplanadı.

Jınayat obyektiv tárepten tómendegi úsh tiykarǵı belgiden turadı:

- ➔ shaxstıń óz lawazım wákilliginen paydalanıwı kórinisindegi qılmıs;
- ➔ puqaralardıń huqıqları yamasa nızam menen qorǵalatuǵın máplerine yaki mámleket yamasa jámáátlik máplerge kóp muǵdarda zıyan yaki júdá kóp zıyan jetkeriw formasındaǵı jınayıy aqıbetler;
- ➔ qılmıs hám de kelip shıqqan jınayıy aqıbetler arasında sebepli baylanıstıń bolıwı.

Lawazımlı shaxstıń óz lawazım wákilliginen paydalanıwı eki formada:

- ➔ hákimiyat wákilliginen;
- ➔ lawazım wákilliginen paydalanıw formalarında kórinedi.

Hákimiyat yamasa lawazım wákilliginen paydalanıwdıń subyektiv tárepi bilqastan isleniwi menen sıpatlanadı.

Jınayat motivleri qılmıstıń huqıqıy bahalanıwına hám jınayıy juwapkershilikke óz tásirin kórsetpeydi.

Lawazımlı shaxstıń lawazım dárejesinen kelip shıqqan hám bul shaxstıń iyelegen lawazımı wákilligine berilgen huqıq hám minnetlemelerdi ámelge asırıw menen baylanıslı, biraq óz mazmunı jaǵınan tiyisli organnıń xızmet alıp barıwınan gózlengen maqset hám wazıypalarǵa qayshı keliwshi háreketlerin lawazım wákilliginen paydalanıw dep sıpatlanadı.

Hákimiyattı yamasa lawazım wákilliginen paydalanıw, yaǵnıy mámleketlik organ, mámleket qatnasındaǵı shólkem yamasa puqaralardıń óz-in-ózi basqarıw organı lawazımlı shaxsınıń óz lawazım wákilliklerinen bilqastan paydalanıwı puqaralardıń huqıqlarına yamasa nızam menen qorǵalatuǵın máplerine yaki mámleket yamasa jámáátlik máplerge zıyan keltiriw bolıp tabıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Korrupciya** – bul jámiyetti túrli jollar menen iskenjege alatuǵın qorqınıshlı illet. Ol demokratiya hám huqıq ústemligi negizlerine zıyan jetkeredi, insan huqıqlarınıń buzılıwına alıp keledi, bazarlar xızmetine tosqınlıq etedi, jasaw sapasın jamanlastıradı hám adamlar qáwipsizligine qáwip salatuǵın uyımlasqan jınayatshılıq, terrorizm hám basqa hádiyseler tamır urıp, gúllewi ushın jaǵday jaratıp beredi.

**Birlesken Milletler Shólkeminiń Korrupciyaǵa qarsı Konvenciyası kirisiw bóliminen Nyu-York, 2004 jıl**

Para alıw, yaǵnıy mámleketlik organ, mámleket qatnaslarındaǵı shólkem yaki puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organı lawazımlı shaxsınıń óz xızmet dárejesinen paydalanǵan halda islewi tiyis yamasa múmkin bolǵan málim bir háreketti para berip atırǵan shaxstıń máplerin gózlep orınlawı yamasa orınlamawı esesine jeke ózi yamasa dáldálshı arqalı nızamǵa qayshı ekenligin bile turıp, materiallıq baylıqlar alıwı yaki múlkiy mápdar bolıwında kórinedi.

Jınayat tikkeley qastıyanlıq penen islenedi. Korrupciya — hákimiyat hám basqarıw tiykarların jemiretuǵın, onıń xalıq aldındaǵı abırayına zıyan jetkeretuǵın, puqaralardıń nızamlı huqıq hám máplerine tásir etetuǵın qáwipli jınayıy hádiysenıń salıstırmalı kóp tarqalǵan hám ózine tán qubılısı bolıp esaplanadı.

Jınayat obyekti — mámleketlik hákimiyat hám basqarıw organları xızmetiniń ornatılǵan tártibi.

Nızam sholıw jasalıp atırǵan jınayat predmetin lawazımlı shaxstıń óz xızmet dárejesinen



Lawazımlı shaxstıń óz lawazım dárejesinen puqaralar, jámiyet hám máplerine qarsı bilqastan paydalanıwın hákimiyat wákilliginen paydalanıw dep ataladı.



Mámleketlik hákimiyat organlarınıń normal xızmetin buzıw arqalı shaxs mámleket hákimiyatına kúsh kórsetken esaplanadı.



Para tek nahaq hám zalımlarǵa járdem beriwshi dur.

**Mahmud Zamaxshariy**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

paydalanǵan halda islewi tiyis yamasa múmkin bolǵan málim bir hárekette para berip atırǵan shaxstıń máplerin gózlep orınlawı yamasa orınlamawı esesine jeke ózi yamasa dáldálshi arqalı nızamǵa qayshı ekenligin bile turıp, materiallıq baylıqlar alıwı yaki múlkiy payda kóriw túsiniletuǵın «para» ataması menen belgileydi.

Hár qanday materiallıq baylıqlar: pul, sırt el valyutası, qımbat bahalı buyımlar, qımbat bahalı qaǵazlar, azıq-awqat yamasa sanaat ónimleri hám basqalar para predmeti bolıwı múmkin.

Para alıwdıń subyektiv tárepi — tikkeley qastıyanlıq: ayıpker (para alıwshı) materiallıq baylıqlar yamasa múlkiy payda oǵan óziniń xızmet dárejesinen kelip shıǵıp, para beriwshi mápinde qandayda bir háreketti islew yaki islemew ushın para sıpatında berilip atırǵanların ańlaydı hám bunı qáleydi.

Para beriw jınayattıń obyekti hám predmeti — para beriw — para alıw jınayatı quramı belgileri menen birdey. Jınayat obyektiv tárepten lawazımlı shaxsqa tikkeley yamasa dáldálshı arqalı para beriwde kórinedi. Para beriw, lawazımlı shaxstıń óz xızmet dárejesinen paydalanǵan halda islewi tiyis yamasa múmkin bolǵan málim bir háreketti para bergen shaxstıń mápin gózlep orınlawı yamasa onıń múlkiy mápdar etiliwinde kórinedi.

«Jalǵan dáldálshı», yaǵnıy lawazımlı shaxsqa beriw zárúrligin sıltawlap, qandayda bir adamnan para alǵan, biraq aldaw jolı menen onı ózlestirgen shaxs aldawshılıq ushın juwapkershilikke tartıladı. Para bergen shaxstıń háreketleri para beriwge qastıyanlıq sıpatında kvalifikaciyalanadı.

Para beriw arqalı háreket yamasa hárketsizlikke erisiw ushın basqa shaxsqa para usınǵan shaxs

Lawazımlı shaxstıń lawazım dárejesinen kelip shıqqan hám bul shaxs iyelegen lawazımı wákilligine berilgen huqıq hám minnetlemelerdi ámelge asırıw menen baylanıslı, biraq óz mazmunı boyınsha tiyisli organnıń xızmet alıp barıwınan gózlengen maqset hám wazıypalarǵa qayshı keliwshi háreketlerin lawazım wákilliginen paydalanıw dep sıpatlanadı.

Para ońlanıp ketken islerdi buzadı, pitken islerdi wayran etedi.

**Yusuf Xas Hajib**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

para beriwshi sıpatında juwapkershilikke tartıladı. Para ornına málim bir háreketlerdi orınlawǵa kelisken shaxs hám paranı tapsırǵan shaxs para beriwde qatnasıwshılar sıpatında juwapkershilikke tartıladı.

Para alıwshı hám beriwshiden parıqlı túrde, dáldálshı materiallıq baylıqlar hám basqalar esesine óz mápleri jolında lawazımlı shaxs penen bir háreketti orınlaw yamasa orınlamaw ushın háreket etpeydi, al tek ǵana para alıwshınıń kórsetpesi menen para predmetin tuwrıdan-tuwrı beredi. Para alıw-beriwdi shólkemlestiriwshi shaxs, dáldálshılıq yamasa járdemshilik etip, bir waqıttıń ózinde dáldálshılıq etse, para bergen yamasa alǵanlıqta qatnasıwshılıq etkeni ushın juwapkershilikke tartıladı.

Subyektiv tárepten jınayat tikkeley qastıyanlıq penen islenedi. Ayıpker onıń háreketleri para alıw-beriw haqqındaǵı kelisimge erisiw, para alıwshı hám beriwshiniń tapsırması menen para beriwge qaratılǵanlıǵın biledi hám de qáleydi.

## Soraw hám tapsırmalar

1. Lawazımlı shaxstıń óz wákilliklerinen nızamǵa qayshı túrde paydalanıwı qanday háreketlerde kórinedi?
2. Hákimiyat yamasa lawazım wákilliginen paydalanıw menen lawazım wákilliginen paydalanıw jolı menen ózlestiriw yamasa rastrata jolı menen talan-taraj etiw jınayat arasında qanday ayırmashılıqlar bar?
3. Para beriw hám para alıwdıń qanday ulıwma tárepleri bar?
4. Para beriwdiń xızmetkerdi para berip qaratıp alıwdan parqı nede?

Para – para beriwshi máplerinde málim bir háreketler islew ushın berilgen nızamsız sıylıq bolıp esaplanadı.

Lawazımlı shaxs tárepinen óz lawazım dárejesinen paydalanıw degende tek lawazımlı shaxs wákilligine kiretuǵın háreketlerdi islew emes, al para beriwshi máplerinde basqa lawazımlı shaxslarǵa tásir etiw arqalı olardıń wákilliklerinen paydalanǵan halda málim bir háreketler islew de túsiniledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 16-§ Jámáát qáwipsizligine qarsı jınayatlar

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Miynetti qorǵaw tártip-qaǵıydaların buzıw.
- Sanitariyaǵa tiyisli nızam hújjetlerin yamasa epidemiyaǵa qarsı gúresiw tártip-qaǵıydaların buzıw.
- Órt qáwipsizligi tártip-qaǵıydaların buzıw.

Miynetti qorǵaw qaǵıydaların buzıw texnika qáwipsizligi, sanaat sanitariyası yamasa miynetti qorǵawdıń basqa qaǵıydaların ámel etiliwi ushın juwapker bolǵan shaxs tárepinen buzılıwı túsiniledi.

## Miynetti qorǵaw tártip-qaǵıydaların buzıw

Bul jınayattıń obyekti, múlkshilik formasına qaramastan, kárxana, mekeme, shólkemlerde islep atırǵan shaxslardıń miynet sharayatların tártipke salıwshı jámiyetlik qatnasıqlar bolıp esaplanadı.

Kárxanalar, mekemeler, shólkemlerde tek turaqlı islep atırǵan shaxslar emes, al waqtınsha islep atırǵan shaxslar da jábirleniwshi bolıwı múmkin.

Jınayat obyektiv tárepten ortasha yamasa awır dene jaraqatınıń jetkeriliwine sebep bolǵan:

- texnika qáwipsizligi;
- sanaat sanitariyası;
- miynetti qorǵawshı basqa tártip-qaǵıydalardıń buzılıwınan ibarat.

Hárbir shaxs miynet etiw, erkin kásip tańlaw, ádil miynet sharayatlarında islew hám nızamda kórsetilgen tártipte jumıssızlıqtan qorǵanıw huqıqına iye

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń**
**37-statyası**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Subyektiv tárepten jınayat ayıptıń bilqastan yamasa abaysızlıq formaları arqalı islenedi.

Jınayattı islew motivi hám onnan gózlengen maqset jınayattı kvalifikaciyalawǵa tásir etpeydi.



## Sanitariyaǵa tiyisli nızam hújjetlerin yamasa epidemiyaǵa qarsı gúresiw tártip-qaǵıydaların buzıw

Jınayattıń obyekti jámáát qáwipsizligi, adamlardıń ómiri hám densawlıǵı bolıp tabıladı.

Obyektiv tárepten jınayat adamlardıń ǵalabalıq keselleniwine yamasa záhárleniwine alıp kelgen:

➔ sanitariyaǵa tiyisli nızam hújjetlerin;

### Dóretiwshilik jumıs



Berilgen jaǵdaylardı dıqqat penen oqıń hám tema menen baylanıstırıń. Waqıyalardıń aldın alıw ushın ne islew kerek?

1. *Ferǵana wálayatı Taslaq rayonında jasawshı puqara Sh.A. nıń úyinde gaz ballonnan abaysızlıq penen paydalanıw aqıbetinde órt kelip shıǵıp, úydiń 100 kv. metr maydanındaǵı bastırması, shift bólegi hám úy buyımları janıp zıyanlanǵan.*
2. *Namangan wálayatınıń Namangan qalasında aydawshı Sh.Q. basqarıwında bolǵan «GAZ-53» markalı júk avtomobiliniń gaz buyımlarınıń nasazlıǵı nátiyjesinde órt kelip shıqqan. Órttiń aqıbetinde aydawshı Sh.Q. hám jolawshı B.Q. dene jaraqatın alıp, emlawxanaǵa jaylastırılǵan.*
3. *Tashkent wálayatında jaylasqan juwapkershiligi sheklengen jámiyetke tiyisli lak-boyaw ónimlerin islep shıǵarıw cexında órt kelip shıqtı.*
4. *Tashkent qalasınıń Úshtepa rayonında jasawshı puqara S.T.nıń mal qorasında elektr sımlarınıń qısqa tutasıwınan órt payda bolıp, mal qoranıń 30 kv. metr maydanda hám de qońsı úydiń 90 kv metr maydanında tam bastırmaları janıp zıyanlanǵan.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ǵalaba keselleniw degende bir aymaqtaǵı kóp sanlı adamlardıń málim bir waqıt ishinde keselleniwin túsiniw.

→ epidemiyaǵa qarsı gúresiw tártip-qaǵıydaların buzıwda kórinedi.

Bul statya dispoziciyası blanketli bolıp, hárbir jaǵdayda sanitariyaǵa tiyisli nızam hújjetlerin yamasa epidemiyaǵa qarsı gúresiw tártip-qaǵıydalarınıń qaysı bándi buzılǵanlıǵı ayrıqsha anıqlanıwı tiyis.

Subyektiv tárepten jınayat bilqastan yaki abaysızlıq aqıbetinde islenedi.

## Órt qáwipsizligi tártip-qaǵıydaların buzıw

Jınayattıń obyekti órt qáwipsizligi, yaǵnıy adamlardıń, jámáát hám mámleket múlkiniń órtten qorǵalǵanlıq jaǵdayı bolıp esaplanadı.

Obyektiv tárepten jınayat órt qáwipsizligi qaǵıydalarınıń usı tártip-qaǵıydalardıń orınlanıwı ushın juwapker bolǵan shaxs tárepinen buzılıwı denege ortasha yamasa awır jaraqat jetkeriliwine alıp keliwinde óz kórinisin tabadı.

Órt qáwipsizligi qaǵıydaları — órttiń aldın alıwǵa qaratılǵan talaplar, normalar hám standartlarǵa boysınıw tártibin belgilewshi anıq bir qaǵıydalar jıyıntıǵı.

### Soraw hám tapsırmalar

1. Miynetti qorǵaw tártip-qaǵıydaların buzıw qanday huqıqıy aqıbetlerge alıp keledi?
2. Ǵalabalıq keselleniw degende neler názerde tutıladı? Pikirińizdi tastıyıqlaw ushın mısallar keltiriń.
3. Órt qáwipsizligi qaǵıydaların buzıw jınayatınıń subyektiv tárepleri aytıń.
4. Miynetti qorǵaw, sanitariyaǵa tiyisli nızam hújjetlerin, epidemiyaǵa qarsı gúresiw, órt qáwipsizligi qaǵıydaların buzıw jınayatları bilqastan yamasa abaysızlıq nátiyjesinde islengen bolıp esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 17-§ Informaciyalıq texnologiyalar tarawındaǵı jınayatlar

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Informaciyadan erkin paydalanıw huqıqı.
- Informaciyalastırıw qaǵıydaların buzıw. Kompyuter informaciyasınan nızamǵa qayshı (ruqsatsız) paydalanıw.
- Kompyuter sistemasınan nızamǵa qayshı túrde (ruqsatsız) paydalanıw ushın arnawlı qurallardı ótkeriw maqsetin gózlep tayarlaw yamasa ótkeriw hám tarqatıw.

## Informaciyadan erkin paydalanıw huqıqı

Házirgi kúnde informaciya jámiyetlik turmıstı qurıwdıń zárúr faktorlarınan birine aylanıp barmaqta. Sonıń menen birge, insan iskerliginiń informaciya alıw hám onı qayta islew procesleri menen baylanıslı bolmaǵan birde-bir tarmaǵı qalmaǵan. Tez pát penen rawajlanıp baratırǵan házirgi dúnyada puqaralardıń jańa sharayatlarǵa beyimlesiwine kómeklesiw, olarǵa bolıp atırǵan waqıyalar, procesler, hádiyseler haqqında xabar berip barıw, sonday-aq, puqaralar, jámiyetlik institutlar hám mámleketlik hákimiyat organları arasında nátiyjeli qatnaslar sistemasın ornatıwǵa sharayat jaratıwda, eń dáslep, puqaralardıń informaciyadan paydalanıw menen baylanıslı konstituciyalıq huqıqların ámelge asırıw hám kepillik beriw máselesi zárúr áhmiyetke iye.

Informaciya tek málim bir maǵlıwmatlardan turatuǵın obyekt, mısalı, maqala yaki xabar

Ózbekstan Respublikasınıń «Informaciya erkinligi principleri hám kepillikleri haqqında»ǵı Nızamın dıqqat penen oqıp shıǵıń hám ondaǵı «informaciya erkinligi»ne dıqqat qaratıń.

***Informaciya*** – insan óz seziw organları arqalı qabıllaytuǵın barlıq signallar kompleksi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Informaciyadan erkin paydalanıw huqıqı insannıń dúnyaǵa keliwi menen oǵan beriletuǵın, nızam menen qadaǵan etilmegen hár qanday informaciyanı alıw, saqlaw, tarqatıw, jańalaw múmkin bolǵan háreketlerdiń fundamental hám de kompleks huqıqı bolıp tabıladı. Tábiyiy, bunday jaǵday basqa shaxslar, mámleket hám jámiyettiń informaciya boyınsha qáwipsizligine zıyan jetkermewi zárúr.



sıpatında bolıp qalmastan, al subyekttiń ózi úyrenip atırǵan obyekt penen óz ara baylanısıw procesi sıpatında da túsiniliwi tiyis.

XX ásirdiń aqırlarına kelip, informaciya jámiyette tábiyiy, finanslıq (qarjı), miynet hám basqa resurslarǵa qaraǵanda kúshli hám sezilerli erkin jámiyetlik-siyasiy qubılıs sıpatında kórine basladı. Informaciya «kim», «qashan», «ne», «qay jerde», «qansha» degen sózler menen baslanıwshı sorawlarǵa juwap kórinisinde ańlatıladı.

...Hárkim pikirlew, sóz hám isenim erkinligi huqıqına iye. Hárkim ózi qálegen informaciyanı izlew, alıw hám onı tarqatıw huqıqına iye, ámeldegi konstituciyalıq dúzimge qarsı qaratılǵan informaciya hám nızam menen belgilengen basqa sheklewler buǵan kirmeydi.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 29-statyasınan**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bilim bolsa, óz náwbetinde, «qanday» degen sóz benen baslanatuǵın sorawlarǵa juwap kóriniside boladı. Demek, informaciyadan paydalanıw bilim alıwdıń ózgergen forması bolıp esaplanadı.

## Informaciyalastırıw qaǵıydaların buzıw

Ózbekstan Respublikası Konstituciyası puqaralardıń informaciyaǵa bolǵan huqıqların kórsetken halda, onıń tiykarǵı mazmunın bir qansha normalarda belgilep beredi. Biraq bazıda berilgen huqıqtan durıs paydalanbaw aqıbetinde de huqıqıy juwapkershilikler kelip shıǵadı. Mısalı, kompyuter sistemasınan paydalanıwǵa ruqsatı bolǵan shaxs tárepinen usı sistemadan paydalanıw qaǵıydalarınıń buzılıwı aqıbetinde kompyuterdegi informaciya joq bolıp ketse, tosıp qoyılsa, kompyuter úskenesiniń jumısı buzılsa, ol Hákimshilik juwapkershilik haqqındaǵı kodekstiń $155^1$-statyası boyınsha juwapkershilikke tartıladı. Xat-jazıspalar, telefonda sóylesiw, telegraf xabarları yaki basqa xabarlardıń sır saqlanıwı tártibin buzıw bolsa, jınayıy juwapkershilikke tartıwǵa tiykar bolıwı múmkin. Aqırı

**Xalıq aralıq huqıq**

Heshkim insannıń jeke yamasa shańaraq turmısına óz basımshalıq penen aralasıwı, insannıń úy-jayı qol qatılmaslıǵına, onıń xatlarındaǵı sırlarǵa yamasa ar-namısı hám abırayına óz basımshalıq penen kúsh kórsetiwi múmkin emes. Hárbir insan mine sonday aralasıw yamasa kúsh kórsetiwden nızamlı jol menen qorǵanıw huqıqına iye.

**Insan huqıqları pútkil dúnya deklaraciyası, 12-statya**

Informaciya – bul biziń sırtqı dúnyaǵa beyimlesiw procesinde onnan alatuǵın maǵlıwmatlardı ózinde ańlatatuǵın túsinik.

**N. Viner,**
*Kibernetika ilimniń tiykarın salıwshılardan biri*

Sır saqlanatuǵın ilim-texnika, óndiris, ekonomika, sawdaǵa tiyisli yaki basqa sol sıyaqlı informaciyanı iyesiniń razılıǵısız áshkar etiw yamasa onnan paydalanıw maqsetinde hár qanday usılda toplaw da jınayıy juwapkershilikke tartılıw ushın tiykar bolıwı múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**155-statya. Informaciyadan paydalanıw qaǵıydaların buzıw**

Informaciya sistemasınan paydalanıw maqsetinde oǵan ruqsatsız kirip alıwda kóringen informaciya hám informaciya sistemalarınan paydalanıw qaǵıydaların buzıw —

puqaralarǵa eń kem is haqınıń úshten bir bóliminen bir esesine shekem, lawazımlı shaxslarǵa bolsa — bir esesinen úsh esesine shekem muǵdarda járiyma salıwǵa sebep boladı.

Informaciyalıq sistemalardıń islewin buzıwǵa alıp kelgen tap sonday huqıq buzarlıq, sonday-aq kiriw sheklengen informaciya sistemaların informaciya-esaplaw tarmaqlarına jalǵaw waqtında tiyisli qorǵanıw ilajların kórmew — puqaralarǵa eń kem is haqınıń bir esesinen úsh esesine shekem, lawazımlı shaxslarǵa bolsa — úsh esesinen bes esesine shekem muǵdarda járiyma salıwǵa sebep boladı.



Yuridikalıq hám fizikalıq táreplerdiń informaciya sistemaların xalıq aralıq informaciya tarmaqlarına nızamǵa qayshı túrde jalǵaw, bul tarmaqlarǵa tiyisli qorǵanıw ilajların kórmesten jalǵanıw, sonday-aq olardan maǵlıwmatlardı nızamǵa qayshı túrde alıw —

puqaralarǵa eń kem is haqınıń eki esesinen bes esesine shekem, lawazımlı shaxslarǵa bolsa — bes esesinen jeti esesine shekem muǵdarda járiyma salıwǵa sebep boladı.

Óziniń elektron esaplaw mashinaları ushın jaratılǵan programması yamasa maǵlıwmatlar bazasın óz atınan shıǵarıw yaki nızamǵa qayshı túrde onnan nusqa alıw yamasa bunday miynetlerdi tarqatıw —

puqaralarǵa eń kem is haqınıń bir ese- sinen úsh esesine shekem, lawazımlı shaxs-larǵa bolsa — úsh esesinen bes esesine shekem muǵdarda járiyma salıwǵa sebep boladı.

**Hákimshilik juwapkershilik haqqındaǵı kodeks**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bunday jınayat tek bilqastan islenedi. Jınayattıń isleniw motivi hám bunnan gózlengen maqset onıń kvalifikaciyası ushın áhmiyetke iye emes. Bul jınayattıń obyekti puqaralardıń xat-jazıspaları, telefondağı sóylesiwler, telegraf yamasa

## Dóretiwshilik jumıs

1. Tómendegi waqıyanı oqıń. Waqıya qatnasıwshılarınıń iskerligine huqıqıy jaqtan baha beriń.
2. Kimniń qanday huqıqları buzılğan?
3. Siz mine sonday waqıyağa gúwa bolsańız, qanday jol tutar edińiz?

*Úlken tánepis waqtında Nadira óziniń «Ádebiyat» sabaqlığı úyde qalıp ketkeni sebepli dostı Gúlnaradan sabaqlığın berip turıwdı soradı. Gúlnara asxanağa ketip baratırğanlığın aytıp, sumkasınan alıwğa ruqsat berdi. Nadira dostısınıń sumkasındağı shıraylı bezelgen dápterdi kórip qaldı hám onı alıp oqıdı. Bul dápter qızdıń qoyın dápteri bolıp, oğan óziniń bastan keshirgenlerin hám qosıqların jazar edi. Gúlnara asxanadan qaytqanda, klasstağı barlıq qızlar bir bolıp állebir nárselerdi oqıp, bazıları kúliser, basqaları bolsa: «Júdá zor qosıq jazar eken», dep qoyısar edi. Gúlnara qızlarğa jaqınlasar eken, olardıń qolında óziniń qoyın dápterin kórdi.*

*Onıń júzleri qızarıp, júregi tez-tez urar, ayağında dármanı qalmadı. Qolı menen júzin bekitse, tap hámmesi ótip ketetuğınday, qolın erksiz júzine bastı. Gúlnara tereń bir dem aldı. Ayaqlarına birden jan enip, onı Nadira tárepke basladı. Gúlnara dostınıń qolındağı sabaqlıqtı tartıp alar eken, júzine shapalaq tartıp jiberdi de: «Uyatsız, men sağan biykarğa isenippen!» dedi...*





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE






basqa xabarlardıń sır saqlanıwına bolǵan konstituciyalıq huqıqları bolıp esaplanadı.

Obyektiv tárepten jınayat shaxslardıń pochta-telegraf xabarları yamasa telefonda sóylesiwiniń mazmunı menen nızamsız tanısıwında yaki puqaralardıń xatları, telegrammaları, telefaks, elektron pochta hám basqalar arqalı jiberilip atırǵan maǵlıwmatlardı usı informaciyalar iyesiniń razılıǵısız áshkar etiliwinde kórinedi.

## Soraw hám tapsırmalar

1. Xat-jazıspalar, telefonda sóylesiw, telegraf yaki basqa xabarlardıń sır saqlanıwı tártibin buzıw degende neni túsindińiz?
2. Berilgen súwretlerdi informaciya desek, olardan qaysıları ushın juwapkershilik belgileniwi múmkin.
3. Informaciyalardı unamlı hám unamsızlarǵa ajıratıw múmkin be? Pikirińizdi tiykarlań.
4. Informaciya qáwipsizligi máselesi hám globallasıw arasında qanday baylanıs bar?
5. «Informaciyalıq huruj»dan siz qalay qorǵanǵansız?
6. Shańaraǵıńızǵa tiyisli bolǵan maǵlıwmatlar qorǵalıwı shárt dep esaplaysızba. Ne ushın?
7. Sizge tanısıńızdan xat keldi. Xattı alǵanıńızda konvertti birewdiń ashqanın bilip qaldıńız. Qanday jol tutasız?
8. Sizge kimnendur xat kelipti. Biraq pochtashı mánzildi aljastırıp xattı siziń pochta qutıńızǵa qaldırıptı. Siz qanday jol tutqan bolar edińiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# III bólim. FINANS HUQÍQÍ

## 18-§ Ózbekstanda finans-kredit sisteması

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Konstituciya finans-kredit huqıqınıń tiykargı deregi.
- Finans hám mámlekettiń finanslıq iskerligi.

Finans pul qarjıları qorların jaratıw hám olardan paydalanıw procesindegi jámiyetlik qatnasıqlardı sáwlelendiriwshi ekonomikalıq kategoriya.

### Konstituciya finans-kredit huqıqınıń tiykargı deregi

Finanslıq huqıq erkin huqıq tarmagı bolıp esaplanadı. Finanslıq huqıq Ózbekstan Respublikası nızam hújjetleriniń tiyisli tarawı sıpatında belgilenedi. Finans huqıqıy normalar járdeminde mámleket tárepinen finanslıq sistema háreketke keltiriledi hám onnan paydalanıladı. Bul taraw túrli huqıq tarawları menen tártipke salınadı. Fi-

**Huqıq tariyxınan**

Finanstıń payda bolıwı tovar-pul qatnasıqlarınıń rawajlanıwı hám mámlekettiń óz funkciyasın orınlawı finanslıq resurslarga mútájliligine baylanıslı. Bul atama XII—XV ásirlerde Italiyada payda boldı. Geniya, Veneciya, Florenciya sawda, pul esap-kitapları hám bankleriniń xızmetinde aylanısqa kirgizildi. Soń onı mámleket tárepinen óz wazıypaların sheshiw ushın jiberiletugın pul qatnasıqları sisteması, pul jamgarmaların payda etiw menen baylanıslı túsinik sıpatında qollanıp basladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

nans tarawı finans huqıqın pútkilley qamtıp alsa da, finanslıq sistemanıń túrli basqıshlarında onıń normaları túrlishe qollanıladı. Qullası, finans huqıqıy predmetin — mámleket hám hákimshilik-aymaqlıq dúzilmeleriniń finansı quraydı. Finans huqıqı finanslıq sistemanıń basqa buwınları menen tıǵız baylanıslı.

Finans túsinigi júdá keń bolıp, óz mánisi boyınsha, ekonomikalıq kategoriyalardan biri bolıp tabıladı. Bunday kategoriyalarǵa «pul», «payda», «ózine túser baha» sıyaqlı basqa ekonomikalıq túsinikler de kiredi. Bular kategoriyanıń mánisin hám jámiyet rawajlanıwındaǵı rolin belgilewshi túrlishe wazıypalardı atqaradı. Mámleket hám jergilikli hákimiyat organları pul qorlarında qarjılardı toplaw hám onnan paydalanıw menen baylanıslı bolǵan qatnasıqlar finans huqıqı menen tártipke salınadı. Ózbekstan Respublikası Konstituciyası finanslıq nızam hújjetleriniń tiykarǵı negizin quraydı. Mámleket finanslıq qatnasıqlar hám iskerligin huqıqıy jaqtan tártipke salıwdıń tiykarları Konstituciyanıń XXV «Finans hám kredit» babında bekkemlep qoyılǵan.

Ózbekstan Respublikası finans sisteması tómendegi buwınlardan quralǵan:

a) mámleket byudjeti, onıń dúzilmesine kiriwshi respublika byudjeti, Qaraqalpaqstan Respublikası byudjeti hám jergilikli byudjetler;

b) mámlekettiń maqsetli qorları hám byudjetten tısqarı qorlar;

d) xojalıq júrgiziwshi subyektler hám ekonomikalıq tarmaqlar finansı;

e) kredit (mámleket krediti hám bank krediti);

f) múlkti qamsızlandırıw hám jeke qamsızlandırıw.

Finans ulıwma mámleket mútájliklerin qarjılandırıw ushın zárúr bolǵan pul qarjıların jaratıw, bólistiriw hám olardan paydalanıw menen baylanıslı bolǵan ekonomikalıq qatnaslar sisteması bolıp tabıladı.

Mámlekettiń finanslıq xızmeti degende oraylasqan hám oraylaspaǵan pul qorların muwapıq hám rejeli shólkemlestiriw, onı bólistiriw hám paydalanıwdı túsinemiz.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Mámlekettiń finanslıq xızmeti

Mámleket óz aldında turǵan wazıypalardı orınlawda málim bir xızmet túrin ámelge asıradı. Finanslıq xızmet procesinde payda bolatuǵın huqıqıy qatnasıqlardı finans huqıqı tártipke saladı.

Bunday qatnasıqlardı tómendegi toparlarǵa bóliw múmkin

1. Mámleket hám hákimshilik-aymaqlıq dúzilmelerdiń byudjet tarawındaǵı xızmeti;
2. Mámleket hám hákimshilik-aymaqlıq dúzilmelerdiń salıq tarawındaǵı xızmeti;
3. Mámleket hám hákimshilik-aymaqlıq dúzilmelerdiń kredit tarawındaǵı xızmeti;
4. Mámleket hám jergilikli kárxanalardıń finanslıq xızmeti;
5. Májbúriy qamsızlandırıw tarawındaǵı mámlekettiń xızmeti;
6. Mámleket hám jergilikli organlardıń byudjetten tısqarı qorlar tarawındaǵı xızmeti.

Mámlekettiń finanslıq xızmeti mámleket moynındaǵı funkciyalardıń orınlanıwın támiyinlew jolında pul qarjıların toplaw, bólistiriw (qayta bólistiriw) tarawındaǵı ilajlardan turadı. Bul xızmet finanslıq qarjılardı toplaw hám finanslıq qarjılardı sarplaw arqalı ámelge asırıladı.

Finanslıq qarjılardı sarplaw ushın qarjılandırıw hám kreditlestiriw usılları qollanıladı.

Qarjılandırıw negizinde tiykarınan byudjet shólkemlerine mámleket byudjetinen pul qarjıları qaytarılmaw negizinde ajıratıladı.

Qarjılandırıw tiykarında ajıratılǵan pul qarjıları kárxana, shólkem hám puqaralar tárepinen málim bir waqıtqa shekem qaytarılıwı tiyis. Pul qarjısı belgili bir múddetke, málim summada qaytarıw shárti menen ajıratıladı.



**Oraylasqan qorlar** respublika, wálayatlar, rayonlar qorlarınan turıp, olardan tek usı aymaqlardıń mútájlikleri ushın ǵana paydalanıladı.

**Oraylasqan qorlar** kárxana hám shólkemler pul qorları bolıp, olar islep shıǵarıw hám basqa jámiyetlik maqsetlerge qollanıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Dóretiwshilik jumıs**

Ekonomikalıq bilim tiykarları páninen alǵan bilimlerińizge súyenip, tómendegi sorawlarǵa juwap beriwge háreket etiń.

1. Elimizde qanday salıqlar engizilgen?
2. Májbúriy tólemler degende neni túsinesiz? Qanday májbúriy tólemlerdi bilesiz?

Mámlekettiń finanslıq xızmeti tómendegi bir neshe principler tiykarında ámelge asırıladı:

- nızamlılıq principi;
- finanslıq xızmetti ámelge asırıwda demokratiyalıq principi;
- finanslıq xızmetti ámelge asırıwda puqaralardıń hám miynet jámáátleriniń qatnasıw principi;
- milliy siyasat principi.

Ózbekstan mámleketiniń finanslıq xızmeti — bul Ózbekstan Respublikasında jámiyetlik, ekonomikalıq, mádeniy tarawdaǵı wazıypalardı ámelge asırıw, mámlekettiń qáwipsizligi hám qorǵalıwın támiyinlew maqsetinde pul qorların rejeli shólkemlestiriw, onı bólistiriw hám onnan maqsetke muwapıq paydalanıw bolıp esaplanadı.

**Soraw hám tapsırmalar**

1. Ózbekstan Respublikası finans sisteması buwınların túsindirip beriń.
2. Huqıq sistemasında finans huqıqınıń tutqan ornı nede?
3. Finans huqıqı qanday qatnasıqlardı tártipke saladı?
4. Mámleket óziniń finanslıq xızmetin qalay ámelge asıradı?
5. Siziń ómirińizde mámlekettiń finanslıq xızmeti qalay sáwlelenedi?
6. Bilimlendiriw tarawında mámleket qanday finanslıq xızmetti ámelge asıradı?
7. Ózbekstan Respublikası finanslıq xızmeti túsinigi.
8. Pul qarjıların toplaw hám onıń túrleri.
9. Pul qarjıların bólistiriw hám onıń túrleri.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 19-§ Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar túsinigi hám olardıń ózine tán qásiyetleri.
- Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlardıń túrleri.
- Finans huqıqı subyektleri túsinigi hám sisteması.

## Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar túsinigi hám olardıń ózine tán qásiyetleri

Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar huqıqıy qatnasıqlardıń belgili bir túrin quraydı. Soǵan muwapıq hárqanday huqıqıy qatnasıqqa tán bolǵan ulıwma nárseler oǵan da tán bolıp tabıladı.

Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar ayırım ózine tán qásiyetlerge de iye bolıp, bul qásiyetler olardı huqıqıy qatnasıqlardıń basqa túrlerinen ayırıw ushın imkan beredi.

Bul qásiyetler olardıń kelip shıǵıw tarawı (mámlekettiń finanslıq xızmeti), finanslıq-huqıqıy tártipke salıwdıń ózine tánligi (mámlekettiń finanslıq xızmetin ámelge asırıwshı organnıń erk ıqrarınıń imperativligi hám bir táreplemeligi), huqıqıy tártipke salıw obyekti sıyaqlılar menen belgilenedi.

Finanslıq qatnasıqlardıń tiykarǵı qásiyetleri tómendegilerden ibarat:

— *birinshiden,* finanslıq- huqıqıy qatnasıqlar tek mámleket pul qorların rejeli jaratıw, bólistiriw hám olardan paydalanıw procesinde kelip shıǵadı;

— *ekinshiden,* finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar kóbinese múlkiy qatnasıqlardıń túrlerinen esapla-

Finanslıq-huqıqıy qatnas — bul mámlekettiń finanslıq xızmetinde kelip shıǵatuǵın, múlkiy qásiyetlerge iye bolǵan finanslıq-huqıqıy norma menen tártipke salınǵan jámiyetlik qatnas.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar barlıq waqıt pul qarjıları sebepli kelip shıǵadı.

Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlardı belgilewshi qásiyeti sonnan ibarat, olar tiykarınan mámleket hám jámiyetlik turmıstıń arnawlı tarawında, yaǵnıy mámlekettiń usı finanslıq xızmeti tarawında quraladı.

nadı, sebebi bul qatnasıqlar obyekti sıpatında pul qarjıları qatnasadı;

— *úshinshiden,* finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar tároplerinen biri sıpatında hámme waqıt mámleket yaki onıń wákillikli organı qatnasadı.

## Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlardıń túrleri.

## Finans huqıqı subyektleri túsinigi hám sisteması

Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlardıń birneshe túrlerin ajıratıp kórsetiw múmkin. Mısalı, finans sistemasınıń tiyisli buwınına qarap, byudjet, salıq, mámleket kreditin dúziw boyınsha, qamsızlandırıw, pul aylanısı hám esap-kitaplar, valyutanı tártipke salıw sıyaqlı huqıqıy qatnasıqlar h.t.b.

Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlardı materiallıq hám processual huqıqıy qatnasıqlarǵa ayırıw qabıl etilgen.

Materiallıq finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar finans huqıqı subyektleriniń finanslıq-huqıqıy normalar materiallarında bekkemlengen huqıq hám

### Dóretiwshilik jumıs

Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlardıń; tiykarǵı obyekti esaplanǵan finanslıq xızmeti tuwrıdan-tuwrı hám tikkeley mámlekettiń erkıqrarı hám máplerin ańlatadı.

1. Mámlekettiń erk-ıqrarı hám máplerin ańlatadı, degende neni túsindińiz?
2. Mámlekettiń erk-ıqrarı túsinigin Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 2-statyası menen baylanıstırıp túsindiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

minnetlemelerin ámelge asırıw usılı bolıp esaplanadı.

Processual finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar mámlekettiń pul qorların bólistiriw tártibi, olardan paydalanıwdı qadaǵalaw forması hám usılların belgilew múnásibeti menen kelip shıǵadı.

Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar óz obyektlerine iye. Bul obyektler, eń dáslep, pul hám pul minnetlemeleri bolıp tabıladı, biraq tek usı menen sheklenip qalmastan, pul qarjılarınıń tamamlanıwı hám sarıplanıwın támiyinlewshi tártip-qaǵıydalar, finanslıq qatnas qatnasıwshılarınıń nızam sheńberindegi is-háreketi de kirgiziliwi múmkin.

Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar eki tárepleme qatnas bolıp, bunda minnetlemelerdiń orınlanıwın hámmeden hám barlıq waqıt talap etiw wákilligine iye bolǵan mámleket (onıń finans, salıq, kredit mekemeleri), ekinshi tárepten bolsa finanslıq-huqıqıy normalarǵa qaratılǵan basqa tárepler (mámleket hám jámáátlik shólkemler, yuridikalıq hám fiziakalıq shaxslar) qatnasadı.

Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar — qatnas obyekti, qatnas subyekti, qatnas mazmunın quraydı.

Finans huqıqı normaları talapları finanslıq-huqıqıy qatnasıqlardıń kóp túrliligi arqalı júzege shıǵıp, bul qatnasıqlardıń tiyisli subyektleri-



Pul qatnasıqları oraylastırılǵan hám oraylastırılmaǵan pul qarjıları qorların jaratıw hám olardan paydalanıw menen baylanıslı halda kelip shıǵadı.

Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar mámleket hákimiyatınıń ózgesheligisiz bar bolıwı múmkin emes.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qanday qatnasıqlarda mámleket finans huqıqınıń subyekti bola aladı? Sorawǵa juwap beriwde Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası statyalarınan paydalanıń.

siz yamasa qatnasıwshılarısız olardıń bar bolıwı múmkin emes.

Finans huqıqında dástúriy halda finans huqıqıy subyektleriniń úsh tiykarǵı gruppası ajıratıladı.

**1. Jámiyetlik-aymaqlıq dúzilmeler**

Ózbekstan Respublikası hám onıń hákimshilik aymaqlıq birlikleri. Usı orında olar finanslıq-huqıqıy qábilet iyeleri bolıp esaplanadı.

Bul birlikler finans huqıqıy subyekti sıpatında kóbirek Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, «Byudjet sisteması haqqında» ǵı hám «Jergilikli mámleketlik hákimiyat haqqında»ǵı nızamlarda bekkemlep qoyılǵan byudjet qatnasıqları tarawındaǵı wákilliklerdi ámelge asırıwda kórinedi.

Solay etip mine usı subyektlerge mámleket hám jergilikli byudjet huqıqı bekkemlep berilgen.

Ayırım huqıqıy qatnasıqlarda tek mámlekettiń ózi finanslıq huqıqıy subyekti sıpatında qatnasıwı múmkin.

**2. Jámáát subyektleri**

Mámleket finanslıq xızmet tarawında tiyisli yuridikalıq minnetlemeler hám huqıqlar kompl-







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

eksin alıw qábiletine iye bolǵan hám de olardıń ámelde kelip shıǵıwı múmkin emes. Demek, mámleketlik organlar finanslıq-huqıqıy qatnasıqlardıń májbúriy qatnasıwshıları qatarına kirip, bul finanslıq xızmettiń mámleket-hákimiyat ózgesheligi hám onıń huqıqıy tártipke salıw usılınıń ózine tánligi menen begilenedi.

Finans huqıqıy jámáát subyektleriniń eń kóp sanlı gruppasın atqarıwshı hákimiyat mámleketlik organları quraydı.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 100- hám 122-statyaların oqıń hám berilgen tekst penen muwapıqlastırıń.

### 3. Individual (jeke) subyektler

Ózbekstan Respublikası puqaraları, sırt el puqaraları hám puqaralıǵı bolmaǵan shaxslar bolıp, olar teń finanslıq-huqıqıy subyektlikke iye hám usıǵan baylanıslı nızamshılıqta fizikalıq shaxslar sıpatında belgilenedi.

Finans huqıqı subyektleriniń usı taypası tiykarınan salıqlar hám jıyımlardı tólewge tiyisli qatnaslarda qatnasadı. Usı tárizde fizikalıq shaxslar dáramat salıǵı, jer salıǵı, mal-múlk salıǵı hám nızamlarda názerde tutılǵan basqa salıqlar hám de jıyımlardı tólewshiler bolıp tabıladı.

Mámlekettiń atqarıwshı organları sistemasın qáliplestiriwge háreket etiń.

### Soraw hám tapsırmalar

1. Finanslıq-huqıqıy qatnasıwshıları kimler?
2. Finanslıq qatnasıqlardıń tiykarǵı qásiyetleri neden ibarat?
3. Fizikalıq shaxslar qashan finanslıq-huqıqıy qatnası qatnasıwshıları bolıwı múmkin?
4. Mámleket qanday jaǵdaylarda finanslıq-huqıqıy qatnas qatnasıwshısı boladı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 20-§ Ózbekstan mámleketlik byudjeti hám byudjet huqıqı

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Byudjet túsinigi hám huqıqı.
- Mámleket byudjeti hám onıń jámiyetlik-ekonomikalıq áhmiyeti.

**Byudjet huqıqı** – finanslıq huqıqtıń bir bólimi bolıp, mámlekettiń byudjet dúzilisin, túrli dárejedegi byudjetlerdi, olardıń dáramat bólegin qáliplestiriw hám byudjet qarjılarınıń sarplanıwı, sonday-aq ulıwma mámlekettiń byudjet-finans siyasatın qáliplestiriw hám ámelge asırıw tártibin belgilewshi huqıqıy normalar kompleksi.

## Byudjet túsinigi hám huqıqı

Byudjet huqıqınıń mámleket byudjeti qarjıların quraw, bólistiriw hám olardan paydalanıw boyınsha kelip shıǵatuǵın jámiyetlik qatnasıqlardı tártipke salıwshı finanslıq-huqıqıy normalar kompleksi sıpatında belgilew múmkin.

Mámleketlik byudjet shólkemleri óz xızmetlerin ámelge asırıwı ushın kerek bolǵan barlıq qarjılardı byudjettiń tiyisli qárejetler bóliminen aladı.

Byudjet mámleketlik hákimiyat organları funkciyaların támiyinlew maqsetinde pul qarjıların dúziw hám qárejet etiw forması bolıp tabıladı.

**Byudjettiń tiykarǵı wazıypaları:**

- milliy dáramattı qayta bólistiriw;
- ekonomikanı tártipke salıw;
- byudjet tarawın finanslıq támiyinlew hám mámlekettiń jámiyetlik siyasatın ámelge asırıw;
- oraylasqan pul qarjıları qorların dúziw hám paydalanıw ústinen qadaǵalawdı ámelge asırıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Byudjet haqqındaǵı nızam hújjetleri, olardıń basqa nızam hújjetlerinde kórsetilgen normaları byudjet kodeksine muwapıq bolıwı kerek. Eger mámleketimiz tárepinen imzalanǵan xalıq aralıq shártnamalarda byudjet haqqındaǵı nızam hújjetlerine qayshı qaǵıydalar belgilengen bolsa, xalıq aralıq shártnama qaǵıydaları qollanıladı.

## Mámleket byudjeti hám onıń jámiyetlik-ekonomikalıq áhmiyeti

Mámleket byudjeti hár jılı tastıyıqlanadı hám ol 1-yanvardan 31-dekabrge shekem ámelde boladı.

Mámlekettiń ekonomikalıq-jámiyetlik rawajlanıwı procesinde byudjetten paydalanıw nátiyjesinde kelip shıǵatuǵın qatnasıqlardı tártipke salıwshı huqıqıy normalar óz aldına gruppaǵa ajıratıladı hám de finans nızam hújjetleriniń tiykarǵı bólimlerinen biri bolǵan — byudjet nızamların quraydı.

Ózbekstan Respublikasınıń byudjet sisteması tómendegi principlerge tiykarlanadı:

- ➔ byudjet sistemasınıń Ózbekstan Respublikası hákimshilik-aymaqlıq dúzilisine muwapıqlıǵı;
- ➔ birden-bir byudjet sisteması;

### Huqıq tariyxınan

Byudjet sózi inglis tilinen kelip shıǵıp, «qazna» degen mánisti ańlatadı. Byudjet XVII ásirdiń ekinshi yarımında Franciyada burjua revolyuciyasınan keyin ornatılǵan. XIX ásirdiń ekinshi yarımında byudjet ataması Evropa ellerinde tarqalǵan hám XX ásirden derlik barlıq ellerde byudjet kategoriyası paydalanıla baslandı.

**Byudjet procesi** — byudjet sisteması byudjetlerin qáliplestiriw, dúziw, kórip shıǵıw, qabıllaw, tastıyıqlaw hám atqarıw, olardıń orınlanıwın qadaǵalaw, túrli byudjetleriniń orınlanıwı haqqındaǵı esabatlardı tayarlaw hám tastıyıqlaw, sonday-aq olardıń arasındaǵı óz ara qatnaslar procesi.

**Byudjet procesi qatnasıwshıları** — mámleketlik hákimiyat hám basqarıw organları, mámleketlik finanslıq qadaǵalaw organları, byudjet shólkemleri hám byudjetten qarjı alıwshılar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Byudjet shólkemi** – mámleket funkciyaların, ámelge asırıw ushın belgilengen tártipte mámleket hákimiyatı organlarınıń qararına muwapıq dúzilgen, mámleket byudjeti qarjıları esabınan saqlap turılatuǵın kommerciyalıq emes shólkem.

- byudjet sisteması byudjetleriniń balanslılıǵı hám óz ara baylanıslılıǵı;
- byudjet sisteması byudjetleri dáramatların prognozlaw hám qárejetlerin rejelestiriw;
- byudjet sisteması byudjetleri qarjılarınan paydalanıwdıń anıq baǵdarlanǵalıǵı hám maqsetlilik ózgesheligi;
- byudjet sisteması byudjetleriniń erkinligi;
- byudjet sisteması byudjetleri qarjılarınan paydalanıwdıń nátiyjeliligi;
- kassanıń jalǵız ekenligi;
- byudjet procesi qatnasıwshılarınıń juwapkershiligi;
- ashıqlıq.

## Ózbekstannıń Mámleket byudjeti dúzilmesi

Mámleket byudjeti tómendegi dárejedegi byudjetlerden ibarat:

- Ózbekstan Respublikasınıń respublika byudjeti;
- Qaraqalpaqstan Respublikası byudjeti, wálayatlar hám Tashkent qalası jergilikli byudjetleri.

Mámleket byudjeti dáramatları:

**Finans jılı** — 1-yanvardan 31-dekabrdıń aqırına shekem bolǵan waqıttı óz ishine alıwshı dáwir.

### Huqıq tariyxınan

2013-jıl 26-dekabrde Ózbekstan Respublikasınıń byudjet sisteması qarjıların qáliplestiriw, dúziw, kórip shıǵıw, qabıllaw, tastıyıqlaw, atqarıw, mámlekettiń qarjı ajıratıw, byudjet haqqındaǵı nızam hújjetleri orınlanıwın qadaǵalawshı qatnasıqlardı tártipke salıwshı «Ózbekstan Respublikasınıń Byudjet kodeksin tastıyıqlaw haqqında»ǵı Nızam qabıl etildi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





- salıqlar hám basqa májbúriy tólemler;
- mámleket aktivlerin jaylastırıw, paydalanıwǵa beriw hám satıwdan alınǵan dáramatlar;
- miyras, sawǵa beriw huqıqı boyınsha mámleket múlkine ótken pul qarjıları;
- yuridikalıq hám fizikalıq tároplerden, sonday-aq sırt ellerden túsetuǵın qaytarılmaytuǵın pul túsimleri;
- rezident-yuridikalıq shaxslarǵa berilgen buydjet ssudaları hám sırt ellerge ajıratılǵan kreditlerdi tólew esabınan tólemler;
- nızam hújjetlerine muwapıq basqa dáramatlar esabınan qáliplestiredi.

## Soraw hám tapsırmalar

**Ózbekstan Respublikasınıń Byudjet kodeksin tabıń hám tómendegi sorawlarǵa juwap beriń.**

1. Byudjet tarawındaǵı wákillikler qaysı mámleketlik organlarǵa berilgen?
2. Mámleket maqsetli qorlarınıń dáramatları haqqında maǵlıwmat toplań.
3. Mámleket byudjeti qárejetleriniń quramı neden ibarat?
4. Ózbekstan Respublikası Qarjı ministrligi janındaǵı byudjetten tısqarı Pensiya qorınıń qárejetleri nelerden ibarat?

**Aymaqlıq finans organları —** Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Qarjı ministrligi, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimlikleriniń finans basqarmaları, rayonlar hám qalalar hákimshilikleriniń finans bólimleri.

**Finanslıq minnetlemeler** — byudjet shólkemlerinde hám byudjet qarjıların alıwshılarda olarǵa pul qarjıların ótkeriw minnetlemesin júklewshi hújjetler, sonnan orınlaw hújjetleri tiykarında kelip shıǵatuǵın minnetlemeler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



5. Ózbekstan Respublikası Tikleniw hám rawajlanıw qorınıń wazıypası neden ibarat?
6. Tómendegi kestede berilgen qatarlar durıs kórsetilgen qatardı anıqlań.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | ***Finans jılı*** | a | – byudjet sisteması byudjetlerin qáliplestiriw, dúziw, kórip shıǵıw, qabıllaw, tastıyıqlaw hám orınlaw, olardıń orınlanıwın qadaǵalaw, byudjet sisteması byudjetleriniń orınlanıwı haqqındaǵı esabatlardı tayarlaw hám tastıyıqlaw, sonday-aq olardıń arasındaǵı óz ara qatnaslar procesi; |
| 2 | ***Byudjet*** | b | – mámleketlik hákimiyat hám basqarıw organları, mámleket finanslıq baqlaw organları, byudjet shólkemleri hám byudjet qarjıların alıwshılar; |
| 3 | ***Byudjet qarjılar qatnasıwshısı*** | c | – byudjet shólkemlerinde hám byudjet qarjıların alıwshılarda olarǵa pul qarjıların ótkeriw minnetlemesin júklewshi hújjetler, atap aytqanda orınlaw hújjetleri tiykarında kelip shıǵatuǵın minnetlemeleri. |
| 4 | ***Finanslıq minnetlemeler*** | d | – mámleket funkciyaların ámelge asırıw ushın belgilengen tártipte mámleket hákimiyatı organlarınıń qararına muwapıq dúzilgen, mámleket byudjeti qarjıları esabınan saqlap turılatuǵın kommerciyalıq emes shólkem byudjet shólkemi bolıp tabıladı. |
| 5 | ***Byudjet shólkemi*** | e | – 1-yanvardan 31-dekabr kúniniń aqırına shekem bolǵan waqıttı óz ishine alıwshı dáwir. |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 21-§ Mámleket dáramatların huqıqıy tártipke salıw

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**



- Mámleket dáramatları.
- Salıqlar túsinigi hám funkciyaları.
- Salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdiń elementleri.

Mámleket óz aldında turǵan wazıypa hám funkciyaların ámelge asırıw ushın málim bir finanslıq resurslarǵa iye bolıwı tiyis. Sol sebepli túrli pul tólemleri hám ajıratpalar kórinisindegi mámleket milliy dáramatınıń bir bólegi onıń mútájliklerine qaratıladı. Nátiyjede ol óz dáramatlarına, yaǵnıy mámleket dáramatlarına iye boladı. Bul dáramat mámleket iyeliginde bolıp, tiyisli mámleket hákimiyatı organları tárepinen basqarıladı.

Mámleket dáramatlarınıń deregi hám sisteması, sonday-aq, olardan hárbiriniń áhmiyeti mámlekettiń ekonomikalıq sistemasına baylanıslı.

Mámleket dáramatları jalǵız sistemadan turıp, onıń elementleri pul qarjıları ayırım túrleriniń anıq bir kompleksin quraydı.

Mámleket dáramatlarınıń jalǵız sisteması sol arqalı túsindiriledi, ámeldegi nızam hújjetleri mámleket tárepinen óziniń barlıq dáramatların qáliplestiriw ushın paydalanılatuǵın pul qarjılarınıń anıq bir túrin belgileydi.

Mámleket dáramatlarınıń jalǵız sisteması olardıń mánisiniń eń áhmiyetli qásiyetlerin



**Mámleket dáramatları** – bul mámlekettiń jámiyetlik-ekonomikalıq siyasatın, mámleket qorǵanıwın hám qáwipsizligin támiyinlew, sonday-aq, mámleketlik organlardı funkciyalaw boyınsha wazıypalardı orınlaw maqsetinde finanslıq bazanı dúziwge qaratılǵan mámlekettiń milliy dáramatınıń bir bólimi bolıp esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sáwlelendiretuǵın belgilerge qarap hár qıylı túrler boyınsha sıpatlanadı.

Qáliplesiw hám paydalanıw tártibine qarap barlıq mámleket dáramatları oraylastırılǵan hám oraylastırılmaǵan dáramatlarǵa bólinedi.

Salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdi tólegennen keyin kárxanalar alǵan payda hám olardıń ıqtıyarında bolǵan basqa dáramatlardı óz betinshe basqarıwı múmkin.

Mámleket dáramatları hám olardıń arasında kelip shıǵatuǵın qatnasıqlar nızam hújjetleri normaları Ózbekstan Respublikası Byudjet kodeksi, Salıq kodeksi hám basqa nızamlar hám nızam astı hújjetler menen tártipke salınadı.

Mámleket dáramatları aymaqlıq qásiyeti boyınsha, respublika hám jergilikli dáramatlarǵa bólinedi. Mámleket dáramatları yuridikalıq qásiyeti hám forması boyınsha salıq tólemleri hám salıqsız túsimlerge bólinedi.

Salıqlarǵa májbúriylik hám individual qaytarıp beriw qásiyetleri tán. Salıqsız tólemler májbúriy hám ıqtıyarlı bolıwı múmkin. Májbúriy salıqsız tólemler mámleket tárepinen málim bir yuridikalıq áhmiyetli xızmetlerdi kórsetiw, bir xızmet penen shuǵıllanıw huqıqın beriw arqalı óndiriledi. Bunday tólemlerde eki tárep te huqıq hám minnetlemelerge iye boladı.

Mámleket dáramatların toplaw usılı boyınsha májbúriy hám ıqtıyarlı tólemlerge bólinedi.

Mámleket hám jergilikli organlardıń ıqtıyarına kelip túsetuǵın dáramatlardıń úlken bólimin májbúriy tólemler quraydı. Bularǵa salıqlar, bajıxana hám basqa tólemler, hár túrdegi járiymalar hám finanslıq sankciyalar kiredi.

**Oraylasqan dáramatlar** degende pul qarjılarınıń birden-bir ulıwma mámleketlik qorına, yaǵnıy mámlekettiń mámleket byudjetine kelip túsetuǵın qarjı resursları.

**Mámlekettiń oraylastırılmaǵan dáramatlarına** mámleketlik kárxanalardıń dáramatları kirip, bul dáramatlar nızamlarda belgilengen tártipte kárxanalar ıqtıyarına kelip túsedi hám olar tárepinen óz betinshe islep shıǵarıw hám jámiyetlik mútájlikler ushın paydalanıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Íqtıyarlı tólemler bolsa lotoreya oyınların ótkeriwden, túrli akciyalardan, yuridikalıq hám fizikalıq táreplerdiń qayır-saqawatlarınan, mámlekettiń qımbat bahalı qaǵazların satıp alıwdan quraladı.

Múlkke bolǵan qatnastı esapqa alǵan halda, qaytarıp berilmeytuǵın dáramatlarǵa, waqtınsha paydalanılatuǵın hám qaytarıp beriletuǵın dáramatlarǵa bóliw múmkin. Mısalı, salıqlar, bajıpullar, jıyımlar, mámleket múlkin menshiklestiriwden kelip túsetuǵın tólemler hám basqa májbúriy tólemler qaytarıp bermew shárti menen mámleket dáramatlarına toplanıp mámleket hám hákimshilik-aymaqlıq dúzimlerdiń múlki esaplanadı.

Waqtınsha paydalanılatuǵın dáramatlar mámleket hám hákimshilik-aymaqlıq dúzilmelerdiń dáramatına kirgizilgen bolıp, olar obligaciyalar, zayomlardı tarqatıwdan, bankler tárepinen byudjetten tısqarı qarjılardı toltırıw ushın beretuǵın kreditlerinen payda bolatuǵın dáramatlar h.t.b.

Mámleket byudjetinde toplanatuǵın oraylastırılǵan dáramatlar mámleket qárejetleriniń qollanıwınıń tiykarǵı deregi esaplanadı, olar tikkeley hám tikkeley bolmaǵan salıqlar tiykarında qáliplestiriledi.

## Salıqlar túsinigi hám funkciyaları

Mámlekettiń eń áhmiyetli belgilerinen biri bunda salıqlardıń engizilgenligi bolıp tabıladı. Finans huqıqınıń huqıqıy institutlarınan biri salıq huqıqı bolıp, ol salıq tólemlerin engiziw hám óndirip alıw waqtında kelip shıǵadı.

Ózbekstan Respublikası aymaǵında Salıq kodeksinde názerde tutılǵan salıqlar hám basqa májbúriy tólemler ámel qıladı.

«Ekonomikalıq bilim tiykarları» sabaqlarında alǵan bilimlerińizge súyenip, tikkeley salıq hám tikkeley bolmaǵan salıq túsiniklerine sıpatlama beriń.

Salıqlar – olardı tólewshi shaxslar ushın qullıq emes, al azatlıq belgisi.

**A.Smit,**
*salıq salıw teoriyasınıń tiykarın salıwshı*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Salıqlarǵa tómendegiler kiredi:

- yuridikalıq táreplerden alınatuǵın payda salıǵı;
- fizikalıq shaxslardan alınatuǵın dáramat salıǵı;
- qosılǵan qun salıǵı;
- akciz salıǵı;
- jer astınan paydalanıwshılar ushın salıqlar hám arnawlı tólemler;
- suw resurslarınan paydalanǵanlıq ushın salıq;
- mal-múlk salıǵı;
- jer salıǵı;
- benzin, dizel janılǵısı hám gaz isletkenlik ushın alınatuǵın salıq.

Basqa májbúriy tólemler qatarına tómendegiler kiredi:

- mámleket maqsetli qorlarına májbúriy tólemler:
  - ✓ birden-bir jámiyetlik tólem;
  - ✓ byudjetten tısqarı Pensiya qorına puqaralardıń qamsızlandırıw polyusleri;

## Huqıq tariyxınan

Salıq huqıqınıń dáslepki jazba normaları Hammurapi nızamlarında (e.sh.XVIII ásir) kórsetip ótilgen bolıp, birinshiden, salıqlardıń eki kórinisin: patsha ǵáziynesine tólenetuǵın oraylasqan salıqlar hám jergilikli aqsúyekler ǵáziynesine tólenetuǵın jergilikli salıqlardı; ekinshiden, salıq subektlerin; úshinshiden, salıq obyektlerin; tórtinshiden, salıqlardı óndiriw tártibin; besinshiden, juwapkershilik sharaları h.t.b. bekkemlep qoyılǵan.

Salıqlar ǵalabalıq hákimiyattıń ajıralmas bólimleri bolǵan armiya, sud, mámleketlik apparat jumısın hám de mámlekettiń basqa mútájliklerin materiallıq jaqtan támiyinlew ushın zárúr.

Salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdiń elementleri tómendegiler:

- ✓ salıq salıw obyekti;
- ✓ salıq salınatuǵın baza;
- ✓ stavka;
- ✓ esaplaw shıǵarıw tártibi;
- ✓ salıq dáwiri;
- ✓ salıq esabatın tapsırıw tártibi;
- ✓ tólew tártibi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

- ✓ mámlekettiń maqsetli qorlarına májbúriy ajıratpalar;
- ✓ Respublika jol qorına jıyımlar;
- ➔ mámleketlik bajı pul;
- ➔ bajıxana tólemleri;
- ➔ ayırım túrdegi tovarlar menen usaqlap satıw hám ayırım túrdegi xızmetlerdi kórsetiw huqıqı ushın jıyım.

Salıq kodeksinde belgilengen jağdaylarda hám tártipte salıq salıwdıń ápiwayılastırılğan tártibinde tómendegi salıqlar tóleniwi múmkin:

- ➔ birden-bir salıq tólemi;
- ➔ birden-bir jer salığı;
- ➔ isbilermenlik xızmetiniń ayırım túrleri boyınsha qatań belgilengen salıq.

Mámlekettiń ulıwma milliy bağdarlamaların ámelge asırıw dáwirinde tiyisli dúziliwi múmkin bolıp, olarğa nızam hújjetlerinde názerde tutılğan tártipte májbúriy tólemler belgilenedi.

## Salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdiń elementleri

Salıq yamasa basqa májbúriy tólem haqqındağı nızam hújjetlerinde onı tólewshiler, onı esaplap shığıw, tólew ushın zárúr elementler belgilep qoyılğan jağdayda ğana usı salıq yamasa tólem belgilengen dep esaplanadı.



Fizikalıq shaxslardıń salıqqa tiyisli huqıqbuzarlıqlar islegenlik ushın juwapkershiligi on altı jastan baslap payda boladı.

Nızam qúdiretli biraq mútájlik onnanda kúshlirek

**Gyote**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Salıq huqıqıy qatnasıqları — salıq huqıqı normaları menen tártipke salınǵan jámiyetlik finanslıq qatnasıqlar bolıp, bul qatnasıqlar salıqlardı engiziw, yuridikalıq hám fizikalıq shaxslardan, salıq tólewshilerdiń basqa taypalarınan salıqlardı óndiriw procesinde kelip shıǵadı.

Salıq kodeksinde názerde tutılǵan jaǵdaylarda salıq yamasa basqa májbúriy tólem belgilenip atırǵanda salıq haqqındaǵı nızam hújjetlerinde salıq jeńillikleri. Salıq tólewshiler, salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdiń elementleri hárbir salıq yamasa basqa májbúriy tólemge qollanılıp begilenedi. Salıq huqıqıy qatnasıqları tómendegi qásiyetlerge iye:

*birinshiden,* salıqlardı hám basqa májbúriy tólemlerdi ornatıw hám óndiriwge qaratılǵan mámleket iskerligi procesinde kelip shıǵadı; *ekinshiden,* maqsetli sistemaǵa iye, yaǵnıy salıq huqıqıy qatnasıqlarınıń sisteması málim bir maqsetke — salıqlardı ornatıw hám óndiriwge qaratılǵan; *úshinshiden,* málim bir subyektler arasında bolatuǵın anıq baylanıslardı tártipke saladı; *tórtinshiden,* mámlekettiń májbúrlew kúshi menen qorǵaladı, yaǵnıy salıq nızamları buzılǵanda mámlekettiń májbúrlew sharaları háreketke keledi.

## Soraw hám tapsırmalar

1. Ózbekstan Respublikasınıń Salıq, Hákimshilik juwapkershilik haqqındaǵı hám Jınayat kodekslerin tabıń. Salıq kodeksinen salıq tólewshilerdiń huqıq hám minnetlemelerin belgilengen qaǵıydalardı oqıń hám túsindirip beriń. Bul minnetlemelerdi orınlamaǵan ushın nızamda qanday jazalar belgileniwi múmkinligin Hákimshilik juwapkershilik haqqındaǵı hám jınayat kodekslerinen anıqlań.
2. Ózbekstan Respublikası aymaǵında Salıq kodeksinde názerde tutılǵan qanday salıqlar hám basqa májbúriy tólemler ámel qıladı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 22-§ Mámleket kreditiniń huqıqıy tiykarları

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Mámleket krediti túsinigi.
- Mámleket qarızı.

## Mámleket krediti

Qosımsha pul qarjıların jaratıw maqsetinde mámleket olardı tartıwdıń usılların qollanıwı múmkin. Sonnan finanslıq qatnasıqlardıń arnawlı sisteması — mámleket krediti kelip shıǵadı.

Mámleket kreditinde kredit qatnasıqları subyektleri, bir tárepten — mámleket, ekinshi tárepten — yuridikalıq hám fizikalıq shaxslar boladı. Bunda mámleket usı qatnasıqlarda kórsetilgen subyektlerdiń waqtınsha bos turǵan pul qarjıların qarızǵa alıwshı sıpatında qatnasadı.

Mámleket krediti boyınsha kelip shıǵatuǵın huqıqıy qatnasıqlar hárqanday finanslıq-huqıqıy

**Mámleket krediti** – mámleket tárepinen eldiń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwınıń eń áhmiyetli máseleleri hám byudjet jetispewshiligin qaplaw ushın zárúr qosımsha finanslıq resurslardı qaratıw maqsetinde yuridikalıq hám fizikalıq shaxslardıń bos turǵan pul qarjıların qaytarıw, múddetlilik, ǵárezlilik, ıqtıyarlılıq principlerine tiykarınan tartıw boyınsha finans huqıqı menen tártipke salınatuǵın qatnasıqlar.

**Kredit** (lat. creditium – ssuda) – pul yaki tovarlardı, ádette, procentler tólep, qaytarıw shárti menen beriw bolıp, kreditor menen qarız alıwshı arasındaǵı ekonomikalıq qatnasıqlardı ańlatadı.

**Kredit summası** – bul qarızǵa beriletuǵın pul birliginiń kólemi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Kredit mexanizmi** — kredit qatnasıqların dúziwde qollanılatuǵın elementler kompleksi.

**Kredit obyekti** – waqtınsha bos turǵan, beriliwi múmkin bolǵan pullar hám tovarlar.

**Kredit subyektleri** – hár qıylı bolıwı múmkin. Bularǵa kárxana, firma, shólkem, mámleket hám túrli taypadaǵı xalıq kiredi.

qatnasıqlarǵa tán bolǵan barlıq belgilerge iye boladı. Bul tiykarınan, olardıń obyektine, mámleket yamasa ol tárepinen wákillik berilgen organnıń usı qatnasıqlar májbúriy subyekti sıpatında bar bolıwına, mámleket krediti tarawındaǵı huqıqıy qatnasıqlardıń mámleket-húkimranlıq qásiyetine tiyisli boladı. Finanslıq huqıqıy qatnasıqlar, bizge belgili, múlkiy qásiyetke iye, sebebi olar pul qarjıları sebepli kelip shıǵadı. Biraq mámleket krediti boyınsha usı qatnasıqlar obyekti hárqanday pul qarjıları emes, al yuridikalıq hám fizikalıq shaxslardıń tek waqtınsha bos turǵan qarjıları bolıwı múmkin. Mámleket krediti tarawında tek ǵana mámlekettiń qarız minnetlemeleri boyınsha qatnasıqlar emes, al mámlekettiń qarızı islewine dáldálshılıq etiwshi huqıqıy qatnasıqlar da kelip shıǵadı. Olardıń qatarına tómendegiler kiredi:

- Húkimet penen Oraylıq bank arasında kelesi finans jılında kreditlewdiń ishki hám sırtqı dereklerinen qarız alıw rejeleri haqqında másláhátlesiw waqtında kelip shıǵatuǵın huqıqıy qatnasıqlar;
- Ózbekstan Respublikası mámlekettiń qarız minnetlemelerin shıǵarıw shártleri, mámleket zayomları boyınsha xızmet kórsetiw hám olardı aylanısqa shıǵarıw tártibin belgilew;
- mámlekettiń qısqa múddetli obligaciyaları bazarında dilerlik funkciyalardı orınlaw ushın shártnamalar dúziw, mámleket zayomları obligaciyaların jaylastırıw, aylanısqa shıǵarıw menen baylanıslı shólkemler xızmetin qadaǵalaw waqtında Oraylıq bank penen shólkemler arasında kelip shıǵatuǵın huqıqıy qatnasıqlar h.t.b.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Mámleket qarızı

Mámleket qarızı — mámlekettiń sırtqı hám ishki kredit operaciyaları boyınsha qarızdarlıq summası. Mámleket zayomları kredit qatnasıqlarınıń bir túri bolıp, bunda mámleket yamasa onıń jergilikli organları qarız alıwshı yaki qarız beriwshi sıpatında ámel qıladı.

Qárejetlerdi óz waqtında hám tolıq ámelge asırıw maqsetinde mámleket zayomlar hám finans bazarınan qarjılardı tartadı. Pul qarjıların tartıw mámlekettiń finans bazarındağı iskerligininń passiv forması sıpatında sıpatlanadı. Mámleket pul qarjıların qarızğa beriwi onıń finans bazarındağı háreketininń aktiv forması sıpatında qaraladı.



**Mámleket qarızı –** Ózbekstan Respublikasınıń ishki hám sırtqı qarjılardı tartıw nátiyjesinde payda bolğan minnetlemeleri

### Soraw hám tapsırmalar



Berilgen tekstti oqıń hám sorawlarğa juwap beriń.

*Xalıq aralıq valyuta qorı eń joqarı mámleket (ishki) qarızı bar bolğan dúnyanıń 20 mámleketin belgilep berdi. Bul dizimde Yaponiya jetekshilik etpekte. 1990-jıllardıń basınan Yaponiya úzliksiz turğınlıqtı basınan ótkerdi. Házir Yaponiya húkimeti eldegi salıq túsimleriniń derlik yarımın úlken kólemdegi qarızdı tólewge sarplamaqta. Soğan qaramastan, 10 jıllıq yapon obligaciyaları boyınsha dáramatlılığı 1%ten tómen dárejede qalmaqta.*

1. 10 jıllıq yapon obligaciyaları boyınsha dáramatlılığı hayran qalarlıq dárejede 1% ten tómen dárejede qalıwınıń sebebi nede dep oylaysız?
2. Yaponiya xalqınıń watan súyiwshilik hám qatnasıwshılığı boyınsha pikir bildiriń.
3. Ekspress test tapsırmasın orınlań.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Kredit subyektleri | a | – waqtınsha bos turğan, beriliwi múmkin bolğan pul hám tovarlar |
| 2 | Kredit obyekti | b | – bul qarızğa beriletuğın pul birligininń kólemi |
| 3 | Kredit summası | c | – mámlekettiń sırtqı hám ishki kredit operaciyaları boyınsha qarızdarlıq summası. |
| 4 | Mámleket qarızı | d | – kárxana, firma, shólkem, mámleket, túrli taypadağı xalıq |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IV bólim. EKOLOGIYA HUQÍQÍ

## 23-§ Tábiyattı qorǵawdıń huqıqıy tiykarları



**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Ózbekstan Respublikası Konstituciyası ekologiya huqıqınıń tiykarǵı deregi.
- Ekologiya huqıqınıń maqset-wazıypaları hám tiykarǵı principleri.

### Ózbekstan Respublikası Konstituciyası ekologiya huqıqınıń tiykarǵı deregi

Ekologiya huqıqınıń derekleri degende qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw hám xalıqtıń ekologiyalıq qáwipsizligin támiyinlew menen baylanıslı jámiyetlik qatnasıqlardı tártipke salıwǵa xızmet etetuǵın nızam hújjetleri túsiniledi.

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası Ekologiya huqıqınıń tiykarǵı deregi bolıp esaplanadı.

Konstituciyamızda shaxs, jámiyet, mámlekettiń jámiyetlik, ekonomikalıq, siyasiy-huqıqıy, mádeniy-aǵartıwshılıq tarawlarındaǵı negizleri bekkemlengen bolıp, qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw boyınsha mámleket-huqıqıy mexanizmin qáliplestiriwde zárúr áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.

Sonıń ushın da Konstituciyada belgilengen qaǵıydalar arqalı fizikalıq hám yuridikalıq tárepler ekologiya huqıqı, wazıypaları hám erkinliklerin ańlatadı.

Puqaralar qorshap turǵan tábiyiy ortalıqqa ıqtıyatlı túrde qatnas jasawǵa minnetli.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 50-statya**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Konstituciyamızda puqaralar qorshaǵan tábiyiy ortalıqqa abaylı qatnasta bolıwı minnetleme sıpatında belgilenedi. Bul menen bolsa, ekologiyaǵa aqılǵa muwapıq qatnasta bolıw mámleket siyasatı dárejesinde belgilenedi.

Konstituciyanıń «Jámiyettiń ekonomikalıq negizleri» bólimi statyalarında múlk huqıqınıń mazmunı aytılsa, ekinshiden, múlkten paydalanıw huqıqına iye bolǵan fizikalıq hám yuridikalıq táreplerdiń xojalıq hám óndiris procesinde ekologiyalıq ortalıqqa zıyan jetkermewi, yaǵnıy olardıń ekologiyalıq minnetlemeleri bekkemlenedi.

Konstituciyanıń 55-statyasında berilgen qaǵıydanıń áhmiyeti sonda, birinshiden, ǵárezsizligimizdiń materiallıq negizin qurawshı tábiyiy baylıqlar xalqımızdıń baylıǵı, múlki ekenligi, ekinshiden, tábiyiy resurslardan tek aqılǵa muwapıq paydalanıw zárúrligi, úshinshiden, respublikamız tábiyatı mámleket qorǵawına alınǵanlıǵı, yaǵnıy ekologiyalıq-huqıqıy qatnasıqlardı mámleket tárepinen kepillik beriliwi sıyaqlı áhmiyetli principlerdi bekkemleydi.

Házirgi kúnde dúnyanıń kóplep aymaqlarında taza ishimlik suwı kemeyip barmaqta. Álbette, bulardıń bári suw basseynleriniń pataslanıwı, ekologiyalıq normalardıń buzılıwı sebepli suw qorlarınıń sapasınıń jamanlasıwı aqıbetinde júz berip atırǵanlıǵı búgin heshbirimizge sır emes. Sonıda aytıw kerek, sanaat shıǵındıları hám tóginlerden intensiv paydalanıw kóplegen jaǵdaylarda suwda zıyanlı ximiyalıq zatlardıń artıwına sebep bolıp, nadurıs suwǵarıwlar topıraqtıń shorlanıwı hám suwdıń puwlanıw dárejesiniń kúsheyiwine alıp keledi.

Jer, jer astı baylıqları, suw, ósimlik hám haywanat dúnyası hám basqa da tábiyiy qorlar ulıwma milliy baylıq bolıp tabıladı, olardan aqılǵa muwapıq paydalanıw tiyis hám olar mámleket tárepinen qorǵaladı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 55-statya**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ekologiya huqıqınıń maqset-wazıypaları hám tiykarǵı principleri



Ekologiyalıq apatshılıq degende neni túsinesiz?

Ekologiya huqıqı tábiyat hám jámiyet sistemasında payda bolatuǵın ekologiyalıq-huqıqıy qatnasıqlardı tártipke salıwǵa qaratılǵan keń qamtıwlı hám kóp tarmaqlı huqıq tarawlarınan biri bolıp, tábiyat penen jámiyet arasındaǵı jámiyetlik qatnasıqlardı huqıqıy jaqtan tártipke salıwdı úyreniwshi ilim bolıp tabıladı. Ekologiyalıq qatnasıqlar sistemasında tábiyiy resurslardan paydalanıw keń hám áhmiyetli orındı iyeleydi.

Tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanbaw aqıbetinde tábiyatta túrli ekologiyalıq mashqalalar payda boladı hám ekologiyalıq krizis keskinlesedi. Ekologiya huqıqınıń principleri tábiyat-jámiyet sistemasındaǵı óz ara qatnasıqlar baǵıtın, shegaraların

### Huqıq tariyxınan



Respublikamız tábiyattı saqlaw tarawındaǵı xalıq aralıq-huqıqıy hújjetler, mısalı, 1992-jıldaǵı «Biologiyalıq kóp túrlilik haqqında», Rio-de-Janeyro Konvensiyaları, 1972-jıldaǵı «Dúnyanıń mádeniy hám tábiyiy miyrasın qorǵaw haqqında» ǵı Konvensiya, 1995-jıl 16-iyundegi «Aziya hám Afrika batpaqlarında jasawshı hám kóship júriwshi quslardı qorǵaw haqqında»ǵı shártnama, 1973-jıl 3-marttaǵı «Joq bolıp ketiw aldında turǵan jabayı flora hám fauna túrleri menen xalıq aralıq sawda-satıq islew haqqında»ǵı Konvensiya, 1976-jıl 10-dekabrdegi Qorshaǵan ortalıqqa áskeriy yamasa basqa zıyan jetkeriwshi qurallar qollanılıwınıń aldın alıwǵa tiyisli Konvensiya, 1992-jıl 9-maydaǵı BMShnıń «Klimattıń ózgeriwi haqqında»ǵı Keń kólemli konvensiya, 1985-jıl 22-marttaǵı «Ozon qatlamın saqlaw haqqında»ǵı, «Ozon qatlamın buzıwshı zatlar haqqında»ǵı Monreal protokolı, UQShnıń 1991-jıl 17-dekabrdegi «Energetik xartiyası», 1994-jıl 17-iyundegi «Qattı qurǵaqshılıqtı basınan ótkerip atırǵan hám yaki shólge aylanıp baratırǵan mámleketlerde, ásirese Afrikada shólge aylanıwǵa qarsı gúres haqqında» Konvensiya h. t.b. qosılǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

belgilep beriwde, ekologiyalıq-huqıqıy mexanizmniń turaqlılıǵına kepillik beriwde hám nızamlardıń talap-qaǵıydalarınıń ekologiyalıq qatnasıqların tártipke salıwda úlken áhmiyetke iye.

Tábiyat hám jámiyet arasındaǵı óz ara qatnasıqlar júdá hár qıylı hám quramalı bolǵanlıqtan da ekologiya huqıqınıń principlerin tómendegi sistemaǵa bóledi:

- mámleket hám huqıqtıń ulıwma principleri;
- qorshaǵan tábiyiy ortalıqtı qorǵawǵa tiyisli principler;
- tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıwǵa qaratılǵan principler.

Ekologiya huqıqı huqıq sistemasınıń tarawı sıpatında ekologiyalıq qatnasıqlardı tártipke salıwda nızamlılıq jámiyetlik ádillik, áshkaralıq, isendiriw hám májbúrlew sharalarınıń birgeligi, shaxslardıń huqıq hám wazıypalarınıń birligi h.t.b.

## Soraw hám tapsırmalar

1. Tekstti oqıń hám ekologiyalıq apatshılıqtıń jámiyetke sociallıq, ekonomikalıq, siyasiy, ruwxıy tásirlerin túsindiriń.

*Aral teńiziniń apatshılıqqa ushırawı tábiyatqa da úlken zıyan jetkermekte. Regionda haywanat hám ósimlikler dúnyası genofondınıń derlik yarımınan kóbi, yaǵnıy balıqlardıń 11, sút emiziwshilerdiń 12, quslardıń 26 hám ósimliklerdiń 11 túri joq bolıp ketken.*

2. Elimizde qorshaǵan ortalıqtı, tábiyattı qorǵawǵa tiyisli qabıl etilgen nızam astı hújjetlerin toplań hám tanısıp shıǵıń. Bul hújjetlerdiń qabıl etiliwinen gózlengen tiykarǵı maqsetlerdi anıqlań.
3. Ózińiz qorshaǵan ortalıqtı, tábiyattı qorǵawda qalay qatnasasız?

### Aral teńizi tariyxınan

XX ásirdiń 60-jıllarında Ámiwdárya hám Sırdáryadan Aral teńizine hár jılı 56 kub.km.suw quyılǵan. Xalıqtıń sezilerli tárizde kóbeyiwi, urbanizaciya, jerlerdiń intensiv ózlestiriliwi, ekologiyalıq aqıbetlerdi oylamastan Aral teńizi basseyninde iri gidrotexnikalıq hám irrigaciya qurılmalarınıń qurılısı planetadaǵı eń shıraylı basseyinniń qurǵawına alıp keldi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 24-§ Ekologiyalıq huqıqbuzarlıq ushın juwapkershilik



**Ekologiya huqıqı** – tábiyat penen jámiyet arasında payda bolatuǵın jámiyetlik qatnasıqlardı huqıqıy tárepten tártipke salıwdı úyreniwshi fond. Ekologiyalıq huqıqı búgingi kúnde Ózbekstan Respublikasınıń erkin huqıq sistemasında óz ornı hám uqıplılıǵına iye bolǵan óz aldına baǵıt hám qásiyetlerge iye huqıq tarawı bolıp esaplanadı.

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**



- Ekologiyalıq juwapkershilik túsinigi, mánisi hám túrleri.
- Ózbekstan Respublikasınıń «Tábiyattı qorǵaw haqqında»ǵı Nızamı.
- Ekologiyalıq huqıqbuzarlıq ushın juwapkershilik.

Ekologiyalıq juwapkershilik degende ádep-ikramlılıq qadiriyatlar, milliy hám xalıq aralıq huqıq normaları tárepinen qorshaǵan tábiyiy ortalıqtı qorǵaw maqsetinde ornatılǵan tártip-qaǵıyda hám normalardıń qandayda bir mámleket, yuridikalıq yamasa fizikalıq shaxslar tárepinen buzılıwı aqıbetinde olarǵa qarata qollanılatuǵın jaza sharaları túsiniledi.

Ekologiyalıq juwapkershilik mazmun-mánisine qaray úsh kóriniste sáwlelenedi:

– ekologiyalıq-jámiyetlik juwapkershilik;
– ekologiyalıq-ekonomikalıq juwapkershilik;
– ekologiyalıq-huqıqıy juwapkershilik.

**Ekologiyalıq-jámiyetlik juwapkershilik** adamlardıń jámiyetshilik aldındaǵı juwapkershiligi bolıp tabıladı.

**Ekologiyalıq-ekonomikalıq juwapkershilik** bolsa ekonomikalıq-huqıqıy juwapkershiliktiń bir túri bolıp, ol milliy yamasa xalıq aralıq huqıq normalarında belgilengen tártip-qaǵıyda hám normalardıń buzılıwı hám bunıń aqıbetinde olarǵa qarata tek ǵana ekonomikalıq juwapkershilik sharalarınıń tólew túri qollanıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ekonomikalıq juwapkershilik sıpatında tábiyiy resurslardan paydalanıw hám qorshaǵan ortalıqtı pataslaw ushın tólemler qollanıladı.

**Ekologiyalıq-huqıqıy juwapkershilik**ke milliy hám xalıq aralıq huqıq normalarında belgilengen ekologiyalıq qatnastıń qatnasıwshıları ushın májbúriy kúshke iye bolǵan tártip-qaǵıyda hám normalardı buzǵanlar ushın yuridikalıq kórinistegi jaza sharaları qollanılıwı kiredi.

## Ózbekstan Respublikasınıń «Tábiyattı qorǵaw haqqında»ǵı Nızamı

Ózbekstan Respublikasınıń «Tábiyattı qorǵaw haqqında»ǵı Nızamı tábiyiy ortalıq sharayatların saqlawdıń, tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıwdıń huqıqıy, ekonomikalıq hám shólkemlestiriwshilik tiykarların belgilep beredi. Nızamnıń maqseti insan hám tábiyat arasındaǵı qatnaslar birgelikte rawajlanıwın, ekologiya sistemaları, puqaralardıń qolaylı qorshaǵan ortalıqqa iye bolıw huqıqına kepillik beriwden ibarat.

## Tábiyattı qorǵawǵa tiyisli nızamlardı buzǵanlıq ushın juwapkershilik

Tábiyattı qorǵawdıń standartları, normaları, tártip-qaǵıydaları hám basqa normativ-texnikalıq talapların buzıwda, sonıń ishinde:

- kárxanalar, qurılmalar, transport quralları hám basqa obyektlerdi rejelestiriw, qurıw, tiklew, ońlaw, olardan paydalanıw yamasa olardı saplastırıw waqtında, ekologiyalıq kózqarastan qáwipli ónimlerdi sırt ellerge shıǵarıw hám alıp keliwde huqıqtıń belgilep qoyılǵan ekologiya sıyımlılıǵın, ekologiya normaların, tártip-qaǵıydaların buzıwda;

Ekologiyalıq juwapkershilik qáwipsiz ortalıqtı támiyinlewdegi mámleket, jámiyet hám shaxslardıń házirgi hám keleshek áwladlar aldındaǵı wazıypaları hám keleshek áwladlar aldındaǵı wazıypalar hám minnetlemeleri hám de olardı orınlamawı sebepli kelip shıǵatuǵın jámiyetlik-ekonomikalıq hám yuridikalıq aqıbetler bolıp tabıladı.

**Ekologiyalıq jınayatlar** – qorshaǵan tábiyiy ortalıqqa jámiyetlik qáwipli zıyan jetkeretuǵın jámiyetlik qáwipli qılmıslar jıyındısı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

- tábiyiy baylıqlardan óz basımshalıq penen paydalanıwda, mámleketlik ekologiya ekspertizası talapların orınlamaǵanlıqta;
- tábiyiy resurslardan paydalanǵanlıq ushın belgilengen tólemdi, sonday-aq qorshaǵan ortalıqtı pataslaǵanlıq hám oǵan zıyanlı tásir kórsetiwdiń basqa túrleri ushın kompensaciya tólemlerin tólewden bas tartqanlıqta;
- tábiyattı qorǵaw obyektlerin qurıw rejelerin, tábiyattı qorǵawǵa tiyisli basqa ilajlardı orınlamaǵanlıqta;
- qorshaǵan tábiyiy ortalıqtı tiklew, oǵan jetkeriletuǵın zıyanlı tásir aqıbetlerin saplas-

Ótken ásirdiń ortalarında atmosfera quramında $Co_2$niń muǵdarı 0,02% bolsa, házirgi waqıtta bul cifr 0,03%ke shekem artqan. Sırtqı ortalıqqa shıǵarılatuǵın $Co_2$niń 31%in AQSH, 18%in ǴMDA elleri, 7% in Qıtay, 5,4%in Germaniya, 4,7%in Yaponiya, 3%in Franciya shıǵarıp taslamaqta. Qalǵan 31%i bolsa basqa ellerdiń esabına tuwrı keledi.

**12-statya. Insannıń jasaw ushın qolaylı qorshaǵan tábiyiy ortalıqqa iye bolıw huqıqı hám bul ortalıqtı saqlap qalıw boyınsha wazıypası**

Ózbekstan Respublikası xalqı óz salamatlıǵı hám keleshek áwladtıń salamatlıǵı ushın qolaylı tábiyiy ortalıqta jasaw, óz salamatlıǵın qorshaǵan ortalıqtıń zıyanlı tásirinen qorǵaw huqıqına iye.

Mine usı maqsette Ózbekstan Respublikası xalqı tábiyattı qorǵaw boyınsha jámáátlik shólkemlerge birlesiw, qorshaǵan tábiyiy ortalıqtıń jaǵdayı hám de onı qorǵaw boyınsha kórilip atırǵan is-ilajlarǵa tiyisli maǵlıwmatlardı talap etiw hám alıw huqıqına iye.

Ózbekstan Respublikası xalqı tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıwı, tábiyat baylıqlarına abaylılıq penen qatnasta bolıwı, ekologiya talaplarına ámel etiwi shárt.

**Ózbekstan Respublikasınıń «Tábiyattı qorǵaw haqqında»ǵı Nızamı**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tırıw hám tábiyiy resurslardı qayta islep shıǵarıw ilajların kórmegenlikte;

- tábiyattı qorǵaw ústinen mámleketlik qadaǵalawdı ámelge asırıp atırǵan mekemelerdiń kórsetpelerin orınlamaǵanlıqta;
- tábiyattı qorǵaw obyektleri, qorǵalatuǵın tábiyiy aymaqlardıń huqıqıy rejimin buzǵanlıqta;
- qorshaǵan tábiyiy ortalıqqa zıyanlı tásirdi esapqa alıw tártip-qaǵıydaların buzǵanlıqta;
- shıǵındılardı, ximiyalastırıw quralların, sonday-aq radioaktiv hám zıyanlı ximiyalıq zatlardı saqlaw, tasıw, olardan paydalanıw, olardı zıyansızlandırıw hám kómip taslaw waqtında tábiyattı qorǵaw talapların buzǵanlıqta;
- tábiyiy ortalıqtı qorǵaw tarawındaǵı mámleketlik qadaǵalawdı ámelge asırıwshı lawazımlı shaxslardıń obyektlerge barıwına, ayırım shaxslar hám tábiyattı qorǵaw jámiyetlik shólkemlerine óz huqıq hám wazıypaların jarıqqa shıǵarıwına tosqınlıq etkenlikte;
- qorshaǵan tábiyiy ortalıqtıń jaǵdayı hám onıń resurslarınan paydalanıw haqqında óz waqtında hám durıs informaciya beriwden bas tartqanlıqta ayıpker bolǵan shaxslar Ózbekstan Respublikasınıń nızamlarına muwapıq intizamlı, hákimshilik, jınayıy hám basqa túrdegi juwapkershilikke tartıladı.













*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE









## Soraw hám tapsırmalar

1. Ilim-texnikanıń tásirinde qorshaǵan ortalıqtıń ózgeriwi procesiniń mazmunın túsindiriń.
2. Ekologiyalıq krizis degende neni túsinesiz?

Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 193-196-statyaların oqıń hám jınayat subyektlerin anıqlań. Jınayattıń subyektiv tárepine baha beriń.

Er jetpegen shaxslardıń juwapkershilik sheńberin anıqlań.

*1. A.,K. hám B. isimli shaxslar (hámmesi 16 jasta) toǵayǵa dem alıwǵa shıǵadı. Olar ot jaqtı hám oǵan kóplep jańa kesilgen terek shaqaların tasladı. Tez arada órtti basqarıp bolmay qaldı hám samal tásirinde ol toǵay shetine tez tarqala basladı. Bunıń nátiyjesinde tábiyatqa kóp muǵdarda zıyan jetkerildi.*

*2. Er jetpegen N. isimli shaxs óndiris kárxanasınan shıǵarılǵan shıǵındılardı belgilengen orınǵa tókpesten, jaqın jerdegi suw basseynine tógip jiberiwi nátiyjesinde awılda juqpalı kesellik epidemiyasınıń tarqalıwına sebep boldı, sonday-aq sharwa mallarınıń da keselleniwine alıp keldi.*

*3. Gúzgi dem alıs kúnlerinde G. ata-anası, úkeleri menen dala háwlige dem alıwǵa bardı. Kesh gúz bolǵanlıqtan hámme jedi terek japıraqları qaplaǵan. G. úkeleri menen japıraqlardı dalanıń bir shetine jıynadı da, jaǵıp jiberdi. Bul jaǵdaydı kórgen ákesi dárhal kelip, ottı óshirdi hám ulına eskertpe berdi. Tereńirek oy qazıwdı hám japıraqlardı mine usı oyǵa kómip jiberiwdi buyırdı. Eger japıraqlar jaǵıp jiberilse, qanday huqıqıy aqıbet kelip shıǵıwı múmkin edi?*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# V bólim. PROCESSUAL HUQÍQÍ

## 25-26-§ Jınayat-processual nızam hújjetleri

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**



- Ózbekstan Respublikası Konstituciyası processual huqıqtıń tiykarǵı deregi.
- Xalıq aralıq huqıqtıń ulıwma moyınlanǵan principleriniń processual nızamshılıqta moyınlanıwı. Ayıpsızlıq prezumpciyası.
- Jınayat-processual nızam hújjetleriniń wazıypaları.
- Ózbekstan Respublikasınıń Puqaralıq processual hám Jınayat processual kodeksleri.



Ózbekstan Respublikasında demokratiya ulıwma insaniylıq principlerine tiykarlanadı, olarǵa muwapıq insan, onıń ómiri, erkinligi, ar-namısı, qádir-qımbatı hám basqa da ajıralmas huqıqları eń joqarı qádiriyat bolıp tabıladı.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 13-statyasınan**

### Ózbekstan Respublikası Konstituciyası processual huqıqtıń tiykarǵı deregi

Jınayat-processual huqıq sudta islerdiń júrgiziliwi, sonday-aq, sorastırıw hám dáslepki tergew procesinde qatnasıwshılar hám basqa mápdar shaxslardıń huqıqların názerde tutadı. Processual huqıq Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasında belgilengen jeke huqıq hám erkinliklerdi zárúrliksiz hám tiykarsız sheklenbewine xızmet etedi.

Processual huqıqlar demokratiyalıq xarakterde bolıp, dawlardı hám kelispewshiliklerdi, huqıqbuzarlıq, sonıń ishinde jınayatlıq islerdiń tez hám



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

durıs tekseriliwi, tiykarlı, nızamlı hám aqılǵa uǵras sheshiliwine kepillik beredi.

Processual huqıq yuridikalıq shaxslardıń máplerin qorǵawǵa da xızmet etedi. Jınayatlıq iste gúmandar shaxs hám ayıplanıwshınıń tiyisli eń áhmiyetli processual huqıqı qorǵanıw hám qorǵawshınıń járdeminen paydalanıwdan ibarat.

Jınayat islegenlikte ayıplanıp atırǵan hárbir shaxstıń isi sudta nızamlı tártipte, ashıq túrde kórip shıǵılıp, onıń ayıbı anıqlanbaǵansha ol ayıpker bolıp esaplanbaydı. Sudta ayıplanıp atırǵan shaxsqa ózin qorǵaw ushın barlıq sharayatlar támiyinlep beriledi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 26-statya**

## Ulıwma qabıl etilgen xalıq aralıq huqıq principleriniń processual nızamshılıqta moyınlanıwı

Insanlardıń siyasiy huqıq hám erkinliklerin támiyinlewshi áhmiyetli xalıq aralıq huqıqıy hújjet 1966-jılı 16-dekabrde BMSh tárepinen qabıl etilgen «Puqaralıq hám siyasiy huqıqlar haqqındaǵı» xalıq aralıq Pakt bolıp esaplanadı. Bul pakt 5 bólim, 53 statyanı óz ishine aladı.

Puqaralıq hám siyasiy huqıqlar haqqındaǵı xalıq aralıq Pakt birinshi náwbette barlıq puqaralardıń siyasiy huqıqların, mámleket hám jámiyetlik jumıslardı basqarıwda qatnasın támiyinlep beredi.

Bul pakttıń 14-statyası úshinshi bólimi hám de Insan huqıqları hám tiykarǵı erkinlikle-

### Xalıq aralıq huqıq

Barlıq adamlar nızam aldında teń hám heshbir tosqınlıqsız nızam menen teń qorǵalıw huqıqına iye. Barlıq adamlar usı Dekloraciyaǵa qayshı bolǵan hárqanday kemsitiwden hám sonday kemsitiwge shaqıratuǵın hárqanday gij-gijlewden teń qorǵalıw huqıqına iye.

**Insan huqıqları pútkil dúnya dekloraciyasınıń 7-statyasınan**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

rin qorǵaw haqqındaǵı Evropa konvenciyasınıń 6-statyası úshishi bólimine muwapıq jınayat islewde ayıplanıp atırǵan shaxstıń sud isi tiykarsız keshiktiriwine jol qoyılmaydı. Ayıplanıwshınıń bul huqıqı ádilliktiń tiykarǵı kepilliklerinen birin ózinde sáwlelendiredi. Sud tárepinen jınayatlıq istiń qosımsha tergew ótkeriw ushın qaytarılıwı bolsa, usı kepillikke qayshı bolıp tabıladı.

## Ayıpsızlıq prezumpciyası

Ayıpsızlıq prezumpciyasına muwapıq ayıpkerdiń jınayat nızamlı tártipe dálillenbegenshe ol ayıpsız dep esaplanadı. Gúmandar, ayıplanıwshı yamasa sudlanıwshı onıń jınayatta ayıpkerligi nızamda názerde tutılǵan tártipte dálillengenge shekem hám sudtıń húkimi menen nızamlı kúshke kirgenge shekem ayıpsız bolıp esaplanadı. Ol óziniń ayıpsızlıǵın dálillewi shárt emes. Ayıpkerlikke tiyisli barlıq gúmanlar, eger olardı saplastırıw imkaniyatı bolmasa, gúmandar, ayıplanıwshı yamasa sudlanıwshınıń paydasına sheshiliwi tiyis. Nızam qollanılıp atırǵanda kelip

**23-statya. Ayıpsızlıq prezumpciyası**
Gúman etiliwshi, ayıplanıwshı yaki sudlanıwshı onıń jınayat islewde ayıpkerligi nızamda názerde tutılǵan tártipte dálillegenge hám nızamlı kúshke kirgen sud húkimi menen anıqlanǵanǵa shekem ayıpsız esaplanadı.
**Ózbekstan Respublikası Jınayat processual kodeksinen**

**Xalıq aralıq huqıq**

1. Jınayat islegenlikte ayıplanǵan adam qorǵaw ushın barlıq imkaniyatlar támiyinlengen halda, ashıq sud májilisi jolı menen onıń ayıbı nızamlı tártipte anıqlanbaǵanǵa shekem ayıpsız dep esaplanıwǵa haqılı.

2. Heshkim, islengen waqıtta milliy nızamlar yamasa xalıq aralıq huqıqlarǵa muwapıq jınayat dep tabılmaǵan is-háreketi yamasa iskerliksizligi ushın jazaǵa húkim etiliwi múmkin emes. Sonday-aq, jınayat islengen waqıtta qollanılıwı múmkin bolǵan jazaǵa qarata awırlaw jaza beriliwi múmkin emes.

**Insan huqıqları pútkil dúnya dekloraciyasınıń 11-statyasınan**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Hárbir shaxsqa óziniń huqıq hám erkinliklerin sud arqalı qorǵaw, mámleketlik uyımlardıń, lawazımlı shaxslardıń, jámiyetlik birlespelerdiń nızamsız is-háreketleri ústinen sudqa shaǵım etiw huqıqı kepillenedi

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 44-statya**

shıǵatuǵın gúmanlar da onıń, ayıplanıwshınıń, sudlanıwshınıń paydasına sheshiledi.

## Jınayat-processual nızam hújjetleriniń wazıypası

Jınayat-processual nızam hújjetleriniń wazıypaları jınayatlardı tez hám tolıq ashıwdan, jınayat islegen hárbir shaxsqa ádil jaza beriliwi hám de ayıbı bolmaǵan heshbir shaxs juwapkershilikke tartılmaslıǵı hám húkim etilmesligi ushın ayıpkerlerdi anıqlawdan hám de nızamnıń durıs qollanılıwın támiyinlewden ibarat.

Jınayatlıq islerdi júrgiziwdiń jınayat-processual nızamlarda belgilengen tártibi nızamlılıqtı bekkemlewge, jınayatlardıń aldın alıwǵa, shaxs, mámleket hám jámiyet máplerin qorǵawǵa járdem beriwi tiyis.

Jınayat procesi — process qatnasıwshılarınıń anıq bir jınayat processual iskerligi hám de usı iskerlikke tiyisli bolǵan huqıqıy qatnasıqlar sistemasın quraydı.

Jınayat procesiniń wazıypaları — jınayatlardı ashıw, ayıpkerlerdi ádil jazalaw, sonday-aq basqa jınayatlardıń aldın alıw, puqaralardı nızamlılıqqa ámel etiw ruwxında tárbiyalawdan ibarat.

Jınayat procesiniń ajıralmas qásiyetin onıń huqıqıy tábiyatı — bul iskerlik hám tiyisli jámiyetlik qatnasıqlardıń nızamlı jaqtan qatań tártipke salıwı quraydı.

Jınayat processual nızamı málim bir processual háreketlerdi rásmiylestiretuǵın tiyisli hújjetler: sorastırıw hám dáslepki tergew basqıshında — qararlar hám bayanlamalar, sud talqılawı basqıshında — ayırılısıwlar, húkimler hám basqalardı názerde tutadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Soraw hám tapsırmalar

*Mashinasında emlewxana esigine shekem kelgen Sh. isimli shaxs arqa orınlıqta otırǵan, basınan qan aǵıp turǵan, kiyimleri shań, ayaq-qolı tilingen, ózi kishkene 10 jaslardaǵı bir qızdı kóterip aldı da, juwırǵanınsha qabıllawxanaǵa asıqtı. Jası qırıqtan asqan orta boylı shıpakerdiń: «Ne boldı?» — dep bergen sorawına: «Bilmeymen, kósheden usı awhalda taptım», — dep juwap berdi. Shıpaker qızdı kózden ótkerip, hamshiraǵa tezlik penen rentgen xanasına alıp barıwdı buyırdı.*

*Ózi bolsa Sh. isimli shaxstan bolǵan waqıyanı sorap, náwbetshilik dápterine jazar eken: «Hámmeńiz sonday deysiz. Qılǵılıqtı qılıp qoyıp juwabın da beriw kerek-dá, inim! — dep qoydı. — Biz ishki isler organlarına xabar beremiz. Mine bul jerge imza qoyıń. Mashinańız hám telefonıńızdıń nomerin jazıwdı umıtpań. Hesh jerge ketip qalmań, men qızdan xabar alaman».*

*Shıpaker qızdıń aldınan qaytqanda Sh. isimli shaxs álleqashan ketip úlgergen edi. «Bul bolsa barıp turǵan jınayatshı eken-ǵo, qashıp ketti», — degen pikir ótti shıpakerdiń kewlinen. Sol waqıtta esikten ishki isler xızmetkerleri kirip keldi. Olar bir adam waqıya hám qızdı bul jerge alıp kelgenligi haqqında xabar bergenin aytıstı. Waqıya ornındaǵı video jazıwdan anıqlanıwınsha «Lasetti» markalı aq mashina urıp, waqıya ornınan jasırınǵan. Artınan kiyatırǵan «Matiz» avtomashinası aydawshısı bolsa qızdı emlewxanaǵa alıp kelgen. Ishki isler xızmetkerleri aq «Lasetti» iyesin tapqanın da aytıp ótti. Shıpaker biygúna jigitti tiykarsız ayıplaǵanı ushın tilin tislep qaldı.*

1. Waqıya qatnasıwshılarına óz múnásibetińizdi bildiriń.
2. Sh. isimli shaxstı jınayatshı dewge bolama?
3. Aq reńli «Lasetti» aydawshısın-she?
4. Shıpaker durıs is tutqanba?
5. Bul jerde ayıpsızlıq prezumpciyası buzılǵanba? Pikirińizdi dálilleń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 27-§ Jınayat procesi qatnasıwshıları



Jınayat procesi tómendegiler menen sıpatlanatuǵın birneshe basqıshlardan ibarat:
a) jınayat procesiniń ulıwma wazıypalarınan kelip shıǵatuǵın óziniń ayrıqsha wazıypaları menen;
b) qatnasıwshılardıń ayrıqsha quramı menen;
d) bul qatnasıwshılardıń ózine tán háreketleri hám huqıqıy qatnasıqları menen;
e) bul iskerlikke juwmaq jasaytuǵın ózine tán hújjetler menen.

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**



- Jınayat procesi qatnasıwshıları.
- Proceste qatnasıwshı basqa shaxslar.

Jınayat procesinde sorastırıwshı, tergewshi, sudya, sud májilisi xatkeri, prokuror qatnasadı. Jınayat isin júrgiziwde jámáátshilik hám olardıń wákilleri de qatnasıwı múmkin.

Sonday-aq, jınayat procesinde óz máplerin qorǵaytuǵın shaxslar, qorǵawshılar hám wákiller qatnasadı. Bularǵa ayıplanıwshı, gúman etiliwshi, qorǵawshı, jábirleniwshi, puqaralıq dawager, jábirleniwshiniń nızamlı wákilleri, jábirleniwshiniń, puqaralıq dawagerdiń hám puqaralıq juwapkerdiń wákilleri kiredi.

Jınayat procesinde qatnasıwshı basqa shaxslar sıpatında gúwa, gúwanıń advokatı, ekspert, qánige, awdarmashı, biytáreplerdi alıwımız múmkin.

Ózbekstan Respublikası Jınayat-processual kodeksinde jınayat procesinde qatnasıwshılardıń huqıq hám minnetlemeleri ayrıqsha berilgen.

Tómendegi jaǵdaylarda sudya, sonday-aq xalıq másláhátshisi, prokuror, tergewshi, sorastırıwshı, tergewge shekem tekseriwdi ámelge asırıwshı organınıń lawazımlı shaxsı, sud májilisiniń xatkeri jınayat isin júrgiziwde qatnasıwǵa haqılı emes hám onnan bas tartıw kerek, eger:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1) ol usı is boyınsha jábirleniwshi, puqaralıq dawager, puqaralıq juwapker, ekspert, qánige, awdarmashı, biytárep, gúwa, qorǵawshı sıpatında, gúman etiliwshi, ayıplanıwshı, sudlanıwshınıń nızamlı wákili yamasa jábirleniwshi, puqaralıq dawager, puqaralıq juwapkerdiń wákili sıpatında qatnasıp atırǵan yamasa burın qatnasqan bolsa;

2) ol usı isti júrgiziw ushın juwapker bolǵan qandayda bir lawazımlı shaxstıń yamasa Jınayat processual kodekstiń 76-statyası birinshi bóliminiń 1-bántinde kórsetilgen ózge shaxslardıń aǵayini bolsa;

3) onıń qalıs ekenligine hám biyǵárezligine gúman tuwdıratuǵın basqa jaǵdaylar bar bolsa.

Sudya burın usı isti júrgiziwde tergewge shekem tekseriwdi ámelge asırıwshı organnıń lawazımlı shaxsı, sorastırıwshı, tergewshi, prokuror, sud májilisiniń xatkeri sıpatında qatnasqan bolsa, sol isti aldaǵı waqıtta kóriwde qatnasa almaydı. Birinshi instansiya, apellyaciya yamasa kossaciya instansiyası aldında yaki qadaǵalaw tártibinde isti kóriwde qatnasqan sudya onıń qatnasında shıǵarılǵan húkim, qarar biykar etilgennen keyin sol isti kóriwde qatnasa almaydı.

Oylap kóriń, jınayat procesiniń basqıshları bir-birinen keyin qatań izbe-izlik penen ámelge asırılsa, qanday aqıbetlerge alıp keliwi múmkin?

Eger tergewge shekem tekseriwdi ámelge asırıwshı organnıń lawazımlı shaxsı Ózbekstan Respublikası Jınayat-processual kodeksiniń 76,79-statyalarında kórsetilgen jaǵdaylar barlıǵı sebepli ózin-ózi biykar etpese, onı biykar etiw máselesi mápdar shaxslardıń arzaları boyınsha tergewge shekem tekseriwdi ámelge asırıwshı organ baslıǵı yamasa prokuror tárepinen sheshiledi. Biykar etiwdi qanaatlandırıw yamasa qanaatlandırmaw haqqındaǵı qarar shıǵarıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Uyalıw hám tartınshaqlıq qayǵı hám jamanlıq sebepli tınıshlıqtıń buzılıwı. Bunnan insan óziniń ótmishi, házirgi waqtı hám keleshektegi abırayı qanday bolıwınaqaramastan,ózin ózi ayıplaydı.

**Abu Ali ibn Sino**

Jınayat isin birinshi instansiya sudında kóriwde qatnasqan sudya usı jınayat isin apelyaciya yamasa kassaciya instansiyasında yaki qadaǵalaw tártibinde kóriwde qatnasa almaydı.

Jınayat isin apellyaciya instansiyası aldında kóriwde qatnasqan sudya usı jınayat isin birinshi instansiya yamasa kassaciya instansiyası sudında yaki qadaǵalaw tártibinde kóriwde qatnasa almaydı. Jınayat isin kassaciya instansiyası sudında kóriwde qatnasqan sudya usı jınayat isin birinshi instansiya yamasa apellyaciya instansiyası sudında yaki qadaǵalaw tártibinde kóriwde qatnasa almaydı.

Jınayat isin qadaǵalaw tártibinde kóriwde qatnasqan sudya usı jınayat isin birinshi instansiya, apellyaciya yaki kassaciya instansiyası sudında kóriwde qatnasa almaydı.

Sorastırıwshınıń, tergewshiniń, sonday-aq sud májilisi xatkeriniń óz processual minnetlemesin orınlawı, eger, usı is qosımsha tergew júrgiziw yamasa sudta jańadan kóriw ushın jiberilgen bolsa, olar tárepinen tiyislisinshe sorastırıw, dáslepki tergew júrgiziwge, sonday-aq, sud májilisi bayanlamasın dúziwge tosqınlıq etpeydi.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Soraw hám tapsırmalar

*1. Operativ maǵlıwmattı úyreniw maqsetinde Ándijan, wálayatınıń Balıqshı rayonında jasawshı, 1979-jılı tuwılǵan M.A.nıń jasaw ornı tekserilgende qurılısı pitpegen úyinen qaǵazǵa oralǵan, awırlıǵı 326,5g. bolǵan náshebentlik zat tabılıp, dálil retinde alındı.*

*2. 2018-jıldıń 16-fevral kúni Jınayat isleri boyınsha Tashkent wálayatı sudında A.T.hám de onıń jınayıy sherikleri sıpatında gúman etilip atırǵanlar ústinen náwbettegi sud májilisi bolıp ótti.*

*Sud májilisinde jınayıy is boyınsha sudlanıwshılar ózleriniń sońǵı sózlerin ayttı. Olar Jınayat kodeksiniń 177-statyası 3-bóliminiń «a» hám «b» bándi, 188-statyası, 189-statyası, 190-statyası 2-bóliminiń «a» hám «v» bándlerinde názerde tutılǵan jınayatlardı islegenlikte ayıplanǵan.*

1. Bul jınayatlar jınayat procesiniń qaysı basqıshında bolıp esaplanadı.
2. Olar qaysı basqıshlardan ótip bolǵan?
3. Jınayat procesinde qaysı shaxslar qatnasqan dep oylaysız? Pikirińizdi Ózbekstan Respublikası Jınayat processual kodeksiniń statyaları tiykarında dálilleń.
4. Usı jınayat procesinde óz máplerin qorǵaytuǵın shaxslardı ayırıp kórsetiń.
5. Qanday jaǵdaylarda sudya, sonday-aq xalıq másláhátshisi, prokuror, tergewshi, sorastırıwshı tergewge shekem tekseriwdi ámelge asırıwshı, organnıń lawazımlı shaxsı, sud májilisiniń xatkeri jınayat isin júrgiziwde qatnasıwǵa haqılı emes hám onı biykar etiwi tiyis?
6. Jınayat isin birinshi instansiya sudında kóriwde qatnasqan sudya usı másele boyınsha qaysı instansiya sudlarında qatnasa almaydı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 28-§ Jınayat processual nızamshılıqta anıqlanıwı tiyis bolǵan jaǵdaylar

**Dálillew** isti nızamlı, tiykarlanǵan hám ádil sheshiw ushın áhmiyetke iye bolǵan jaǵdaylar haqqındaǵı haqıyqattı anıqlaw maqsetinde dálillerdi tólew, tekseriw hám bahalawdan ibarat.

Maǵlıwmatlar hám zatlar tergew bayanlaması yamasa sud májilisi bayanlamasında jazılǵannan keyin ǵana olardan dálil sıpatında paydalanıw múmkin.

**Búgin sabaqta tómendegiler menen tanısasız:**

- Dáliller hám dálilleniwi lazım bolǵan jaǵdaylar. Dáliller hám olardıń túrleri.
- Dálillewdiń ulıwma shártleri.
- Sorawǵa tutıw hám onıń túrleri.
- Er jetpegen shaxstı sorawǵa tutıw tártibi, ayıptı járiyalaw shártleri.

## Dálillew hám dálilleniwi tiyis bolǵan jaǵdaylar

Jámiyetlik qáwipli qılmıstıń júz bergen-bermegenligin, usı qılmıstı islegen shaxstıń ayıplı-ayıpsızlıǵın hám isti durıs sheshiw ushın áhmiyetke iye basqa jaǵdaylardı sorastırıwshınıń, tergewshiniń hám sudtıń nızamda belgilengen tártipte anıqlawına tiykar bolatuǵın hám qanday haqıqıy maǵlıwmatlar jınayat isi boyınsha dálil bolıp esaplanadı. Bul maǵlıwmatlar gúwa, jábirleniwshi, gúman etiliwshi, ayıplanıwshı, sudlanıwshınıń kórsetpeleri, eksperttiń juwmaǵı, ayǵaqlı zat dáliller, dawıslı jazıwlar, videojazıwlar, kino kórinis hám foto súwretlerden ibarat materiallar, tergew hám sud háreketleriniń bayanlamaları hám basqa hújjetler menen anıqlanadı.

Nızamda belgilengen talaplarǵa ámel etilgen halda ótkerilgen operativ-qıdırıw ilajlarınıń nátiyjeleri Jınayat processual kodeks normalarına muwapıq tekserilgennen hám bahalanǵannan keyin jınayat isi boyınsha dáliller dep kórsetiliwi múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

...Processual nızamshılıqtı qatań buzǵan halda yamasa nızamsız jollar menen, sonıń ishinde:

jınayat procesi qatnasıwshıları yamasa olardıń jaqın tuwısqanlarına qarata jat yaki ar-namısın kemsitiwshi qatnas túrlerin qollaǵan halda;

gúman etiliwshi, ayıplanıwshı yamasa sudlanıwshınıń qorǵawǵa bolǵan huqıqın, sonday-aq awdarmashı xızmetinen paydalanıw huqıqın buzǵan halda;

jınayat procesinde qatnasıp atırǵan shaxsqa huqıq hám minnetlemelerin túsindirmew aqıbetinde onı shalǵıtqan halda, usı jınayat isi boyınsha is júrgiziwdi ámelge asırıw huqıqına iye bolmaǵan shaxs tárepinen processual háreketlerdi ótkeriw aqıbetinde,

belgisiz derekten yaki jınayat isi boyınsha is júrgiziw procesinde anıqlaw múmkin bolmaǵan derekten, dáslepki tergew procesinde jábirleniwshi, gúwa, gúman etiliwshi, ayıplanıwshı, sudlanıwshınıń sudta bar bolǵan dáliller jıyındısı menen óz tastıyıǵın tappaǵan kórsetpelerden;

bar bolǵan dáliller menen tastıyıqlanǵan jaǵdaylardan tısqarı, jábirleniwshi, gúwa, gúman etiliwshi, ayıplanıwshı, sudlanıwshınıń shamalı, oy-qıyalı yamasa mısh-mıshlarǵa tiykarlanǵan kúshke iye bolmaǵan maǵlıwmatlardan jınayat isleri boyınsha dálil sıpatında paydalanıwǵa jol qoyılmasın.

**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 30-noyabrdegi «Sud-tergew jumısında puqaralardıń huqıq hám erkinlikleri kepilliklerin kúsheytiw boyınsha qosımsha is-ilajlar haqqında»ǵı**

**PF-5268-sanlı Pármanınan**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Dálillewde tómendegiler qadaǵan etiledi:

1) shaxslardıń ómiri hám densawlıǵı ushın qáwipli bolǵan yamasa olardıń ar-namısı hám qádir-qımbatın kemsitiwshi is-háreketlerdi islew;

2) zorlıq, qorqıtıw, aldaw hám nızamǵa qarsı basqa jollar menen kórsetiw, túsindiriw, juwmaqlar alıwǵa, eksperiment háreketlerdi orınlawǵa, hújjetler yamasa buyımlardıń tayarlanıwına hám beriliwine erisiw;

3) túngi waqıtta, yaǵnıy túngi saat 22-00 den azanǵı 6-00 ge shekem tergew háreketlerin alıp barıw. Tayarlanıp atırǵan yamasa islenip atırǵan jınayattıń aldın alıw, jınayat iziniń joq bolıwına yamasa gúman etiliwshiniń qashıp ketiwine jol qoymaw, eksperiment procesinde tekserilip atırǵan hádiyseniń jaǵdayın qayta tiklew zárúrligi bolǵan jaǵdaylar buǵan kirmeydi. Tergew yamasa sud háreketleri procesinde alıp qoyılatuǵın zatlar hám hújjetler tiyisli bayanlamalarda anıq kórsetiledi. Sonıń menen birge zat yamasa hújjet iyesine bayanlama nusqası yaki onıń kóshirmesi tapsırılıp, tilxat alınadı. Iske baylanısı bolmaǵan zatlar hám hújjetler nızamlı iyesine dárhal qaytarıladı.

Puqaralardıń saqlawı qadaǵan etilgen zatlar hám hújjetler joq etiledi yamasa olardı saqlawǵa wákilligi bolǵan hám olardı basqaratuǵın mekemeler yaki shólkemlerge beriledi.

Sorawǵa tutıwdıń ulıwma dawam etiw waqtı bir kúnde segiz saattan aspawı tiyis. Dem alıw hám awqatlanıw ushın beriletuǵın bir saat tánepis bul esapqa kirmeydi.

## Sorawǵa tutıw

Sorastırıwshı yamasa tergewshi gúwanı, jábirleniwshini, gúman etiliwshini hám ayıplanıwshını sorastırıw, dáslepki tergew ótkeriletuǵın jerde yamasa sorawǵa tutılıwshı qay jerde bolsa, sol jerde, sud bolsa sud talqılawı júrgizilip atırǵan jerde tergew boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sorastırıwshı, tergewshi hám sud sorawǵa tutıw aldınan sorawǵa tutılıwshılardan onıń familiyası, atı hám ákesiniń atın, tuwılǵan waqtı (jılı, ayı, kúni) hám tuwılǵan jerin, jasaw ornı hám jumıs ornın, lawazımı, ne menen shuǵıllanıwı, maǵlıwmatı, shańaraq jaǵdayı, sudlanǵanlıǵı yamasa sudlanbaǵanlıǵın anıqlawı hám de bul maǵlıwmatlardı jınayat isindegi yamasa sorawǵa tutılıwınıń jeke hújjetlerindegi maǵlıwmatlar menen salıstırıp kóriwi yaki sorawǵa tutılıwshı ózin kim dep tanıstırǵan bolsa, tap sol shaxs ekenligine basqa jollar menen isenim payda etiwi lazım.

Sorawǵa tutılıwshı is júrgizilip atırǵan tildi bileme, ol qaysı tilde kórsetpe bere alıwı múmkinligin de anıqlastırıwı tiyis. Sorawǵa tutılıwshınıń shaxsı anıqlanǵannan keyin oǵan jınayat-processual kodeksinde názerde tutılǵan huqıq hám minnetlemeleri túsindiriledi. Bul huqıq hám minnetlemeler túsindirilgenligi soraw bayanlaması yamasa sud májilisi bayanlamasında jazıladı.

Sorawǵa tutılıwshınıń kórsetpeleri sanlar yamasa este saqlanıwı qıyın basqa maǵlıwmatlarǵa tiyisli bolsa, ol soraw procesinde ózindegi yamasa iske qosıp qoyılǵan hújjetlerden yaki basqa jazıwlardan paydalanıw múmkin.

Sorawǵa tutılıwshıǵa sorawǵa tutıw procesinde ózindegi hújjetler hám basqa jazıwlardı oqıp esittiriwge ruqsat etiliwi múmkin.

Sorastırıwshı tergewshi hám sud sorawǵa tutılıwshıdan sorawǵa tutıw procesinde ol paydalanıp atırǵan hújjetler hám basqa jazıwlardı talap etiwi, olardı keyin qaytarıp beriwi yamasa iske qosıp qoyıwı múmkin.

16 jasqa shekem bolǵan **gúwa yamasa jábirleniwshini sorawǵa** tutıw nızamlı wákili yamasa



Er jetpegen gúman etiliwshini, ayıplanıwshını sorawǵa tutıwǵa ketken ulıwma waqıt kún dawamında dem alıw hám awqatlanıw ushın bir saatlıq tánepisti esapqa almaǵanda altı saattan aspawı kerek.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

úlken jastağı jaqın ağayini, pedagog yamasa jábirleniwshiniń wákili qatnasında olardıń razılığı menen ótkeriledi. Kórsetilgen shaxslar sorawğa tutılıwshınıń ruqsatı menen gúwa yamasa jábirleniwshige sorawlar beriwi múmkin.

Er jetpegen **gúman etiliwshi hám ayıplanıwshı qorǵawshınıń** qatnasında sorawğa tutıladı.

Sorawğa tutıw waqtında sorastırıwshınıń, tergewshiniń ruqsatı menen er jetpegenniń nızamlı wákili qatnasıwı múmkin.

Qorǵawshı hám nızamlı wákil gúman etiliwshige hám ayıplanıwshıǵa sorawlar beriwge haqılı. Sorastırıw aqırında qorǵawshı hám nızamlı wákil bayanlama menen tanısıw hám ol haqqında óz pikirlerin bildiriwge haqılı boladı.

## Soraw hám tapsırmalar

1. Dáliller ne ushın kerek? Dálillewdiń ulıwma shártlerin túsindirip beriń.
2. Er jetpegenlerdiń isleri boyınsha dálilleniwi tiyis bolǵan jaǵdaylardı túsindirip beriń?
3. Er jetpegen gúman etiliwshini sorawǵa tutıw shártleri neden ibarat?
4. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń joqarıdaǵı Pármanı qanday qatnasıqlardı tártipke salıwǵa xızmet etedi?

*Z. isimli 14 jasar shaxs pirotexnika buyımların mámleket shegarasınan nızamsız jollar menen qońsı mámleketten alıp kiriw waqtında qolǵa tústi.*

*Er jetpegen Z. isimli shaxs Qazaqstan hám Ózbekstan arasındaǵı Qaplanbek postınan narkotik zatların alıp ótiwde qatnasıp atırǵanda bajıxana xızmetkerleri tárepinen qolǵa alındı.*

**Bul másele qatnasıwshılarınıń ayıbın dálillew ushın qanday háreketler islenedi?**

Waqıttı «átteń», «qáne endi», «egerde» ler menen ótkergen kisiniń ómiri eń qısqa ómir eken.

**Kubra**

Insan oylap tapqan buzıwshı qurallar arasında sóz eń qáwiplisi hám kúshli qural bolıp qalmaqta.

**Paulo Koelo**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# Mazmunı

Kirisiw ........................................................... 3
1-§ Ózbekstan Respublikası Konstituciyası mámlekettiń huqıqıy negizi ........................... 4

I bólim. SHAŃARAQ HUQÍQÍ

2-§ Shańaraq jámiyettiń tiykarǵı buwını.............. 8
3-§ Neke dúziw tártibi hám shártleri.................14
4-§ Erli-zayıptıń jeke huqıq hám minnetlemeleri............................................19
5-§ Erli-zayıptıń múlklik huqıq hám minnetlemeleri........................................... 23
6-§ Er hám hayal mal-múlkiniń shártnamalı tártibi.................................................... 27

II bólim. JÍNAYAT HUQÍQÍ

7-§ Jınayat huqıqınıń maqseti, wazıypası hám principleri ................................................. 34
8-§ Jınayat belgileri.........................................39
9-§ Jınayıy juwapkershilik hám jaza sisteması ... 44
10-11-§ Puqaralardıń Konstituciya hám nızamlarda bekkemlep qoyılǵan huqıq hám erkinliklerine qarsı jınayatlar................51
12-§ Shańaraqqa, jaslarǵa hám ádep-ikramlılıqqa qarsı jınayatlar..........................62
13-§ Tınıshlıq hám qáwipsizlikke qarsı jınayatlar................................................... 68



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

14-§ Ekonomika tarawındaǵı jınayatlar..............74
15-§ Basqarıw tártibine qarsı jınayatlar.............81
16-§ Jámáát qáwipsizligine qarsı jınayatlar....... 86
17-§ Informaciyalıq texnologiyalar tarawındaǵı jınayatlar.................................................... 89

## III bólim. FINANS HUQÍQÍ

18-§ Ózbekstanda finans-kredit sisteması ......... 95
19-§ Finanslıq-huqıqıy qatnasıqlar.................... 99
20-§ Ózbekstan mámleketlik byudjeti hám byudjet huqıqı..........................................104
21-§ Mámleket dáramatların huqıqıy tártipke salıw ..................................................109
22-§ Mámleket kreditiniń huqıqıy tiykarları....115

## IV bólim. EKOLOGIYA HUQÍQÍ

23-§ Tábiyattı qorǵawdıń huqıqıy tiykarları......118
24-§ Ekologiyalıq huqıqbuzarlıq ushın juwapkershilik..........................................122

## V bólim. PROCESSUAL HUQÍQ

25-26-§ Jınayat-processual nızam hújjetleri .....127
27-§ Jınayat procesi qatnasıwshıları.................132
28-§ Jınayat processual nızamshılıqta anıqlanıwı tiyis bolǵan jaǵdaylar.................136



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*O‘quv nashri*

**Nargiza Kamaritdinovna ISMATOVA,**
**Omina Abduraxmanovna KARIMOVA**

# «DAVLAT VA HUQUQ ASOSLARI»

*O‘rta ta’lim muassasalarining 11-sinfi*
*va o‘rta maxsus, kasb-hunar ta’limi muassasalari uchun darslik*

*(Qaraqalpaq tilinde)*

*Birinshi basılım*

Tashkent — «Yangiyo‘l Poligraf Servis» — 2018
Nashriyot licenziyasi AI № 185 10.05.2011 y.

Awdarmashı — I. Serjanov
Redaktor — R.Palwaniyazova
Texnik redaktor — M. Riksiyev, B. Turımbetov
Operator — A.Atagullaeva

Original-maketten basıwǵa ruqsat etildi 02.07.2018.
Formatı 70x90 $^{1}/_{16}$. «Times KPKP» garniturası. Ofset qaǵazı.
Ofset baspa usılda basıldı.
Kólemi 9,0 baspa tabaq 10,53 shártli b. t.
Nusqası 10452
Buyırtpa №

«Yangiyo‘l Poligraf Servis» JSHJ baspaxanasında basıp shıǵarıldı.
112001, Tashkent oblastı Yangiyul rayonı, Samarqand kóshesi, 44-úy.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetiwshi keste

| № | Oqıwshınıń atı, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı awhalı | Klass basshısı-nıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵan-daǵı awhalı | Klass basshısı-nıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı juwmaǵında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı:

| | |
|---|---|
| Taza | Sabaqlıqtıń birinshi mártebe paydalanıwǵa berilgendegi awhalı. |
| Jaqsı | Qabı pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóleginen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, túspegen, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaatlandırarlı | Qabına jazılǵan, biraz sızılıp shetleri jelingen, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóleginen ajıralıw halı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlandırarlı ońlanǵan. Túsken betleri qayta ońlanǵan, ayırım betlerine jazılǵan. |
| Qanaatlandırarsız | Qabına sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bóleginen ajıralǵan yaki joq, qanaatlandırarsız ońlanǵan. Betleri jırtılǵan, betleri jetispeydi, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı tiklep bolmaydı. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE